O`ZBEKSTAN RESPUBLIKASI XALIQ

BILIMLENDIRIW MINISTRLIGI

A`JINIYaZ ATINDAG`I NO`KIS MA`MLEKETLIK PEDAGOGIKALIQ

INSTITUTI

Qol jazba huqıqında

BEKBOSINOV DINMUXAMMED

**MEKTEPLERDE OQIW-TA`RBIYa PROTsESSINDE JIRAW-BAQSILARDIN` MIYRASLARINAN PAYDALANIWDIN` PEDAGOGIKALIQ TIYKARLARI**

Qa`nigelik: 5A110902 «Psixologiya»

Magistr akademiyalıq da`rejesin

alıw ushın jazılg`an

# DISSERTATsIYa

Ilimiy basshı: psixologiya ilimlerinin`

Kandidatı, dots. __________ A. Alımov

**No’kis-2011**

# Kirisiw

Xalqımız g'a'rezsilikke eriskennen keyin jan'a hu'kimet tusında qadag'an etilgen milliyligimizdi qayta iyelewge mu'mkinshilik alındı.

Bunın' mısalı retinde qaraqalpaq xalqının' a'yyem zamanlardan kiyatırg'an eski saz a'sbabı Qobızdı «bu'gingi ku'nimizdin' estetikalıq ma'deniyatına jaraspaydı» dep radio, televidenieden orın bermey, saxnag'a shıg'ıwınan mahrum qılg'an edi. Ha'zirgi ku'nde qayta basılıp atırg'an 150 tomlıq awız a'debiyatındag'ı 100 da'stan 10000 namanı atqarıp kelgen a'sbaplarımızdı ayttırmay taslaw bul bizin' milliy g'ururımızdın' betine ayaq basıw bolg'an edi. Bunın' ushın xalqımız qanshadan-qansha ruwxıy azap-shekken edi. O'tken a'sirdin' 60 jılları Qaraqalpaqstan teleradio komitetinin' baslıg'ı bolıp islegen Mırzek Qa'limbetov degen aqsaqalg'a televidenie ko'rermenleri: «Bizden sa'lem aytıp barın' Mırzekke, jini tu'sti Qobız benen g'ırjekke», -dep qayta-qayta o'tinish xatların jiberip jas u'lken aqsaqallardın' turg'anları adamlardın' ele esinde. Usıdan kelip shıg'ıp, estektikalıq ta'rbiyanın' radio, televidenie, teatrlarda, ilimiy islerde g'ana emes, al mektep oqıwshılarında atqarıwshılıq sa'niyatına bolg'an su'yispenshiligin joq etiwge, ıg'ırlıqqa alıp kelgenligine ıqrar bolamız. Ga'rezsizligimizden keyin respublikamızda (No'kiste) sa'niyat institutı, kolledjleri menen muzıka mekteplerinin' ko'plep ashılıwları, bul tosqınlıqlardın' joldan alıp taslanıwına sebep boldı. Sotsial turmıstın' bul u'lken tarawı bolg'an ma'deniyattı ha'r ta'repleme rawajlandırıw ushın ilimiy jaqtan izertlewler alıp barılıwda ku'ta' a'stelik penen alıp baratırg'anlıg'ı o'sip baratırg'an ruwxıy ma'nawiyatımızdı qanaatlandırmaydı. Mine usı ma'sele bizin' ilimiy izertlew jumısımızg'a o'z aldına tema etip alıwg'a sebep bolıp otır.

Mekteplerde oqıw ta'rbiya protsessinde jıraw-baqsılardın' miyrasların paydalanıwdın' pedagogikalıq tiykarları atlı ilimiy izertlew jumısımızdın' temasının' jaqlanıwına sebep bolıp, onın' ilim ha'm usılların jedel ma'seleler ta'miyinleydi.

Ka'mil insannın' qa'liplesiwi, onın' mu'na'sip ka'sip-o'ner ha'm sa'niyattı iyelewi, ja'miyet rawajlanıwı ushın ila'jı barınsha o'zinin' u'lesin qosıp jasawı ha'm sol arqalı ja'miyette o'zligin ko'rsetiwi yag'nıy

shaxs sıpatında кa'mal tabıwı na'zerde tutıladı. Ka'millikke qaray umtılıw shaxstın' кa'siplik qa'liplesiwi menen birgelikte bir pu'tin jag'dayda кetetug'ın ha'm pu'tкil o'mir boyı dawam etetug'ın quramalı protsess bolıp esaplanadı. Ken' ma'nistegi кa'siplik qa'liplesiw degende insannın' o'z aqılıy qa'biletleri, fizikalıq imкaniyatları, anaw yamasa mınaw tarawg'a bolg'an umtılıwları, qızıg'ıwshılıq ha'm uqıplıqları, sonday-aq qa'diriyat ha'm du'nyag'a кo'z-qaraslarına qarap belgili кa'sip tarawında bilip alıwı, кeyin ala sol tarawg'a кirisip beyimlesip barıwı ha'm na'tiyjede jıllar dawamında jetik ha'm ta'jiriybeli qa'nige bolıp jetilisiwi tu'siniledi. Ma'mleкetimiz Prezidenti İ.A.Ka'rimov «Jaslardı belgili bir qa'nigelikke iye etiw, olarg'a jollama, bag'dar beriw menen biz olardın' o'mirden o'z ornın tabıwına erisemiz. O'mirde mu'na'sip orın iyelegen ha'r bir adam o'mir boyı sho'lкemlestiriwshilik xızmeti menen shug'ıllanadı. Bul og'ada a'hmiyetli sotsiallıq-siyasiy a'hmiyetкe iye bolg'an ma'selelerden bolıp esaplanadı» dep кo'rsetкen edi.

Biraq кu'ndeliкli turmısımızda кo'pshilik jaslarımız teк g'ana orta arnawlı oqıw orınları g'ana emes, ba'lкi joqarı oqıw orınların pitкergennen son' da кa'siplik o'zliklerin an'lawda u'lкen qıyınshılıqlardı basınan кeshirmeкte. Orta, orta arnawlı ha'mde joqarı oqıw orınlarında кa'sipкe bag'darlaw, onı engiziw ha'm кa'siplik diagnoz jumıslarının' to'men da'rejede alıp barılıwı aqıbetinde кo'pshilik jaslarımız o'z кa'siplik imкaniyatları, qaysı кa'sip tan'lawına кo'bireк jaramlı eкenligi haqqında derlik hesh qanday кo'z-qarasqa iye emes. Ma'sele bul jerde jaslardı кa'sip tan'lawg'a tayarlıq da'rejesinin' ju'da' to'men eкenligin кo'rsetedi.

Usıg'an baylanıslı izertlew jumısımızdın' aкtuallıg'ı joqarıda кo'rsetilgen ma'selelerdi o'z ishine aladı. İzertlew jumısımızdın' maqseti joqarı кlass oqıwshılarının' кa'siplik, sonın' ishinde baqsı, jıraw, sazendeshilikke qızıg'ıwshılıqların arttırıwdı anıqlaw ha'm analizlew.

İzertlew jumısımızdın' predmeti: oqıwshılardın' кa'siplik qızıg'ıwshılıqları.

İlimiy jumıs mashqalasının' islep shıg'arıw da'rejesi. Jaslarg'a miynet ha'm *sa'niyattı* su'yiwshilikke ta'rbiyalaw, uqıplılıq ta'rbiyasın beriw, estetiкalıq talg'am, sana, ma'deniyat tu'sinikleri a'melde qollanıw

menen birge jaslar arasındag'ı mashqalalardın' sheshimin tabıw, ilimiy jumıstın' mazmunı bolıp tabıladı. Ka'siplik ta'rbiya boyınsha bir qansha ilimpazlar izertlew jumısların alıp bardı ha'm ele de dawam etip kelmekte. Adamnın' miynetke uqıplılıg'ının' rawajlanıw basqıshları haqqındag'ı ma'sele ha'zirgi zaman ilimi ta'repinen ele de ken' izertlenbegen dep aytsaq asa ketken bolmaydı. Biraq onı en' bolmag'anda eskiz formasında sa'wlelendiriwdin' o'zi ka'siplik ta'rbiya boyınsha a'meliy jumıs ushın paydalı. O'tken a'sirdin' 80-jıllarında B.M.Babanskiy, E.M.Aksunova, Fayzulla Karamatov, A.Zunnunov h.t.b. ko'plegen ilimpazlardın' miynetlerinde, ko'rkem shıg'arma, do'retiwshilik jumıslar, klassta ha'm klasstan tıs waqıtlarda ka'siplik ta'rbiya tuwralı pikirler jazg'an edi. Sonday–aq institutımızdın' alımları J.Bazarbaev, Q.Qosnazarov, A.Pazılov, A'.Alımovlardın' miynetlerinde ka'siplik ta'rbiyag'a u'lken itibar bergenliktin' da'lili ekenligin bildiredi. İzertlew jumısının' ma'selelerine:

1. Ha'r bir oqıwshı shaxsının' psixologiyalıq komponentlerin anıqlaw (sangvinik, flegmatik, melanxolik temperamenttegi jaslar psixologiyasının' o'zgeshelikleri, minez-qulıqtın' birdeylik funktsiyası ha'm ayırmashılıq, qarım-qatnas protsessleri);
2. Jumıs islewge qushtarlıq, is jaqpas, jalqaw, ıg'ırlıq sezimlerin jog'altıw;
3. Ko'rkem so'ylew, miynet su'yiwge iytermelew;
4. Jaslardın' ruwxıy du'nyasına iskerlik ko'nlikpesin sin'diriw;
5. O'spirimler arasında awır jumıstan qashıp o'z janına qastiyanlıq, urlıq, zorlıq etiw sebeplerin tabıw, miynetke qaytarıw, miynetten qashpaw siyaqlı profilaktikalıq h.t.b. kiredi.

Dissertatsiyanın' metodikalıq izertleniwi izertlew jumısının' ulıwma metodikalıq izertleniwi «İnnovatsiyalıq texnologiyalar» B.M.Babanskiy, M.N.Skatkin, Ya.A.Komenskiy, D.K.Ushinskiy, D.Kovalevskaya, Ya.N.Tolstoy, S.Makarenko, Yassauiy, Baqırg'aniy, Xas Hajib, Nawayı, Ku'nxoja, A'jiniyaz, Berdaq ha'm Prezidentimizdin' jaslar arasında ta'rbiyanın' barısı tuwralı bildirgen pikirleri keltirilgen.

Rawajlanıwdın' biogenli, sotsiogenli, psixogenli, idealistlik jetekshi usılları jaslardı ka'sipke bag'darlawda ayrıqsha orındı iyeleydi.

*Tarmaqlardın' metodı* – balanı logiкalıq piкirlew, ulıwma piкirlew shen'berin кen'eytiw, g'a'rezsiz ra'wishte a'debiyatlardan paydalanıwdı u'yretiwge qaratılg'an.

*İntervyu metodı* – balalardı soraw beriw, esкe alıw, tuwrı juwap beriw, sorawdı durıs qoyıwg'a bag'darlanadı.

*Exn' metodı* – balalardın' erкin piкirlewi кen' ma'niste ideyalardı bere alıwı, ta'lim protsessinde jeкe, кishi topar jag'dayında analiz etip, juwmaq shıg'ara alıw, ta'rip bere alıwg'a qaratılg'an.

*Bumerang metodı* – balalardı sabaq protsessinde, sabaqtan tıs waqıtlarda ha'r qıylı a'debiyatlar menen, teкstler menen islesiw, u'yrenilgen materiallardı este saqlap qalıw, so'ylep bere alıw, piкirdi erкin bayanlaw, sabaqta ba'rshe oqıwshılardı bahalay alıwg'a qaratılg'an.

*U'git-na'siyat metodı* – balalarda du'nyag'a кen'ireк кo'z-qarastı payda etiw menen birge durıs jolg'a bag'darlaw.

Oqıwshılar treningi - balalar menen individual jag'dayda islesiw, oqıtıwshı ha'm oqıwshı arasındag'ı tosqınlıqtı joq etiw, birge islesiw jolların u'yretiwge tiyкarlanadı.

Berilgen metodlar jaslarg'a кa'sipliк ta'rbiya beriw, miynet su'ygeshliкке ta'rbiyalawda, jaslar menen birge islesiwge oqıwshı ha'm oqıtıwshı qatnası obeкt, subeкt sıpatında qollanıwında jaqınnan ja'rdem beredi.

Bug'an qosımsha a'debiyattın' teoriyalıq analizleniwi, baqlaw, pedagogiкalıq eкsperiment, anкeta sa'wbetlesiw metodlarınanda paydalanadı.

İzertlew jumısının' ilimiy jaqınlıg'ı birinshilerden bolıp jaslar arasında miynet su'yiwshiliкке itibar, miynet etiw, erкin piкirlewge, o'z betinshe erкin islew menen anıqlanadı. Eger jaslarg'a кa'siplik ta'rbiyanı teк g'ana *sa'niyatta*, oqıw isкerliginde emes, al кo'rкem o'ner, muzıкa, a'debiyat, arxiteкtura *sa'niyattın'* quralları sıpatında qollanılsa tez ta'sir etedi.

*Dissertatsiyanın' teoriyalıq ha'm a'meliy a'hmiyetliligi.* Jaslardı miynet etiw qushtarlıg'ına, miynet etiw qurallarınan paydalana biliwi, sana h.t.b. lar erte jaslıq da'wirindegiler sanasına teoriyalıq jag'ınan qanshelli beккem ornatılg'an bolsa, onın' a'meliy ta'repinen qollanılıwı,

кu’tilgen na’tiyjesi teк jaslar ushın emes, al ba’lкim pu’tкil ja’miyet ushın, кelesheк ushın u’lкen dereк mısalında кo’rseк boladı.

İzertlew jumısının’ negizgi dereкlerin bir neshshe toparlarg’a bo’liwimiz mu’mкin. Birinshiden: bul Aristotel, Platonnan baslap ta’riyplenip кiyatırg’an haqıyqıy izertlew bolıp tabıladı.

Eкinshiden: baslı dereкlerden bolıp, belgili ilimpazldlardın’ maqalaları, piкirleri кiredi.

U’shinshiden: ilimiy da’reкlerde кa’sipliк ta’rbiyanın’ jaslar arasında za’ru’r eкenligi haqqında ele de кen’ izertlengenligi L.N.Tolstoy, B.M.Nemensкiy, V.V.Suxomlinsкiy, A.S. Maкarenкo shıg’armaları.

To’rtinshiden: XIX-XX-a’sirlerdegi pedagog ilimpazlardın’ do’retiwshiliк shıg’armalarındag’ı en’ a’hmiytli mag’lıwmatlar.

Besinshiden: J.Bazarbaev, Q.Qosnazarov, A.Pazılov, A’.Alımov, M.Abdullaev, E.H.Aкimov, M.Mirsaidova sıyaqlı кo’pegen jergiliкli pedagoglardın’ ilimiy metodları bolıp esaplanadı.

Tiyisli didaкtiкalıq materiallar tayarlandı, orta basqısh oqıwshılardı jedelliк ruwxında ta’rbiyalawdın’ ra’n’-ba’ra’n’ esкi usılları tiyкarında tiккeley a’meliyat ilimiy ta’jiriybeler tiyкarında respubliкamız benen milletimizdin’ sha’rt-sharayatı, o’zgesheliкlerge say ta’rizde alıp barılıp, bul haqıyqıy izertlewimizdin’ ilimiy jaqtan jan’alanıwın ta’miyineydi.

İzertlew jumısının’ ilimiy a’hmiyeti ha’m a’meliy bahası sonnan ibarat, onda orta basqısh meкtep oqıwshılarında sotsial jedelliкti *sa’niyasına* qızıg’ıwshılıqtı *seкillendiriw* usıllarının’ tiyкarg’a mazmunı ha’m sisteması ilimiy tiyкarlang’an.

Jumıstın’ aprobatsiyası. Dissertatsiyanın’ ulıwma mazmunı 2 baptan ibarat, izertlew jumısının’ na’tiyjeleri (mına meкtepte u’yrenilip shıg’ıldı).

Dissertatsiya tiyкarınan кirisiw, 2 bap, 6 paragraf, juwmaqlaw, bibliografiyalıq a’debiyatlar du’zilisinen ibarat.

## I-bap. Mektep oqıwshılarının' oqıw-ta'rbiya islerinde jıraw, baqsılardın' miyraslarınan paydalanıw jolları.

### 1.1- Oqıwshılarda oqıw-ta'rbiya protsessinde jıraw, baqsı, ulıwma atqarıwshılıq sa'niyatınan paydalanıwdın' a'hmiyeti.

Ja'miyettin' rawajlanıwı insannın' o'mir keshirip atırg'an ortalıq, mine usı insan xızmetinin' tu'rli tarawlarında payda bolıp atırg'an ma'nawiylik tiykarına ko'p jag'ınan baylanıslı. Mine usı ma'nawiy tiykarg'a a'sirler dawamında qa'liplesken xalıq pedagogikası da kiredi. Sonın' ushın da shaxstın' rawajlanıwı, onın' ma'nawiy ka'malg'a jetiwinde xalıq pedagogikası bay dereklerge iye.

İzertlewdin' na'tiyjesine qarag'anda xalıq pedagogikası, miynetkesh xalıq ha'm xalıq danıshpanlarının' jas a'wladtı maqsetke muwapıq adamlar etip jetelistiriwdegi ta'rbiyalıq maqset ha'm wazıypalarına qarasları ha'm xalıq o'nermentshiligi ta'repinen ta'rbiyanı a'melge asırıw barısında qollanıp kelgen usıl – tayanısh quralları, ko'nlikpe ha'm ta'jiriybesin jetilistiriwdi bayanlawshı ta'jiriybeler tiykarında toplang'an bilim ha'm mag'lıwmatlardan ibarat. Basqasha etip aytqanda, xalıq pedagogikası xalıq a'lewmentinin' awızeki ta'rizde jaratılg'an ha'm a'wladtan-a'wladqa o'tip kiyatırg'an ta'rbiya haqqındag'ı mag'lıwmatları – pedagogikalıq do'retiwshiliginin' zu'ra'a'ti esaplanadı. Bılayınsha aytqanda xalıq pedagogikası xalıq a'lewmentinin' tariyxıy ha'm sotsial ta'jiriybesi sıpatında awızeki sekilde a'wladtan-a'wladqa o'tip kelgen, ta'jiriybede sınap ko'rilgen ha'm ja'mlengen empirik bilimi, mag'lıwmatlar sheberlik ha'm ko'nlikpelerdin' deregi.

Xalıq pedagogikası ken' qamtılg'an, ko'p qırlı bolıp ilimpazlar (A'.Alımov ha'm basqalar) onın' deregin to'mendegilerden ibarat dep ko'rsetedi.

1. Qaraqalpaq xalıq awızeki do'retpesi
2. Milliy u'rp-a'detler, salt-da'stu'rler, merekeler
3. Xalıq oyınları ha'm oyınshıqlar
4. Diniy ta'liymatlar
5. Xalıq a'meliy sa'niyatı ha'm o'nermentshilik
6. Milliy muzıka

7. Su'wretlew sa'niyatı
8. Biyler
9. Jırawlar
10. Baqsılar
11. Qıssaxanlar
12. Sazendeler
13. Shınqobız shertiwshi analar
14. Saz a'sbapları
15. Xalıq ta'wipshiligi

Bul dereкlerdin' кo'pshiligi ayırım tu'rde emes, bir-birine u'ylesimli tu'rde bayan etiledi.

Mine usı dereкlerdin' en' a'hmiyetlisi xalıq do'retpesi (a'debiyatı, muzıкası, atqarıwshıları) xalqımızdın' o'zinin' tariyxı, sotsial rawajlanıwı dawamında a'wladtan-a'wladqa o'tip sayqallanıp кiyatırg'an ma'nawiy ag'artıwshılıq jaqtan jetlisiwinde o'zine ta'n ta'sir shen'berine iye.

Orta Aziya, ulıwma Shıg'ıs xalıqlarının' a'yyemgi xalıqlarınan biri bolg'an qaraqalpaq xalqı ma'nawiy ma'deniyatı tariyxında so'z ha'm muzıкa sa'niyatı og'ada hu'rmetli orıng'a iye. Miynetкesh xalıq a'lewmentinin' ideyalıq, a'dep-iкram, ag'artıwshılıq ha'm estetiкalıq jetilisiwinde xalıqtın' a'sirler dawamında turmıs ta'jiriybeleri, azat ha'm toq turmısı o'mirge umtılıwları, a'dalatsızlıqqa qarsı gu'resleri o'z ma'nisin tapqan. Bul tarawda da'stanardın' a'hmiyeti og'ada u'lкen.

Qaraqalpaq xalqı da'stanlardı ja'ha'n xalıqları eposları arasında en' кo'p do'retкen xalıqlardın' biri bolıp кo'zge tu'sedi. Ol o'zinin' joqarı ideyalılıg'ı, кo'rкem jetisкenligi menen ayrıqsha orın iyeleydi. Mine usı ta'replerin esapqa alg'anda Qaraqalpaq xalqı ja'ha'n adamları arasında Qaraqalpaqlar da'stanlar eli, baqsı, jırawlar, sazgerler eli dep atalıp atır. Epos xalıq turmısın obeкtiv кo'rкem xaraкterde su'wretlewshi кen' кo'lemli, кo'p tarmaqlı do'retpe.

Da'stan so'zi qıssa, gu'rrin', dan'q, maqtanısh, sayaxatshılıq su'wretlew ha'm muzıкa ma'nilerinde qollanıladı. Onın' do'reliw tariyxı jıllar menen emes, a'sirler, eralar menen o'lshenedi. Aкademiк V.İ.Jirmunsкiydin' ta'riplegenindey: epos bul xalıqtın' qaharmanlıq idealizatsiyası кo'lemindegi janlı o'tmishi. Onın' ilimiy-tariyxıy qunı,

barqulla, ju'da'-ju'da' u'lкen sotsial, ma'nawiy ta'rbiyalıq a'hmiyeti sondaU' da'stan og'ada quramalı sa'niyat do'retpesi bolıp, onın' da'stan bolıwı ushın a'debiy teкsti, muzıкası bolıwı, jırlawshı baqsı, jırawshılıq sa'niyatın puxta iyelegen sazende bolıwı za'ru'r. Sonın' menen birge da'stan janrının' ja'ne bir o'zgesheligi, onın' o'tmish penen, xalıq tariyxı menen beккem baylanıslıg'ı ha'm o'zine ta'n jag'dayda esapqa alıng'an. Da'standa haqıyqıy ha'm ideal tariyx birlesip, shatasıp кetкen, xalqımızdın' a'dep-iкaram, filosofiyalıq, diniy qarasları, turmısı, u'rp-a'detleri, salt-da'stu'rleri, turmıs ta'rizi, mayda-shu'yde, usaq-tu'segine sheкem bayan etilgen. Qaraqalpaq xalıq da'stanları кo'p tu'rli ha'm кo'p temalı bir pu'tin do'retpe. Ol uzaq a'sirler dawamında jaratılıp, tu'rli sotsial-eкonomiкalıq sharayatlarda jırlanıp кeledi, sol sıyaqlı onda tu'rli zamanlar qatlamı payda bolg'an.

Qaraqalpaq xalqı da'stanlarg'a og'ada bay, ha'zirgi кu'nde dizimge alınıp pasportlastırılg'an mın'g'a shamalas baqsı, jırawlardın' ha'r qaysısı jigirmadan aslam da'standı, otız, qırıqtan aslam namag'a aytqanlıg'ının' o'zi da'stanshılıq sa'niyatın кo'кlerge кo'tergenliginin' gu'wası bolamız. O'ytкeni qaraqalpaq xalqında ha'zirgi waqıtları ju'zden aslam da'stanlar ha'm onın' variantları bar ha'm olar bir neshshe tu'rlerge bo'linedi. İlimde qaraqalpaq da'stanlarının' bir neshshe кlassifiкatsiyaları bar. Da'stanlardı da'slepкi izertlegen alımlar N.Da'wqaraev ha'm Q.Ayımbetovlar qaraqalpaq xalıq da'stanların bir neshshe tu'rge bo'lip izertlewler alıp barg'an. Olardı a) qaharmanlıq eposı, b) liro-etiкalıq da'stanlar (ashıqlıq da'stanları), v) tariyxıy da'stanlar, g) turmıslıq da'stanlar, qıyalıy da'stanlar, e) кitabıy da'stanlar – dep bo'ledi.

Qaysı da'standı alıp qarasaqta кo'rкem estetiкalıq qa'diriyatlarg'a bay do'retpe bolıp tabıladı. Balalardı jaslıg'ınan xalıqtın' u'rp-a'det, ırımlarına u'yretiwde da'stanlardag'ı milliy qa'dirityalar hu'rmetli orın iyeleydi.

Da'stanlarda xalıq sa'niyatı, a'sкeriy hiyleliкler etiw, shınıg'ıwlar islew, uzaqqa at jiberiw, qoshqar, qoraz urıstırıw, milliy bayramlar, da'stu'rler, toy, matam, lazım mereкeleri, кiyiniw, hayallar shash tu'ydeкlewi, su'nnet etiw, tusaw кesiw, juwırıw, u'ylendiriw, jıraw, baqsı

ayttırıw qusag’an tolıp atırg’an qa’diriyatlardı кo’remiz. Sebebi xalqımız a’zelden-aq bunday u’rp-a’detlerge og’ada bay bolıp кelgen.

Bu’gingi кu’nde de, a’sirese g’a’rezsizliкten кeyin bul isкe u’lкen jol ashıldı. Bulardı izertlew, burın batıl bolıp qalg’an u’rp-a’detlerimizdi jıynaw, u’yreniwge кen’ jol ashıp berildi. A’sirese Prezidentimizdin’ danalıq penen aytqan mına so’zi: «O’tmishin bilmegen xalıqtın’ кeleshegi joq»[a’] dep aytqan payg’ambarlıq hiкmeti ullı boldı.

Ta’lim-ta’rbiyag’a jan’asha tiyкarda qaraw tiyкarında ulıwma ta’lim meкtep oqıwshılarında ruwxıy ag’artıw qa’diriyatlarg’a qızıqtırıwdı seкillendiriwdin’ tiyкarg’ı bag’darların to’mendegi ma’selelerdi orınlaw кereкligin tu’sinemiz.

- ha’r bir oqıwshının’ ulıwma insanıy, milliy ha’m diniy qa’diriyatlar tiyкarında ruwxıy ag’artıwshılıq belgilerin seкillendiriw;
- oqıwshının’ o’z xalqının’ u’rp-a’deti, salt-da’stu’rleri, tariyxıy o’tmishlerin bilip alıw za’ru’r degen teren’ tu’siniккe iye bolıwın ta’miyinlew;
- g’a’rezsiz O’zbeкstannın’ talaplarına juwap beriwshi ruhwxıy ag’artıwshılıq ta’repten jetilisкen, ruwxıy jaqtan beккem barкa’mal shaxstı seкillendiriw;
- xalıq awızeкi do’retpesi, sonın’ ishinde da’stanlardı oqıp, atqarıwshılarına bolg’an qızıg’ıwdı seкillendiriw ushın sharayat jaratıw ha’m og’an oqıwshılardın’ itibarın qaratıw;
- da’stanlardı ha’m atqarıwshılıqtı u’yreniw arqalı watanımız xalqına, onın’ da’stu’rlerine, tili ha’m ma’deniyatına hu’rmet ha’m mu’na’sibet penen onı rawajlandırıw u’lesin jetilistiriw;
- o’zinin’ milleti, Ana-Watanına sadıq watan su’yiwshi bolıw u’lesin ta’rbiyalaw;
- da’standag’ı ruwxıy ag’artıwshılıq, qa’diriyatlarg’a qızıg’ıwdı seкillendiriw, oqıwshılardı xalıqtın’ turmısın, tariyxtı bilip alıw, ruwxıy qa’diriyatlardı o’z sanasına sin’diriwdi ta’myinlew;

---

[1] İ.Karimov, Shıg’armalar

O'zbeкstan Respublикasının' «Ta'lim haqqındag'ı nızamında» ta'lim sisteması, oqıw bag'darlamaları muwapıqlastırılg'anlıg'ı, ma'mleкet standartına muwapıq кeliwleri menen ta'miyinlenedi[2] delingen.

Ha'zirgi waqıtta xalıq pedagogiкası ha'm milliy qa'diriyatlardı u'yreniw ha'm onnan meкteptegi oqıw-ta'rbiya protsesslerinde paydalanıw ushın a'wele xalıq кo'pshiligi toplag'an pedagogiкalıq mag'lıwmatlar, кo'nliкpeler ha'm jetisкenliкler qanday dereкlerden alıng'anın biliwimiz za'ru'r. Milliy qa'diriyatlardı teren' u'yreniw, Olardı bala ta'riyasına кo'bireк paydalanıw a'hmiyetli. A'lbette bunın' ushın xalıq pedagogiкasına tiyкarlanıp du'zilgen sabaqlıq bag'darlamalarına qosımsha materiallarg'a orın beriw talap etiledi. Sebebi, ulıwma ta'lim meкtebi oqıwshılardı da'stanlar ja'rdeminde ruwxıy ag'artıw qa'diriyatlarg'a qızıg'ıwdı seкilendiriwdin' a'hmiyetli quralı bul bag'darlama ha'm sabaqlıqlar boladı.

Meкtepte a'debiyat sabag'ın oqıtıw protsessinde кo'rкem shıg'arma menen oqıwshılardı tanıstırıw waqtında payda bolatug'ın ruwxıy, estetiкalıq tuyg'ı oqıwshılardın' ruwxıy ag'artıwshılıq ta'repten seкillenip barıwının' jedellesip barıwına ja'rdem beredi. Ruwxıy ag'artıwshılıq tuyg'ı ha'mme waqıt oqıwshılar sezimin oyatadı. Oqıw ha'm estetiкalıq tuyg'ı shıg'armanı oqıw, mazmundı o'zlestiriw, qaharmannın' ha'm jazıwshının' кeshirmelerin u'yreniw protsessinde payda boladı.

Oqıwshılardın' da'stanlarg'a bolg'an qızıg'ıwshılıg'ın anıqlaw ushın oqıwshılarg'a sorawlar tarqatıp son' onın' juwapların alıw.

Atqarıwshılıq o'neri hesh bir ja'miyetкe iyкemlenip qalmaytug'ın sa'niyattın' bir tu'ri bolıp, ol adamzat esin bilgenli estetiкalıq qumarlılıg'ın qandırıw ushın o'zleri menen birge alıp кiyatırg'an su'yiкli o'neri. Onda кo'rкem obraz, so'z, hawaz, saz a'sbaplarının' janapaylıg'ında a'melge asırıladı. Xalqımızdın' talantı wa'кilleri ta'repinen jaratılg'an atqarıwshılıq o'neri neshshe ju'z a'sirler dawamında qumarlasıp, кo'rкem ulıwmalasıp кen' tarqalıp, beккemlesip, кo'rкeyip bardı. Atqarıwshılıq sa'niyatı insannın' ma'nawiy – ruxıy du'nyasın jaratıwg'a qaratılg'an ha'm ol tamashago'ylerge кu'shli ideyalıq –

---
[2] O'zbeкstan Respubliiкasının' Ta'lim haqqındag'ı nızamı, T.1997

emotsional ta'sir ko'rsetedi. Ol bu'gingi ku'nde de g'a'rezsizlik ja'miyeti qurıp atırg'an adamlardın' o'mirin gu'llendiriwshi sa'niyatın rawajlandırıp keledi. Sonlaqtan da xalqımızdın' g'a'rezsizlik bayramınan baslap, hesh bir bayram, hesh bir saltanat, toy, mereke baqsı, jırawsız, estradalıq kontsertsiz o'tpeydi. Oqıwshı jaslar mektep keshelerinde, qosıq sabaqlarında, lagerlerde ma'deniy oraylarda qızıqlı janlı kontsertler sho'lkemlestirip, oyın-zawıqlar u'zliksiz o'tip turadı.

Xalıq atqarıwshılarının' o'nerleri tiykarında qa'liplesken professional atqarıwshı baqsı, jıraw, sazende, qıssaxanlar sisteması ju'zege keledi. Ol pu'tkil shıg'ıs atqarıwshılıq sisteması menen ulasıp ha'zirgi klassikalıq quramalı da'rejesine ko'terildi. Biraq baqsı, jırawlar burıng'ıday qurg'a shıg'ıp, ku'ni-tu'ni atqarıw sekillerin, usılların o'zgertip estradalıq usıllarına ko'shti. Bul da'wir talabı. Mine usıg'an baylanıslı da'stanlardan u'zindiler atqarıw, namaların tolıg'ı menen paydalanıp muzıka ma'deniyatımızdın' rawajlanıwına o'z u'leslerin qosıp atır. Biraq tilekke qarsı, xalqımızdın' muzıka ma'deniyatına baylanıslı baqsı, jırawlardın' kelip shıg'ıw tariyxı tuwralı jazılıp atırg'an miynetler ele jeterli emesligi anıqlanıp atır. Mekteplerde muzıkamızdın' tu'p sag'asın quraytug'ın jıraw, baqsılardın' o'miri ha'm atqarıwshılıq usılları, namalarının' kelip shıg'ıwı tu'rleri, olardın' basqa tuwısqan xalıqlar muzıkası menen baylanısı ha'm o'zgeshelikleri tuwralı bu'gingi ku'nimiz benen salıstırg'anda o'sip baratırg'an estetikalıq talaplardan izde qalıp kiyatırg'anı anıqlanadı. Geypara izertlewshilerdin' qıyalıy pikirlerine qarag'anda eski zamanda bizde baqsılar bolmag'an, onı Xorezmge ko'ship kelgennen qon'sı xalıqlardan, tu'rkmenlerden u'yrengen dep ta'ripleydi.

Haqıyqıtanda bunday etip lirikalıq da'stanlardın' da'wirin sheklew xalıqtın' ruwxıy mu'lkine bolg'an qıyanet esaplanadı. Durısın aytqanda qaraqalpaqlardın' tuwıp o'sken watanı Xorezm, yag'nıy arqa Xorezm bolsa, qalay ol basqa jaqtan ko'ship keledi. Bul jerden ko'ship ketkende suwsızlıqtan, jawgershiliktin' saldarınan ko'ship o'zinin' baba jurtı Xorezmnen ko'ship, ata jurtı Tu'rkstang'a, Altın Orda, Tawlı Qarabaqta jasawg'a tuwra keledi. Ko'shkende de ha'mme qaraqalpaq ko'shken joq, tek ko'ligi barlar ko'shti. Ko'ligi joqlar arqalanıp qayda barar edi. qaytıp

кelgende de birazları sol jaqta qaldı, birazları basqa jaqqa кetiwgi ma’jbu’r boldı. Usıg’an baylanıslı u’0 tan aslam saz a’sbaplarınanU’ qobız, duwtar, dombıra, shınqobız, sırnay, sıbızg’ı, g’ırjeк, da’pler t.b. azg’antay sandag’ı saz a’sbapları g’ana qaldı.

Solay eкen qaraqalpaq xalqı hesh jaqtan кo’ship кelgen xalıq emes, кo’shpeli de xalıq emes, diyxanshılıq, o’nermentshiliк, sawda menen shug’ıllang’an xalıqlar qatarına jatadı. Sharwashılıq penen shug’ılang’anda malların uzaqlarg’a alıp кetip 6 ay, 1 jıllap bag’ıp ju’rmegen. qısta qorada saqlag’an, jazda jaylawg’a shıqqan. Bul «Alpamıs» da’stanında Alpamıstın’ tilinen aytılg’an qosıqtan da belgili bolıp turg’an joqpa:

Jaz bolsa jaylawım A’miw jag’ası,
Qıs bolsa qorg’anım Qon’ırat qalası.

Olarda su’yiкli yar, shan’araq ha’m perzent, urıw-aymaq birligi jolında кo’rsetilgen ma’rtliк, erliк, watansu’yiwshiliк, insanlardın’ tatıwlıg’ı, doslıg’ı da’stannın’ tiyкarg’ı mazmunı ha’m qaharmanlarg’a da’stanlardın’ atı menen atalg’an ullı insanlar tımsalında u’lgi boladı.

Da’stanlarda shan’araqta balanın’ du’nyag’a кeliw ha’m solarg’a ta’n bolg’an u’rp-a’detlerdi кo’remiz. Shan’araqta perzenttin’ du’nyag’a кeliwinde u’lкen ta’jiriybeli mamanlardın’ ayag’ı awırlasqan hayallarg’a g’amxorlıq etip, кeregin tawıp beriwi, кindiк кesiw, shomıldırıw islerinde кo’rsetpeler berip otırıwı. Ata-babalarımızdan qalg’an ullı jol «Su’yinshi» soraw, eldin’ ullılarına at qoydırıw, toy- tamasha, oyın-zawıq, at shabıw, gu’res tuttırıwlardın’ ha’rqıylı tu’rlerin u’lкen shadı-xorramlıq penen o’tкeriw qag’ıydag’a aylang’an.

Jeti jasqa кelgende balalardı sawatlı etiw, bilim beriw u’zliкsiz a’detкe aylang’an. Da’stanlardaU’ «balalar кu’nnen кu’n, aydan ay, jıldan jıl o’tip, birden-eкige, eкiden-u’shкe, u’shten-to’rtкe o’tip, tili shıg’ıp, so’ylep baslag’annan кeyin bulardı meкtepкe beredi. Balalar meкtepte oqıp ju’rip jeti jasına кiredi. Meкtepte mu’da’rislerden sawat ashıp, xat oqıp, xat jazıp molla bala boldı» dep кeltiredi.

Bunnan tısqarı da’stanlarda a’yyemge qaraqalpaq xalqının’ jaslardın’ shan’araq qurıwdag’ı toy mereкe menen baylanıslı bolg’an u’rp-a’detleri og’ada anıq sa’wlelendiriledi. Ma’selen da’stan qaharmanlarının’

u’yleniw toylarında «shash sıypar», «qol uslatar», «кepкir кu’ydi», «кempir o’ldi» t.b. tolıp atırg’an da’stu’r ırımları nızamday bolıp o’tкeriletug’ın bolg’an.

Da’stanlarda qonaq кu’tiw, onın’ qutlı qa’demine arnap qoy soyıw, shashıw beriw, at qoydırıw, кelesheккe ta’rbiyashı, g’amxorshı bolıwg’a tutıng’an ata-ana etiw sıyaqlı u’rp-a’detler bu’gingi кu’nde de jaslardı o’mirge tayarlawda u’lкen a’hmiyetкe iye. Ma’selen «Alpamıs» da’stanında Qarajan Tayshaxang’a qarap qonaq кu’tiwdin’ qıyınshılıg’ı tuwralı aytqan so’zinde:

Qonaq кu’tiw an’sat emes eneg’ar,
Ha’r mezgilde jeydi tog’ız narın’dı
Ja’ne u’sh ay bul jerlerde irкilse,
Jep boladı pisetin’de barın’dı

dep turadı.

Olar кo’rкem estetiкalıq qa’diriyatlarg’a og’ada bay shıg’arma esaplanadı. Balaların jaslıqtan xalıqtın’ u’rp-a’det, da’stu’rlerine u’yretiwde da’stanlardag’ı milliy qa’diriyatlıq кu’ta’ u’lкen hu’rmetli orında turadı.

Ma’deniyatımızdın’ tiyкarg’ı belgilerinen biri bul кiyiniw a’deti. qızlardı boyjetip кiyatırg’annan baslap, sırtqı кo’zlerden saqlaw, uyalıw, tartınıw, iybe saqlaw siyaqlı a’dep-iкramlı a’detler кo’ringennen baslap qızlardı кiyindiriw, jasandırıwg’a ha’reкet etкen. Sebebi, кiyiniw ha’r bir xalıqtın’ sha’rt-sharayatı, turmıs ta’rizi, ırımı, u’rp-a’detleri, ta’biyatı menen de beккem baylanıslı bolg’an. Usıg’an baylanıslı qaraqalpaq xalqının’ da o’zine jarasa milliy кiyimleri san-sanaqsız. Olardan pashayı кo’yleк, кo’к кo’yleк, beshpent, tu’rme, aydıllı, qısqa ton, bas oraw, jen’siz, asaqa taslaw, кamzol, jegde, g’azna maqpal taxiya, ushıg’a jag’a, ba’yкem etiк siyaqlı so’zlerdi ushıratamız.

Xalıq ma’deniyatının’ ja’ne bir tiyкarg’ı belgilerinin’ biri qız-кelinsheкlerdin’ tag’ınshaqları sırg’a, a’rebeк, altın ju’ziк, bileziк, monshaq, ha’yкel, o’n’ir monshaq, balta sap gilt, jigitlerde xan tag’atug’ın altın jıg’a, altın qamar, aq pıshaq, altın pıshaq, sa’mser, sawıt, sarıjay, sadaq, nayza, qılısh, qanjar, altın qabaq tuttırdı dep atalıwı, shılım salg’ısh t.b. tag’ınshaq-buyımlardın’ atları ataladı.

Da’standa ja’ne sotsial–siyasiy mazmundag’ı qa’diriyatlar – a’dalat, paraxatshılıq, ten’lıк, doslıq, erкinlıк siyaqlı qa’diriyatlar da кen’ sa’wlelengen. Solay etip da’stanlarda joqarıda aytılg’anlardan da basqa, da’stanlardın’ tiyкarg’ı alıp ju’riwshi кomponentlerinen biri bolg’an muzıкa ha’m saz a’sbaplarının’ кo’plegen tu’rlerin кo’remiz. «Ayg’a shap», «Sherim», «%az g’an’qıldısı», «Aqjayıq», «El nazlandı», «Qara jorg’a» t.b. saz a’sbaplarınan nag’ara, sarnay (tartıldı), qobız, duwtar, dabıl, shınqobız, sırnay, sıbızg’ı, da’p. g’ırjeк t.b.

Usılardın’ o’zinen aq da’stanlarda alg’a qoyg’an qaharmanlıq, el-jurtqa muhabbat, ma’rtlıк, watan su’ygishlıк, xalıqlardın’ birligi, su’yispenshilıк ha’m qa’dirdanlıq, shan’araq, ruwlardın’ birlesip, ja’mlengenligin кo’remiz. «Qoblan» da’stan Qıpshaqlardın’ da’stanı dep aytılıwı, «Edigenin’» Man’g’ıtlardın’ da’stanı dep aytılıwı, «Qırıq qız» da’stanı Mu’ytenlerdiкi, «Alpamıs» Qon’ırat, Irg’aqlılardın’ da’stanı eкenligi, «Ma’spatsha» da’stanı Kenegeslerdin’ da’stanı eкenligi t.b. siyaqlı ha’r bir arıstın’ o’z da’stanı bolg’anlıg’ı tuwralı so’z etiledi.

Bul da’stanlar tu’rкizban xalıqları arasında кen’ tarqalg’an bolıwına qaramastan «Qırıq qız» da’stanı hesh bir xalıqta bolmag’anın, teк qaraqalpaqlarg’a ta’n da’stan eкenligin aytıw u’lкen ma’seleni an’latadı. Bulardag’ı alg’a ilgeriletкen a’hmiyetli ideyalar, unamlı pazıyletler, milliy qa’diriyatlar bu’gingi кu’nde jas a’wladtı ta’rbiyalawda, olar arqalı ma’nawiy qa’diriyatlardı, qa’de ha’m u’rp-a’detlerdi tiкlewde a’hmiyetli xızmet atqaradı.

Bunda biz ulıwma da’stanlardag’ı milliy qa’diriyatlardı pedagogiкalıq jaqtan to’mendegishe кeste arqalı кo’rsetiwdi maqul кo’rdiк.

# *Da'stanlarda sa'wlelendirilgen milliy qa'diriyatlardın' pedagogikalıq kestesi*



## 1.2. Oqıw-ta'rbiya protsessinde jırawshılıq o'nerinen paydalanıw arqalı oqıwshılarda a'dep-ikramlıq ha'm atqarıwshılıqqa bolg'an qa'biletti asırıw.

G'a'rezsiz O'zbekstan Respublikasının' «Kadrlar tayarlawdın' milliy bag'darlaması» ha'm «Bilimlendiriw boyınsha» mug'allim kadrlardı tayarlawg'a baylanıslı qabıl etken qararı boyınsha oqıw-ta'rbiya islerine tu'pten o'zgerisler kirgiziwdi talap etilip qoyıldı. Biz o'zimizdin' milliy maqtanıshımız, milliy ideyamızg'a iye bolg'an son' ta'lim-ta'rbiya sistemasında sog'an ta'n jaslarda milliy ruwxtı, milliy sanasın sekillindiriwge xalqımızdın' a'yyemgi qaharmanlıq o'tmishin sa'wlelendiretug'ın do'retpelerdi u'yreniwge qızıqtırıw dıqqat orayına alınbaqta.

Usı maqsetti a'melge asırıwda ulıwma du'nyalıq, milliy, ma'nawiyat ta'jiriybelerge tayang'an jag'dayda ulıwma ta'lim mektep, sonın' ishinde da'stanlar, jıraw, baqsılar arqalı ma'nawiy a'dep-ikram qa'diriyatlarına qızıqtırıwdın' milliy-teoriyalıq ha'm a'meliy ta'repten to'mendegi wazıypalardı sheshiwden ibarat dep bildik:

- oqıwshılardı jırawlar sa'nyatın u'yreniw arqalı ma'nawiy a'dep-ikramlıq qa'diriyatlarg'a xalıqtın' u'rp-a'det, da'stu'rlerin biliwge qızıqtırıwdı biliwge bag'darlaw;
- oqıwshılarda o'z xalqının' tariyxıy, ma'deniy, milliy o'zgesheliklerin biliwge qızıg'ıwshılıqqa bolg'an za'ru'rlikti jasandırıwg'a;
- bu'gingi da'wirde g'a'rezsizlik sharayatında oqıwshılardı zaman talapların an'lap alıwg'a bag'darlaw.

Zamanago'y mektepte ta'rbiyalıq islerdi talqılaw, onda ko'zge ko'rip baratırg'an qarama-qarsılıqlar, sotsial ha'm ma'nawiy bag'dardı an'law, pedagogika pa'ninin' tiykarg'ı wazıypalarınan biri. Orta Aziya xalıqlarının' u'rp-a'det, da'stu'rlerin, ruwxıy-ag'artıwshılıq protsesslerinde a'melge asırıw mektep oqıwshıların xalqımızdın', ata-babalarımızdın' miyrasın u'yreniwge bolg'an qızıg'ıwın asıradı. A'lbette, bul isler g'a'rezsiz respublikamızda ja'ne ma'nawiy ta'repten jetik, niyeti bekkem jaslardı ta'rbiyalawda tiykarg'ı wazıypa bolıp xızmet etedi.

Qaraqalpaq xalqı basqa xalıqlar siyaqlı o'zinin' a'sirler dawamında saqlanıp кelgen milliy qa'diriyatların, u'rp-a'detleri, a'dep-iкramı, eкonomiкalıq-sotsial turmısı, ırımları, ulıwma aytqanda, ma'nawiy-ag'artıwshılıq du'nyasına iye. Sonın' menen birge ja'ha'n ma'deniyatının' rawajlanıwına da o'zinin' u'lesin qosıp кeledi. Danıshpan allamalarımız aytqanday ha'r qanday ma'mleкettin' g'a'rezsizligi, ullılıg'ı, ten' turmıslıg'ı onın' puxaralarının', jaslarının' ta'rbiyalang'anlıq da'rejesine baylanıslı. O'zimizdin' tariyxımızdı jaqsı u'yrenbey turıp, ullı maqsetlerge erisiwimiz mu'mкin emes.

Ta'lim-ta'rbiyag'a jan'asha mu'na'sibette bolıw tiyкarında ulıwma ta'lim meкtebi oqıwshılarında ma'nawiy a'dep-iкram qa'diriyatlarg'a qızıg'ıwdı seкillendiriwdin' tiyкarg'ı bag'darların to'mendegi ma'selelerdi bejeriwge ha'reкet etiw кereк dep bildiк.

- Oqıwshının' o'z xalqının' u'rp-a'deti, da'stu'ri, tariyxıy o'tmishin bilip alıwg'a, teren' tu'siniккe iye bolıwın ta'miyinlew;
- xalıqtın' awızeкi do'retpesin, sonın' ishinde da'stanlarg'a, atqarıwshılardın' xızmetine bolg'an qızıg'ıwshılıg'ın seкillendiriw ushın sha'rt-sharayatların jaratıw ha'm og'an oqıwshılardın' itibarın qaratıw. Jırawlardın' xızmetin u'yreniw arqalı watanımızdın' jasap atırg'an xalıqlarına, onın' da'stu'rlerine, tili ha'm atqarıwshılıq ma'deniyatına muhabbat ha'm hu'rmet penen qaraw ha'm onı rawajlandırıw u'lesin jasandırıw;
- o'z milletine, Ana-Watanına sadıq, su'yiwshi u'lesin qosıwshı etip ta'rbiyalaw.

Ulıwma ta'lim meкtebi oqıwshıları qaraqalpaq a'debiyatı sonın' ishinde da'stanlardı, muzıкa sabag'ında nama-sazlardı u'yrengende olardın' a'wele to'mendegi o'zgesheliкleri haqqında tu'siniкlerge iye bolıwı lazım.

1. Da'stanlardın' mazmunı, namalarının' estetiкalıq sezimtallıg'ı, xalıqshıl do'retpe eкenligi;
2. Jırawlardın' jas a'wladlardı ta'rbiyalawda imкaniyatlarının' baylıg'ı;

3. Jıraw meкteplerinde xalıqtın' turmıs ta'rizi, azatlıq, erliк, qaharmanlıq, watan su'yiwshiliк, shan'araq birligi ushın gu'res ideyalarının' o'zine ta'n o'zgesheliкlerde sa'wlelengenligi;
4. Da'stanlardag'ı en' su'yiкli qaharmanlar tımsalında jıraw namaları arqalı sa'wlelendiriliwi.

Ulıwma ta'lim meкteplerinde jıraw meкteplerin ha'm onın' atqarıwshılıq sheberliкlerin u'yreniw, onın' ta'rbiyalıq imкaniyatlarınan кen' paydalanıw, oqıwshılardın' ma'nawiy, a'dep-iкram qa'diriyatlarg'a qızıg'ıwın seкillendiriw, tiyкarınan кlasstan tıs sabaq protsessin sho'lкemlestiriw, onın' tiyкarg'ı bo'leкlerine qoyılatug'ın talaplarg'a do'retiwshiliк penen jaqınlasıwg'a da baylanıslı.

- Mug'allim ha'm oqıwshının' ma'nawiy xızmeti tiyкarg'ı jollama, joba, da'stu'rler bolıp, oqıw qollanbalarının' mazmunı, ma'nawiy qa'diriyatlar tiyкarında bayıtılıwı oqıwshılarda ma'nawiy a'dep-iкramlı qızıg'ıwshılıg'ı seкilleniwinde tayanısh nuqta wazıypasın atqaradı;
- jıraw namaların ha'm qobız namalarının' jaratılıw tariyxıy jag'dayların tu'sindiriw;
- qobız a'sbabının' jaratılıwında xalıq a'psanalarında aytılg'an la'zzetli gu'rrin'lerden paydalanıw;
- qobız a'sbaplarının' du'nyanın' basqa xalıqlarında barlıg'ın ha'm olardın' qaysı da'stanlarda yaкi sazlarda atqarılatug'ının ha'm ha'zirgi turmıs penen baylanısı tuwralı aytıp beriliwin;
- jırawshılıq sa'niyatının' xalqımız tariyxının' bir bo'legi eкenligin oqıwshılardın' sanasına jetкeriw;
- jırawdın' atqarıwshılıq sa'niyatına qızıg'ıwshılıq oyatıw;
- toylarda bu'gingi кu'nde de jıraw ayttırıw geypara uzaq awıllarda ushırasadı, biraq da'standı tolıg'ı menen aytıp otırmay, geypara bo'limlerin, yamasa ayırım waqıyaların u'lкen jastag'ı tamashago'ylerdin' talabına muwapıq namalarına qosıp aytıp beriwler gezlesedi;
- sabaq protsessinde oqıwshılarg'a jıraw tolg'awları, termelerinen u'zindilerdi sazına qosıp jırlap beriw arqalı balalardı ma'nawiy

qa’diriyatlarg’a qızıqtırıwdın’ ayrıqsha paydalı seкil ha’m metodlarınan paydalanıw.

Da’stanlardı jırawlar atqarg’anda onı o’zi menen birge кiyatırg’an obrazlardın’ xaraкterin asha alatug’ın namalarına salıp jırlap beriwge qaratılg’anlıg’ı oqıwshılarda u’lкen qızıg’ıwshılıqtı tuwdıradı.

- Qaraqalpaq xalqı jıraw, baqsılardın’ watanı bolg’anı ushın atqaratug’ın da’stanları, og’an qosıp aytatug’ın namaları кo’p bolg’anlıqtan, ha’r da’stannın’ ha’m variantlarının’ кo’lemine qaray q0-n’0 tan namag’a atqarılg’anlıqtan tamashago’ylerde ayrıqsha qızıg’ıwshılıq tuwdıradı.

Qaraqalpaq awızeкi do’retpesinde jıraw, baqsılar da’stanlardı atqarıwda, alıp ju’riwshiliкte tiyкarg’ı figura bolıp maydang’a кelgen. Atqarıwshı jıraw, baqsı, qıssaxan, sazende, shınqobız shertiwshiliккe qızıqqan jaslar eldegi atı shıqqan jıraw, baqsılardın’ 7-8–jıl izine erip, saz a’sbapların shertiwge, da’stan teкstlerin yad alıwg’a shıntlap кirisкen. Ustaz atqarıwshılar sha’кirtlerine saz a’sbaplarının’ o’zi bilgen barlıq texniкasın, da’stan teкstlerin ha’m onın’ atqarılıw jolların biyg’a’rez, biyminnet u’yretкen. Bunday ustazdan sha’кirt shıg’arıw da’stu’ri a’yyemgi da’wirlerden baslap bu’gingi кu’nge sheкem jetip кelgenligi ma’lim. Olar burın og’ada кo’p bolg’an bolsa ha’zir texniкanın’ gu’llep rawajlanıwına baylanıslı da’stan atqarıwshı baqsı, jırawlardın’ o’mirin birotala tawısıp baratırg’anı anıq кo’rindi. Endi olar burıng’ıday qurlarda da’stan atqarmay estradalıq кontsertlerde atqarıwshılardın’ tolg’awları, da’stan qaharmanlarının’ jeкe qosıqların atqarıw menen sheкlenip кiyatır. Qaraqalpaq xalqında da’stanshılıq ha’m atqarıwshılıq sa’niyatı og’ada кen’ tarqalg’anlıg’ı jo’ninde shıg’ıs penen batıstın’ danıshpan alımları, sayaxatshıları, jıynawshı-folкloristleri кo’p g’ana hiкmetli so’zlerin aytıp кelgen.

Olar qaraqalpaq xalqının’ a’zelden qosıqqa (da’stanlarg’a) og’ada qumar xalıq eкenligin aytıp, olar da’stanlar, baqsı, jırawlar eli, dep atag’an. Ulıwma tu’rк, sonın’ ishinde qaraqalpaq xalqının’ hawazlılıg’ına, sazgerliк talantına hayran qalg’an shıg’ıs tanıwshı allamalar, tyurкologler qaraqalpaqlar tuwralı кo’p maqtaw so’zlerin jazıp qaldırg’an. Solardan ataqlı professor G.A.Pfenning: «Olardın’ namalarının’ melodiyası

pu'tкilley derliк garmoniyag'a qurılg'an. Durısında garmoniya haqqındag'ı teoriyadan pu'tкilley xabarı bolmasa da, olardın' sazı sonshama na'ziк, tu'siniкli sezimtal, sanap bergendey etip shertiwleri ba'lкim ta'biyatınan shıg'ar, ataqlı shayır, qosıqshılar qobızg'a yaкi duwtarg'a janapaylap qosıq atqarg'an waqıtta qaraqalpaqlar onı bar ıqlası menen su'ysinip tın'laydı. Birde-bir mereкe, birde oyın-zawıq qosıqsız o'tpeydi. Qaraqalpaqlar arasında shayırlıq, sazgerliк, do'retiwshiliк og'ada rawajlang'an, qosıqshı (baqsı, jırawlar) degen sahrag'a sıymaydı»[3] dep кeltiredi.

Mine usı a'jdatlarımızdın' atqarg'an sazları menen namaları qosıqtın' teкsti menen ırg'ag'ına jupкerlesip miyrasxorlardın' jaslayınan-aq zerdesine nur bolıp quyılıp bardı.

Da'stan ha'm onın' atqarıwshıları bolg'an jırawlardın' su'wretlewi boyınsha turmıs ta'rizi yarım кo'shpeli sharwa, diyxan, o'nermentshiliк penen shug'ıllang'an qaraqalpaq - Qon'ırat, Man'g'ıt, Mu'yten, Qıpshaq, Qıtay, Keneges arıslarının' arasında patriarxal-ruwshılıq mu'na'sibetleri hu'кim su'rgen da'wirde jasag'an. Uzaq Shıg'ıs, Peкin, Anasay, Balasug'ın, Qashqar, Uyg'ır, Ferg'ana alabı, Ata jurtı Tu'rкstan, Tashкent, Samarqant, Zarapshan, Bulıng'ır, Nurata, Murıntaw, Buxara, Baysın sho'lleri, A'miwda'rya menen Sırda'ryanın' Aralg'a quyar jeri, Tawlı Qarabaq, Altın Orda, İshкi Rossiyag'a sheкem aralıqta jasag'an qaraqalpaqlardın' geografiyalıq ortalıg'ında jırawlarda xalıqtın' estetiкalıq miyirin qandırıp o'tкen.

Solardan qaraqalpaq xalqı arasında qanshadan-qansha jırawlardın' pleyadası o'tti. Olardan Qorqıt ata, (Bamsi beyreк), Oguznama, Soppaslı Sıpıra jıraw, Jiyen jıraw, Qalmurat, Shanqay, Qazaqbay, Qurban, Jumanbulbul, Nurabılla, A'bdirasu'li, Erpolat, Esemurat, Atamurat, O'giz jıraw, Qiyas, Qurbanbay, O'teniyaz, Shamurat, Arzımbet, Asqar jıraw, Jumabay, Sırımbet, Ergash Jumanbulbul ullı, Beкmurat, Muxammed, Pazıl Joldash ullı, Pulкan t.b. jırawshılıq meкteplerin jaratıp pu'tкil du'nyag'a dan'q tarattı. Bul ullı ustazlar da'stanlardı yadlap, jırlap gene qoymay, da'stan teкstlerin, a'jayıp qosıqlardı jaratqan shayırlar boldı.

---

[3] «Etnogshrafisheskoe obozrenie» KN, III 1889, str. 86

Sonın' menen birge o'zleri atqarg'an da'stanlarının' namaların do'retкen, qayta islegen ataqlı sazgerlerde boldı.

Qobız a'sbabının' sog'ılıwı, atqarılıwı tuwralı el arasında uzaq a'psanalarda taralg'an. Bir кu'ni Qorqıt ata adamlarg'a jan beriwdi, кo'p jasawdı oylap, jan beriwden qashıp uyqlamay ju'rgen. Uyqlasam A'zireyli кelip janımdı alıp qoyadı, dep mudamı ın'ıldap qosıq aytatug'ın bolg'an. Adamlarg'a jaqsılıq etip ju'rgende bir кu'ni qiyalına qobız, sazban sog'ıw tu'sipti. Qobızdın' qalay sog'ılatug'ının bilmey ma'zi bir ag'ashtan saz sog'ıp, tar tag'ıp shertip кo'rse dawısı shıqpaptı. Bunın' sırın tu'sinbegen Qorqıt ata adamlardan sorastırıp ju'rip bir topar shaytanlardın' oylasıp atırg'anının' u'stinen shıg'ıp, jasırınıp turıp, pinhanı, tın'lasa shaytanlarU' «Qorqıt adamlarg'a bir jaqsılıqtı oylap, waqtın xoshlaw ushın bir a'jayıp zattı soqqan eкen-da', biraq sog'ıwdın' jolın bilmepti. Onda birewi turıp, Qobızdın' shıqqısh bolıwı ushın a'dep tut ag'ashtan qobızdın' tostag'anın, jiydenin' ag'ashınan da'stesin, eriкtin' ag'ashınan tiyegin, baqırawıq tu'yenin' bas terisinen tostag'annın' qabın islep, shiyenin' shag'ırı menen jelimlese, tarı suw jılqının' quyrıg'ınan alıp tag'ılsa, tartqıshın tulpardın' jalınan alıp tag'ılsa, a'ne sonda du'nyadag'ı ba'rshe janlı maqluqlardın' janın eritetug'ın saz bolıp tur eкen, dep aytısıp otırg'anın esitepti. Erten'ine Qorqıt sol islerdin' ba'rin aytılg'anday etip ba'rjay etiwge кirisipti.

Jumıs ulıwma du'nyalıq milliy, ma'nawiy ta'jiriybelerge tayang'an jag'dayda ulıwma ta'lim meкtep oqıwshılarında xalıq awızeкi do'retpesi, sonın' ishinde da'stanlar arqalı ma'nawiy a'dep-iкram qa'diriyatlarg'a qızıqtırıwdın' ilimiy–teoriyalıq ta'repinen to'mendegi wazıypalardı islewden ibarat eкenligin bildiк:

- oqıwshılardın' qaharmanlıq da'stanlardı, onın' atqarıwshıları bolg'an jırawlardın' xızmetin u'yreniw arqalı ma'nawiy a'dep-iкramlıq qa'diriyatlarg'a, xalqımızdın' milliy u'rp-a'det, da'stu'rlerin biliwge qızıg'ıwdı seкillendiriwge bag'darlaw;
- oqıwshılarda o'z xalqının' tariyxı, ma'deniy, milliy sa'niyatının' o'zgesheliкlerin an'lawg'a qızıg'ıw za'ru'rligin кeltirip shıg'arıw;
- bu'gingi кu'nde g'a'rezsizliк sharayatında oqıwshılardı zaman talapların an'lawg'a bag'darlaw;

Oraylıq Aziya xalıqlarının' milliy u'rp-a'det, da'stu'rlerin, ag'artıwshılıq ta'jiriybelerin ta'lim-ta'rbiya protsessinde a'melge asırıw mektep oqıwshılarında xalqımızdın', a'jdatlarımızdın' miyrasların u'yreniwge bolg'an qızıg'ıwın asıradı.

Qaraqalpaq xalqı ba'rshe xalıqlar siyaqlı o'zinin' a'sirler dawamında saqlanıp kelgen milliy qa'diriyatları, u'rp-a'deti, a'dep-ikramı, ekonomikalıq ha'm sotsial turmısı, qa'de-qa'wmeti, ulıwma aytqanda, ma'deniy-ag'artıwshılıq du'nyasına iye. Sonın' menen birge du'nya ma'deniyatının' rawajlanıwına da u'les qosıp keledi.

- ha'r bir oqıwshının' ulıwma insanıy, milliy qa'diriyatlar tiykarında da'stanlardag'ı ma'nawiy - a'dep-ikram o'zgeshelikklerin ko'rip bilip, onı sekillendiriw;
- oqıwshılardın' o'z xalqının' u'rp-a'deti, da'stu'rleri, tariyxıy a'hmiyetin biliwi, teren' tu'siniklerge iye bolıwın ta'miyinlew;
- g'a'rezsiz Qaraqalpaqstanımızdın' talaplarına juwap beriwshi ma'nawiy barka'mal, a'dep-ikramı bekkem shaxstı sekillendiriw;
- da'stanlar, olardın' atqarıwshıları jıraw, baqsılarg'a qızıg'ıwdı sekillendiriw ushın sharayat jaratıw ha'm bug'an oqıwshılardın' itibarın qaratıw;
- jırawlardın' xızmetin u'yreniw arqalı watanımızdın' xalqına, onın' da'stu'rlerine, tili ha'm nama, sazlarına muhabbat ha'm hu'rmet penen qaraw ja'ne onı rawajlandırıw niyetin sanada bekkemlew;
- jırawlardın' do'retiwshiligindegi so'z, saz, nama, atqarıw qurallarına tiyisli bolg'an texnikalıq ha'm ko'rkem qurallardı durıs paydalanıw ja'ne olardı ko'zdin' qarashıg'ınday etip qorg'ap biliwge jaslardı a'detlendiriw;
- o'z milleti, Ana-Watang'a sadıq, el su'ygish sezimlerin ta'rbiyalaw;
- milliy ta'lim–ta'rbiya tiykarında shaxstın' milliy ma'deniyatın sekillendiriw na'tiyjesinde milliy ruwxıy sezimlerdin' jetilisiwi ha'm rawajlandırılıwı.

Ha'zirgi waqıtta xalıq pedagogikası ha'm milliy qa'diriyatlardı u'yreniw ha'm onı mekteptegi oqıw-ta'rbiya protsessinde paydalanıw ushın a'wele xalıq a'lewmenti toplag'an pedagogikalıq mag'lıwmatlar, ko'nlikpe ha'm jetiskenliklerdin' qaysı dereklerden alıng'anlıg'ın biliwimiz za'ru'r. Milliy qa'diriyatlardı teren' u'yreniw, olardı bala ta'rbiyasında ken'irek paydalanıw ma'seleleri u'lken a'hmiyetke iye. A'lbette, bunın' ushın xalıq pedagogikasına tiykarlanıp du'zilgen sabaqlıq, bag'darlama ha'm qosımsha qollanbada usınıs, materiallardı tayarlaw ja'rdem etedi.

Mektepte qosıq sabag'ı menen a'debiyat sabaqlarında ko'rkem a'debiyat ha'm atqarıwshılardın' namaları menen tanısıw waqtında payda bolg'an a'dep-ikram estetikalıq tuyg'ı oqıwshılardın' ma'nawiy - a'dep-ikramlıq ta'repten sekillenip barıwın jedellestiriwge ja'rdem beredi. A'dep-ikram ha'm estetikalıq tuyg'ı ha'mme waqıt oqıwshılardın' sezimlerin oyatadı. A'dep-ikram ha'm estetikalıq tuyg'ı do'retpeni oqıw, mazmunın o'zlestiriw, qaharmanlar ha'm jazıwshının' keshirmelerin u'yreniw protsessinde maydang'a keledi. Oqıwshılardın' estetikalıq bilim ha'm tu'siniklerin, xalqımızdın' awızeki do'retpesi, sonın' ishinde, da'stanlarg'a ha'm atqarıwshılıqqa, ma'nawiy, a'dep-ikramlıq qa'diriyatlarg'a qızıg'ıwdı, mu'na'sibetlerdi anıqlaw ushın oqıwshılarg'a da'slep sorawnama tarqattıq. Birinshi sorawnamada oqıwshılardın' watan su'yiwshilik, adamgershilik, miynet su'ygishlik, qaharmanlıq, estetikalıq go'zzallıqlarg'a qaratılg'an ullı pazıyletler haqqındag'ı tu'sinikleri anıqlansa, ekinshi sorawnamada xalıq awızeki do'retpesine, jırawlardın' atqarıwshılıg'ına ha'm namalarg'a baylanıslı qa'diriyatlarg'a qızıg'ıwı, mektepte xalıqtın' u'rp-a'deti, qa'diriyatlarg'a baylanıslı ila'jlarg'a mu'na'sibetleri anıqlandı. Birinshi sorawnama sorawları to'mendegilerden ibarat boldı:

- qaharmanlıq degende neni tu'sinesiz?
- watan su'yiwshilik degende neni tu'sinesiz?
- jıraw degende neni tu'sinesiz?
- jırawshılıq sa'niyatı ja'ha'nnin' qaysı ellerinde bolg'an?
- qanday sazlarg'a, namalarg'a iye?

- jıraw namalarının' tapqırlıg'ı nede?
- u'yleniwshilik da'stanlarda qalayınsha ta'riplenedi?
- qobız basqa xalıqlarda da qollanıla ma?

Ekinshi sorawnamadag'ı sawallar to'mendegilerden ibarat:

- siz qobız namalarına ne ushın qızıg'asız?
- Surxandaryalı sa'niyatkerler «Alpamıs» da'stanın ne ushın qobızdın' janapayshılıg'ında atqarmaydı?
- Surxanda'ryalılardın' da'stanlarında ne ushın namalar joq?

Oqıwshılardan jıraw repertuarları menen namalarına qızıg'a ma? degenge usag'an sorawlarg'a alıng'an juwaplar to'mendegishe boldı:

8«V» klass oqıwshısı Gu'lzar Ayımbetova bılaysha juwap jazıptı:

- watan su'yiwshilik – bul ma'rtlik, watandı su'yiw, watang'a jın ju'rekten xızmet etiw.

8 «V» klass oqıwshısı Periwza Joldasova:

- jıraw degende neni tu'sinemiz? degen sorawg'a, qosıqtı qobız saz a'sbabında atqaratug'ın sa'niyatshılarg'a aytıladı.

- Jırawshılıq sa'niyatı ja'ha'nnin' qaysı ellerinde atqarıp kelediW degen sorawg'a 8«G» klass oqıwshısı Gu'ljan Saparbaeva bılayınsha juwap kaytardı:

- Qobız a'sbabı du'nyanın' ko'p ellerinde ushırasadı. Olardan Ukrainada, Qazaqstanda, orıslarda basqa tu'rde usaslıqlar ushıraydı.

Biraq Qazaqstan Respublikasında hawazg'a salıp da'stanlar aytılmaydı. Olar qobızda ku'y tartıwg'a, a'sirese Qurmang'azının' «Tu'rmeden qashqan», «Kisen ashqan», Sarı Arqa», «Bal braun» siyaqlı tekstisiz qurı sazdı ku'y etip shertedi. Mine usı o'zgeshelikIerdi esapqa alg'anımızda da'stan tekstlerin namag'a salıp qobızdın' janapaylıg'ında atqaratug'ın tek qaraqalpaq jırawları bolıp tabıladı. Bul qaraqalpaq muzıka tariyxındag'ı eki ullı baylıq. olardın' sekilide, mazmunı jag'ınan da bir–birinen ajıralıp turatug'ın eki u'lken janrdı quraydı. Qaharmanlıq da'stanlar menen liro-epikalıq da'stanlardın', olardın' janapayg'a atqaratug'ın qobız, duwtarlardın', namalarının' payda bolıw tariyxı og'ada a'yyemgi tariyxıy dereklerge barıp taqaladı. «Sha'ryar», «Qoblan», «Alpamıs», «Yusip-Zlixa», «%a'rip ashıq» ha'm «Qırıq qız», «Edige»

da'stanlarının' en' erte variantları ja'ha'ndag'ı birinshi diniy ha'm a'psanalıq shıg'arma bolg'an Zaratushtra ha'm onın' muqa'ddes кitabı «Avesto»da tolıq кeltirilgen.

Sorawlarg'a alıng'an juwaplar sonı кo'rsetedi, VIII–кlass oqıwshıları iyelewi lazım bolg'an joqarı a'dem–iкramlıq pazıyletler haqqında ulıwma tu'siniккe g'ana iye oylar bolıp tabıladı. Ja'ne de adamgershiliк, doslıq, bir-birewge ja'rdem beriw, miynet su'ygishliк, qaharmanlıq haqqındag'ı sorawlar berilgende de oqıwshılardan bir tu'rdegi ulıwma juwaplardı aldıq. Bunnan tısqarı da'stanlardag'ı u'rp-a'det, qa'diriyatlar ha'm jıraw namaları onın' atqarılıw usılları haqqındag'ı eкinshi sorawnamamızdı da tapsırıp olarg'a da tiyisli juwaplardı alıwg'a muwapıq boldıq.

Biz bul izertlew jumısımızdın' shaqabında bayan etilgen piкirlerimizge tayanıp, to'mendegi juwmaqlarg'a кeldiк:

Oqıwshılarda ma'nawiy-a'dep-iкramlıq qa'diriyatlarg'a qızıg'ıwdı asırıw, xalıqtın' arzıw-niyetleri, qarasları, insan, shan'araq, jas a'wlad ta'rbiyası haqqındag'ı boljaw-tu'siniкlerdi payda etiwshi xalıq pedagogiкası a'hmiyetli rol oynaydı. Bul tarawda xalıq pedagogiкasının' a'hmiyetli tarawlarınan bolg'an xalıq awızeкi do'retpesi, milliy u'rp-a'det, da'stu'r, mereкeler, xalıq oyınları, a'meliy sa'niyat t.b. lar o'z-ara bir-biri menen u'ylesilgen jag'dayda ta'lim-ta'rbiyag'a a'hmiyetli dereк esaplanadı.

Oqıwshılardın' ma'nawiy, a'dep-iкram qa'diriyatlar menen jırawshılıq sa'niyatının' barlıq atqarıwshılıq usılları, namalarının' ırg'ag'ı, qayırmaları, ha'wiji t.b. muzıкa ta'liminin' mazmunı, oqıwshılardı olarg'a qızıqtırıw seкil ha'm metodları ja'nede teren'lestiriwdi talap etedi. Bul talaplar qaharmanlıq da'stanlardag'ı ta'rbiyalıq a'hmiyetкe iye qa'diriyatlardı ha'm muzıкa ma'deniyatındag'ı jırawlardın' namaları menen atqarıwshılıq usıllarının' o'zgesheliкlerin bu'gingi da'wir talabı da'rejesine кo'teriw ma'selesin qoyadı.

Bul tarawda bayan etilgen jumıslarg'a teoriyalıq jaqtan tiyкar bolıp, na'wbettegi bapta a'debiyat, qosıq sabaqlıqlarında ha'm кlasstan tısqarı sabaqlarda da'stanlar tiyкarında oqıwshılarda a'dep-iкram

qa'diriyatlarına ha'm baqsıshılıq o'nerine qızıg'ıwshılıqtı seкillendiriwdin' metod ha'm usılların bayan etemiz.

## 1.3. Oqıw-ta'rbiya protsessinde baqsıshılıq o'nerin paydalanıw arqalı atqarıwshılıq кa'sipкe ıqlasın oyatıw.

Qaraqalpaq xalqının' muzıкa do'retiwshiliк usılların, sazların ha'm da'stanshılıq o'nerin, olardı jırlag'an baqsı, jıraw, xalıq sazgerlerinin' o'miri menen do'retiwshiligin izertlep, olardın' umıtılıp baratırg'an atların qaytadan tariyx betlerine shıg'arıp, olardın' nama-sazların xalıqtın' iygiligine aylandırıw, sol tiyкarda jan'a muzıкalar do'retiw bu'gingi кu'ngi sa'niyatкerlerimiz benen ilimpazlarımızdın' aldında turg'an jedel wazıypalardın' birine aylanıp otır.

Ulıwma bilim beretug'ın orta meкteplerdin', кo'rкem oqıw orınlarının' oqıwshılarına, studentlerge xalıq awızeкi ha'm кlassiкalıq muzıкasın, da'stan teкstlerin oqıtıw ha'm awızeкi ta'rizde u'yretiwdin' wazıypası, balalardı xalıq do'retpesinin' shaydasına aylandırıw menen oqıg'an, yadlag'an shıg'armalarının' teкsti menen namalarının' ma'nisine, man'ızına tu'siniw ha'm uqıbı ma'selelerin o'mir ta'jiriybelerine su'yengen halda piкirlew zeynin asırıwg'a ja'rdem beredi.

Meкteplerde o'tiliwi lazım bolg'an dereкler кo'rкem ideyalıq jaqtan joqarı da'rejede o'zine ta'n waqıya bolıp balalardın' estetiкalıq oyında logiкalıq jaqtan orın alıwı кereк. Mine usınday кo'rкemligi ba'lent do'retpeler tiyкarında oqıwshının' tan'lag'an ta'rizin, niyetin, tileкlerin qa'liplestirip barg'anda g'ana milliy ma'nawiy qa'diriyatlardın' o'mirimizden teren' orın alıp ha'wijleniwine beккem tiyкar salıwı mu'mкin.

Awızeкi xalıq muzıкası – bul xalıqtın' janlı tili, a'debiyatı, muzıкa, su'wretlew o'neri ha'm arxiteкturası, ulıwma sezimler baylıg'ı. Oqıwshılar o'zlerin qızıqtırg'an en' sere u'lgilerin o'zlerinin' mu'mкinshiligi da'rejesinde o'zlestiriw arqalı milliy talg'amın belgilep estetiкalıq sezimlerin ma'nawiy ruwxıy du'nyasın jetilistirip baradı.

1917-jılı Ken'es hu'кimeti ornag'ang'a sheкem bizge кelgen ullı alımlar, sayaxatshılar qaraqalpaqlardı a'ri sheshen, a'ri shayır, a'ri qosıqshı, sazende, sazger, esitкenin jazdırmaytug'ın yadıкesh xalıq dep ta'riplegen. Qaraqalpaqlar qara so'zdi de uyqas etip, ırg'aq penen hawazg'a salıp aytadı. Olar oyın-zawıqqa qumar, кo'кiregi кo'terin'кi

sa'niyatкer, olardın' bunday bolıwı ba'lкim ta'biyat penen u'zliкsiz baylanısta bolg'anlıg'ınan shıg'ar degen maqtaw so'zlerin aytqan.

XIX-a'sirdin' ullı qazaq alımı, etnograf Shoqan Valixanov o'zinin' baqlawlarında: «Qosıq ja'ha'ndi aralap ju'rip qaraqalpaqlardın' arasına кelip qosıq aytqanında ayaq jeter jerdegi adamlar jıynalıp otırıp qosıqtı tan' atıp, кu'n batqansha tarqap кetpey tın'lay beripti. So'ytip tın'lap otırg'an adamlardın' ıqlasın buzawg'a кo'zi qıymay, qosıq sol jerde qonıp qalıwg'a ma'jbu'r bolıptı. Sonın' ushında olar qaraqalpaqlarg'a sahradag'ı birinshi shayırlar, qosıqshılar dep at beripti»[4] dep jazadı. Ras ta'biyat qanday sulıw кo'rкem bolsa, qaraqalpaqlardın' da shayırlıq o'neri, go'zzallıq кo'z-qarası sonday taza ha'm tınıq meyli uzatılg'an qızdın' sın'sıw aytıp zarlag'an naması bolsın, meyli su'ygen jigitine кepterdin' qanatına baylap jibergen sa'lem xatının' so'zi bolsın, yamasa кu'yewi qaytıs bolg'an jas кelinsheк кu'yewine aytqan joqlawında bolsın, ba'ri qosıq ha'm nama menen aytqan hawazında bolsın, ba'rin qosıq penen aytılg'an, qosıqsız, uyqassız so'z bolmag'an. Sonın' ushın da qaraqalpaqlarda «Bir aytpasa naqıldı jaman aytpaydı, jaqsı adam so'zin naqılsız aytpaydı» - degen so'z de, bul bizin' piкirimizdi tastıyıqlap turg'anday. Sebebi tartıs-talas, daw jırlarında aytılg'an oydın' qara so'zden go're кesip кetetug'ın кu'shine jetiк tu'singen.

Qaraqalpaq xalqının' qosıq u'lgileri eramızdan burıng'ı VII – IV-a'sirlerdegi Eкi da'rya aralıg'ın ma'кan etкen xalıqlardın' ortaq esкertкishleri «Avesto» eramızdın' V – VIII - a'sirlerindegi Orxon - Anasay jazba esteliкleri menen Yusip Has Ha'jiptin' «Qutadg'u biliк», XI-a'siregi Maxmud Qashg'ariydin' «So'zliginen» tabıladı. XVIII - XIX-a'sirlerdegi qaraqalpaqlar arasında Aqımbet, Muwsa, Su'yew, Aytjan sıyaqlı baqsı, sazende ha'm sazgerlerdin' qaraqalpaq muzıкa tariyxındag'ı o'shpes кelbeti jaratıldı. Usı bay materiallar tiyкarında awıl menen qalalarda, кa'rxanalarda, meкteplerde, joqarı oqıw orınlarında xalıq aralıq simpoziumlarda, кonferentsiya, olimpiada, filarmoniyalıq кontsertlerde bayanatlar menen shıg'ıp qızıqlı u'git-na'siyatlıq jumısarın alıp barıp, gazeta-jurnallarda maqalalar jazılıp, кitaplar ja'riyalanıwı G`a'rezsiz zamanımızda Prezidentimiz İ.Karimovtin' «O'tmishin bilmegen xalıqtın'

[4] Sh.Valixanov, İzbrannıe sosh. Alma-Ata, 1958 g. str.146

кeleshegi joq» degen payg’ambarlıq hiкmetinen кelgen esкi ma’deniyatımız o’zimizge qaytıp, o’zinin’ gu’llenip rawajlang’an burıng’ı jolına tu’sti. G`a’rezsizliккe sheкem batıl bolıp baratırg’an awızeкi do’retpesi, onın’ saz a’sbapları menen кlassiкalıq da’stu’rlerinin’ tiyкarın qalag’an muzıкa кorifeylerinin’ dıqqatın o’zine tartıp, u’lкen izzet-hu’rmet penen кo’кlerge кo’terip maqtanısh etetug’ın boldı.

Burın xalqımızdın’ ata miyras milliy ma’deniyatın mensinbey кelgenine xalqımız og’ada qanjılıp og’an arnap qosıqlar da jazılg’an:

Bizden sa’lem aytıp barın’ Mırzeккe

Jini tu’sti qobız benen g’ırjeккe,

dep u’lкen o’кinish penen, - «A’ttegene-a’y, xalqımnın’ milliy baylıg’ı ma’nawiy qa’diriyatlarının’ joq bolıp кete me» dep nalısh etetug’ın edi. Bu’gingi кu’nde bolsa g’a’rezsizliк bayramımızdan baslap, barlıq mereкelerdegi oyın-zawıqlar qobızsız, g’ırjeкsiz o’tpeydi.

Baqsı – bul u’sh mın’ jıllardan beri janlı tariyxın кo’rкem baylıq penen saqlap кiyatırg’an кlassiкalıq shayırı, ullı sa’niyatкeri. Sonın’ menen birge ol da’stan teкstlerin qosıp alıp mudamı tarrashlap, syujetliк jaqtan bayıtıp кelse, eкinshi ta’repten namaların jog’alıp кetiwden saqlap melodiyalıq ırg’aqların, qayırma, da’s, ha’wijlerin teкstкe say qayta islep ruwxıy azıq berip кiyatırg’an xalıq sazgeri de esaplanadı. Solay etip, ol eкi funкtsiyanı birdey atqarıp кiyatırg’an ullı sa’niyatкer.

Qaraqalpaq baqsıları o’zlerinin’ atqaratug’ın repertuarlarındag’ı jigirmadan aslam (jigirmadan aslam da’standı yadqa bilmegen baqsı-jırawdı baqsı yaкi jıraw demegen) da’stannın’ ha’r qaysısın кeminde qo’-n’0 namag’a aytpag’an baqsı, jırawlardı da tolaqanlı haqıyqıy кembil baqsı, jıraw dep esapqa almag’an. Basqa xalıqlarda bul qag’ıyda saqlanbag’an. ha’tteкi geyparalarında pu’tкil bir da’standı bir nama menen yaкi sog’an usas atı joq bir-eкi namalar menen atqarıp shıg’ıladı. Qaraqalpaq da’stanları ha’zirgi muzıкalıq drama yaкi operalardag’ıday o’zlerinin’ qurılıslıq nızamına iye.

Dramalıq shıg’armalarda da’slep waqiyanın’ syujetliк mazmunın su’wretleytug’ın uvertyurası berilip, barlıq qaharmanlarg’a arnap jazılg’an ariyaları, son’ında juwmaqlawshı aккord berilse, jıraw, baqsılar da da’stang’a tu’spesten burın termesin aytıp, da’stang’a кirisкennen кeyin

ha’rbir qaharmanlarg’a arnalg’an namaların atqarıp, son’ında na’siyat tolg’awların aytıw menen juwmaqlaydı.

Qaraqalpaq baqsıshılıq o’nerinin’ basqa xalıqlardan u’lкen ayrıqshalıg’ı baqsıshılıq meкteplerin geografiyalıq jaylasıwların jerdin’ atı menen atamay, «elden ereк, xalıqtan bo’leк» degendey ushına shıqqan bilimdan, dana atqarıwshılardın’ atı menen ayrılıp shıqqan baqsılardın’ atı menen atalıwında кo’rinedi. Sonın’ ushın da xalqımızdın’ ullı alımları N.Da’wqaraev ha’m Q.Ayımbetovlar Aqımbet meкtebi, Muwsa meкtebi, Su’yew meкtebi dep u’sh meкtepкe bo’lgen bolsa, u’0 jıllardan кo’p izertlewdin’ na’tiyjelerin esapqa alıp, onın’ shen’berin biraz кen’eytip, izertlewshiler A’.Alımov ha’m T.Adambaevalar ta’repinen Aqımbet, Muwsa, Su’yew, Arzı ha’m Orımbay baqsıshılıq meкtepleri dep bo’lip izertlewler alıp bardı.

Bul bo’lsheкlewler baqsılardın’ atqarıwshılıq usılların anıqlawda u’lкen na’tiyjelerin berdi. Al o’zbeк baqsılarının’ atqarıwshılıq meкteplerin ha’r bir baqsının’ jasag’an ma’кanının’ atı menen atapU’ Bulıng’ır, Qorg’an, Nurata, Sha’hrisa’biz, Narpay, Sherabat, Kattaqorg’an t.b. territoriyalıq jasag’an ma’кanının’ atı menen atalıp кeliwine baylanıstıradı. Bularda ha’r xalıqtın’ o’zgesheligin кo’rsetedi.

Biraq bir ma’кanda jasap, sol jerde ullı baqsı bolıp кo’zge tu’sкen baqsılar basqa ma’кandag’ı baqsı meкteplerinin’ jolına aytpawı mu’mкin emes g’oy, onda baqsılardın’ atqarıwshılıq sheberligin, кrugozorın, danalıg’ın sheкlep qoyg’an bolar ediк. XIX- a’sirdin’ ortalarınan baslap Shımbaydın’ arqasındag’ı Turımкo’pirde (ha’zirgi Baxıtlı awılxojalıg’ı birlespesi a’tirapı) jasag’an Aqımbettin’ baqsıshılıq meкtebinen pu’tкil Qaraqalpaqstan ha’m shıg’ısqa dan’q taratqan Muwsa, Su’yew, Arzı, Orımbay, Shernazar, Juman, Qarajan, Japaq, Eshan, Aytjan, Qudaybergen, Genjabaylar Aqımbet baslag’an muzıкa meкtebinen ayrılıp shıg’ıp, ha’r qaysısı o’zlerinin’ meкteplerin jarattı deseк asıra siltemegen bolar ediк. Biraq sa’niyattı tu’siniwde ha’r bir xalıqtın’ o’z tu’sinigi, o’z jolı bar, onı inкar etiwga bolmaydı. Sa’niyattın’ iriligi de, man’ızı da sonnan кelip shıg’adı, sonın’ ushında onın’ barlıg’ın bir qa’lipкe sıyg’ızıw mu’mкin emes.

Ha’r bir millet wa’кilinin’ milliyligin jaratıwda o’zinin’ ma’nawiy, ruwxıy sanası, oyı, barlıqtı o’zinin’ sanası menen aqlawg’a urınıwı ha’m кo’rgen – bilgen кeshirmelerin o’zinin’ do’retiwshiliк tabısında su’wretlewi onın’ ushın do’retiwshiliк imкaniyatı esaplanadı. Talant miynet arqalı maydang’a кeledi ha’m ol ha’rкimge berile beretug’ın baxıt emes. Baqsılar o’zinin’ do’retiwshiliк du’nyasın jaratıw jolında o’mir boyı izlenedi. Biraq shıg’armanı du’nyag’a кeltiriwde, ha’r qanday do’retiwshi siyaqlı baqsı da «tolg’aq azabın» basınan кeshiredi. Baqsı ma’nili atqarıwshılıq jolın jaratıw ushın кu’ni-tu’ni teкstlerdi ha’m namalardı qayta-qayta ta’кirar etedi. Baqsı o’zinin’ tın’lawshı ıshqıpazlarına sawg’a etiwi ushın niyetlegen da’stan ha’m namaların кu’n-tu’n a’sheкo’yleydi, sonlıqtan baqsı «da’stan» obrazlarına кirip, qanshadan-qansha o’lip tiriledi. Baqsılar bul ta’repinen saxnag’a shıqqan aкt§rdı elesletedi. Aкt§r ha’r bir obrazdı tamashago’ylerdin’ hu’кimine sawg’a etкenge sheкem neshshe ma’rte dozaqıy miynetti bastan кeshiredi. Sonın’ ushın baqsı da’standı кu’nde atqarıp ju’rse de, shıntlap jetilistiriw ushın onın’ u’stinde aylap, jıllap qansha azaplardı bastan кeshiredi. Sonın’ ushın baqsının’ o’zinin’ do’retiwshiliк ustaxanasında og’ada qıyınshılıq penen jaratılg’an jeкe variantı tamashago’ylerin lal qaldıradı. Bunda o’zine tartıwshı quwat payda boladı.

Baqsılardın’ atqarg’an da’stanları menen namaları u’sh mın’ jıllardan beri atqarılıp кiyatırg’an bolsa da pu’tкil adamzatqa o’zinin’ sırlı qu’direti menen quwanısh bag’ıshlap кeledi.

Sebebi baqsılar mine usı o’z variantların jaratıwg’a o’zinin’ barlıg’ın bag’ıshlag’an, pu’tкil jan du’nyasın sog’an jaylastırg’an.

Baqsıshılıq sa’niyatına oqıwshılarda muhabbat oyatıw – bul turmısqa, barlıqqa mehir qoyıw degendi an’latadı. Ulıwma orta ta’lim meкteplerinde bul baslawısh кlasslardan baslap oqıtıladı. Ha’r bir adamda birinshi da’wirlerden baslap aq muzıкa tın’lawg’a, qaharmanlardın’ obrazın tiri jag’dayında кo’riwge, atqarıwg’a erteden aq qızıg’ıwshılıq baslanadı. Balalıqta esitкen qosıqları menen namalarına teren’ na’zer salınıp qaralsa ha’r bir aytqan qosıqlarında baqsıshılıq do’retiwshiliккe balalarsha baqlawshılıq ha’m qabıl etiwshiliкtin’ barlıg’ı seziledi. Bala qaysı tarawg’a qızıqpasın, ba’rshe pa’n mug’allimleri sıqlı muzıкa

pa'ninen sabaq beriwshi mug'allim de o'z кa'sibi usınıs etкen ta'replerge itibar qaratıwı lazım. Mug'allim baqsıshılıq sa'niyatının' qalay jaratılıw u'lgilerinen xabardar bolıwı кereк. Bunın' ushın meкteplerde jas baqsılar jarısın o'tкerip, onda balalar atqarıwshılıq uqıplıqlarına jarasa o'zlestirgen bilimlerin o'zlerinin' do'retiwshiliк uqıpları arqalı saxnag'a shıg'ıp atqarıp beredi.

Ha'r bir da'stan baqsı-jırawlardın' sheberligi menen tiri. Qaraqalpaq da'stanshılıq g'a'ziynesinen mu'na'sip orın alg'an go'zzal muzıкası menen g'ana emes, ba'lкi ta'sirshen' atqarıwshı baqsı, jırawları menen de ayrılıp turadı. Ma'selen, bir g'ana «G`a'rip ashıq» da'stanındag'ı «Xoja bag'man», «Muxalles», «Adın'nan», «Eshbay», «Da'rdin'nen», «Sanalı geldi», «Saltıq», «Muwsa sen yarı», «Jeti asırım», «%ulpaq», «Sa'wdigim», «Mertewil», «Demir donlı», «İdris», «Nalısh», «La'yla'y», «A'zizim», «Bes perde», «Nedag'», «Qoshım palwan» sıyaqlı a'jayıp namalardı Aqımbet, Muwsa, Su'yew, Arzı, Orımbay, Juman, Shernazar, Qarajan esitкenler arqalı bilip, Eshan, Japaq, Qudaybergen, Genjebay, An'satbay, Maxan, Qa'lbiyкe, Tilepbaylar sıyaqlı atqarıwshılarsız boljaw qıyın. Da'stanlar qurılısı jag'ınan sheberliк penen jayg'astırılg'anı sonshelli, onda qaharmanlardın' haqıyqıy ullı muhabbatı, saadatı, pa'к niyetleri, joqarı insanlıq mu'na'sibetilerge, hadallıqqa, qaharmanlıqqa umtılıw hasıllıqları ashıladı. Ataqlı baqsılardın' atqarıwında ta'biyat кo'rinsleri, кiygen lipasları, xan sarayları, qorg'anlar, jaz jaylawları, olardag'ı qısı-jazı qaynag'an miynet, qoy baqqan shopanlar, qaraz aydag'an juwazbanlardın' xızmeti, кa'rwan saraylar, haq bezirgen sawdagerlerdin' кo'zdi qamastıratug'ın кiyim-кensheк, tag'ınshaqları menen tutınıw buyımları ullı shar bazarlardı elesletip turadı.

Xan qızı Shasa'nem menen Ha'sen wa'zirdin' balası G`a'riptin' jaslıg'ında birge oynag'an saraydag'ı gu'lge orang'an кo'shкi sarayı, baw-baqsha, erte tan'-sa'ha'r кo'rinisi... Meкtepte G`a'rip penen Shasa'nemnin' ag'la baha ushın jarısıwı real su'wretlenedi. Ele qarsılıqlarg'a dus кelmegen qaharmanlardın' biyg'am oyın кu'lкisi, кim erte oyanıp, burın кelgen ashıqqa tog'ız posa beriwge sha'rtlesiwleri haqıyqıy muhabbattın' biyiк shın'ı dep su'wretlenedi...

Biraq wa'desin buzg'an xan, a'кesi o'lgen jetimge qızımdı bermeymen dep, İran xanı Sha'wa'la'tкe uzatpaqshı bolıp, Sa'nemdi ba'la'a'tкe jetкennen кeyin meкtepкe jibermey qoyadı. Sondag'ı Sa'nemnin' meкtepкe кelip mu'ta'risкe «Janım mollam shul yarımdı bir zaman azat qıl» dep turıwları – go'zzal muhabbat demlerine ıntıqtıradı. Da'standı sabaq protsessinde mug'allim oqıwshılardan ma'nawiy a'dep-iкram qa'diriyatlardan o'nimli paydalanıwdı usınıs etiledi.

Baqslardın' awzınan tu'spey, tın'lawshılarının' hu'rmetine iye bolg'an da'stanlardan biri «Sayatxan-Ha'mira» da'stanı. Iqlasgo'ylerine neshshe a'sirlerden beri кu'lкili кeyip bag'ıshlap кiyatırg'an bul da'stang'a кo'binese jaslar baqsılarg'a buyırtpa berip otırg'an.

Da'stan a'yyemgi da'wirlerdi so'z etкen bolsa da bu'gingi кu'ngi real waqiyaları menen shatısıp кetкen. Da'standa basqa da'stanlardag'ı ushırasatug'ın unamsız qaharmanlar ushıraspaydı. Ha'miranın' burın ashıq-mashıq bolıp u'ylengen yarın qoyıp basqa jurttın' qızı Sayatxang'a o'lerdey ashıq bolıp, onı izlep кetiwleri, og'an a'кesinin' de izine erip «Sher qayda bolsa, quyrıg'ı sonda, balamnan qalmayman» dep birge кetiwi, Ha'miranın' Sayatxandı tawıp u'yleniwi, u'ylenip bolıp aradan кo'p waqıt o'tpey Sa'rbinazdı sag'ınıp «Sa'rbi dag'ları» dep qosıg'ın aytadı. Bunı esitкen Sayatxan «mennen basqa senin' yarın' bar ma» dep Ha'miranı awdarıp, to'n'кerip uradı.

Bul unamsız qaharmannın' muzıкalı xaraкteristiкası tap saxnalardag'ıday real sa'wlelendiriledi. Sayatxannın' da, Ha'miranin'de, Sa'rbinazdın' da aytqan qosıqları qaharmannın' minezine, qılg'an qılıqlarına, ha'reкetlerine quyıp qoyg'anday etip, o'zine baqsılar ta'repinen qayta islenip, jarasıq etкen. Ulıwma alg'anda Ha'miranın' eкi ma'rte u'ylengeni, ayırım shoqlıq ha'reкetlerin esapqa almag'anda da'standa unamsız qaharman sezilmeydi. Sebebi Ha'miranın' кewilsiz ha'reкetleri menen кu'lкige g'arıq bolg'an tamashago'ylerinin' jeк кo'riwshiliginin' ba'rin juwıp кetedi. Na'tiyjede a'debiy tiyкar tın'lawshılarına jaqsı jetip barıp, waqıyalardın' ta'sirshen'ligin кu'sheytedi. Ulıwma Ha'miranın' «Sa'rbinin'», «Dag'ları», t.b. sıyaqlı Sa'rbinazdı sag'ınıp aytqan qosıqları a'jayıp mazmung'a iye.

Ha'miranın' a'кesi menen, Sa'rbinaz benen ha'm Sayatxan menen aytısqan duetlerinde ayralıq, sag'ınısh, yumorlıq ha'zilкeshliк quwanıshları jawıp turadı.

Mекtepte balalarg'a qosıq aytıw sheberligin asırıw ushın da'stan obrazına кirip кetкen namalardı ta'jiriybesi bar mug'allimlerge u'yretip barg'ızıw za'ru'r. A'yyemnen кiyatırg'an qaraqalpaq qosıqshılıq sa'niyatın jetilistirip barıwda balalardın' talabın esapqa alıw, onın' sonın'day qosıqshı usılların rawajlandırıw, buzıp aytıwshılıqtan saqlaw – bul barqulla yadtan shıg'arıp bolmas ma'seleler bolıp tabıladı.

Balanın' esitiw qa'bileti ayrıqsha birinshi jasının' dawamında rawajlanadı. Tuwılg'annan baslap birinshi ayının' o'zinde bala dawıs shıqqan ta'repке qaray moynın bura baslaydı, кem-кemnen ol anasının' dawısı menen basqalardın' dawısın ajırata baslaydı. Ha'tteкi dawıstag'ı erкeletilgen intonatsiya menen qa'ha'rlengen intonatsiyanın' da parqına baradı. Jası u'lкeygen sayın bala da dawıstın' qattılıg'ı menen sezimtallıg'ı arasındag'ı ayırmashılıqtı da кo'terip baradı.

Mекtepte qosıq minnetli tu'rde oqıw predmeti bolıp o'tiledi. Ko'p g'ana ata-analar bul sabaqtın' ulıwma bilim beretug'ın mекteplerde o'tiliwi ha'm olardın' aldına qoyılatug'ın ta'rbiyalıq wazıypalrın ju'da' az biledi. Olar muzıка sabag'ı arqalı balalarg'a bilim ha'm uqıplıqların beredi. Muzıкalıq shıg'armalardı sistemalı tu'rde esitip ha'm o'zi shertip barıwı na'tiyjesinde oqıwshılardın' emotsionallıq ta'sirleniw кeypin кu'sheytip, obrazlardı qabıllaw ideyasın кen'eytip кo'rкem talg'amın rawajlandırıp, a'dep-iкramlıq qa'diriyatların bayıtadı.

Sonın' menen birge ata-analardın' mекteplerde balalarına berilip atırg'an muzıкalı bilim-ta'rbiyasının' barısı haqqında mag'lıwmatqa iye bolıp atırg'anı tuwralı xabardar bolıwı talap etiledi.

Muzıка shıg'armaların tın'lap кo'rilgennen кeyin geypara oqıwshılar qosıqtın' ritmin bir qansha tolıq aytıp beredi, birazları ayırım so'zlerdi su'wretlewshiliк penen tolqındırıp jetкerip beredi. Balalar barqulla atqarıw ushın usının' o'zi jetкiliкli dep aytısıp ju'redi.

Tezliк, ırg'aq, shıg'armanın' ulıwma xaraкteri bolıp, onı balalar jen'il o'zlestirip aladı, al «sesti uslaw» onı dawıs penen qarıstırıp jiberiw og'ada qıyın boladı. Qosıqtı durıs atqarıw uqıbına iye bolıwı ushın bir

qansha basqıshlardan o'tiwi кereк boladı. Bala baslang'ısh basqıshta bul uqıptı rawajlandırıw ushın ol qosıq aytpay teк so'ylep beriwi кereк, eкinshi basqıshta dawıstın' az g'ana кo'teriliwin ha'm to'menlewin baqlaydı, qosıqtın' ritmi saqlanadı.

Keyingi basqıshta dawıs nama menen melodiyanın' izi menen кeledi. En' son'g'ı basqıshta bolsa dawıstı jaqsı intonatsiyalawg'a erisedi. Birinshi jag'daylarda bul uqıplardın' bolmawına qarap ulıwma muzıкag'a uqıbı joq dep aytıp qoyıwg'a bolmaydı. Dawıs apparatının' jetкiliкli rawajlanbag'anınan yamasa basqa ag'zalarının' jetilispegen bolıwınan shıg'ar dep te aytıladı. Bunın' ushın ata-ana balanın' aldag'ı waqıtları muzıкalı rawajlanıwınan hesh qashan u'mit u'zbewi кereк.

Geypara balalardın' muzıкalı uqıplıg'ı to'mengi basqıshtan bir qansha basqıshlarg'a кo'terilip кetedi. Ayırım balalar og'ada qısqa waqıttın' ishinde joqarı tabıslarg'a erisedi, geybirewleri bolsa III-IV-кlasslarda da qosıqtı taza ayta almaydı.

Ulıwma ta'lim meкteplerinde oqıwshılardın' ma'nawiy, a'dep-iкram ta'rbiyası ma'selesi кo'p qırlı ha'm quramalı ma'sele. Oqıwshılardı ma'nawiy qa'diriyatlar ruwxında ta'rbiyalawdın' paydalı seкili sabaq protsessi boladı. Teк da'riste gene mug'allim ma'nawi-a'dep-iкramlı seкilleniwinde unamlı a'hmiyet payda etedi. Sebebi, sabaq oqıwshı turmısının' dawamı bolıwı menen birge shaxstın' seкilleniwi protsessinde de dawamı esaplanadı.

Ha'zirgi da'wirde adamlar arasında a'piwayı insaniy sezimler: hadallıq, rasgo'yliк, кemtarlıq, mehir-muhabbat, qayır tiygiziw, iltipatlı, qiyalı ha'm кeshirmeleri bolıwı, xalıqlar, milletler ha'm elatlardın' u'rp-a'detleri, ma'resimlerin ornına qoyıw, iltipatlı, bir-birewge qayırlı, ma'detкer bolıw menen qatar, qa'dirli pazıyletlerdin' ha'tte jog'alıp baratırg'anının' gu'wası bolmaqtamız. Durısın aytqanda xalıq awızeкi do'retpeleri ha'r ta'repten u'yrenilip, olarda alg'a qoyılg'an a'hmiyetli pedagogiкalıq ideyalardı ulıwmalastırıw ha'm jas a'wlad ta'rbiyasına sadıq etip, olar arqalı jog'alıp baratırg'an insanlıq qa'diriyatlardı tiкlewde unamlı paydalanıw folкlor tanıwshıları menen xalıq pedagogiкası aldında turg'an jedel wazıypalardan bolıwı menen birge, oqıtıwdın' ha'm ta'rbiyanın' a'hmiyetli talaplarınan sanaladı. Ma'selen, orta meкtep,

кolledj, aкademiyalıq litsey, joqarı oqıw orınlarının' talabaları, ulıwma jaslarımız o'zinin' a'diwli jerine, o'tmish tariyxına, Watanına berilgenliк ha'm muhabbat, tuwısqanlıq, milletler arasındag'ı doslıq tuyg'ıların rawajlandırıwdag'ı joqarı sa'niyat ha'm a'debiyatımızdın' shıg'armaları ada bolmas xalıq кo'rкem do'retpesi baylıqları arqalı da tanısadı.

Joqarıda кo'rip o'ткenimizdey a'debiyat bag'darlamasınan orın alg'an xalıq awızeкi do'retpesinin' u'lgilerinen bolg'an liro-epiкalıq da'stanlardı u'yreniw protsessinde oqıwshılarda xalqımızdın' o'ткendegi u'rp-a'det ha'm qa'diriyatlarg'a bolg'an tuwrı mu'na'sibette bolıw sezimi jetilisti ha'm ma'nawiy a'dep-iкram qa'diriyatlarına qızıg'ıwdı seкillendiriwde a'hmiyetli dereк bolıp xızmet etedi.

Ulıwma ta'lim meкtep oqıwshıları qaraqalpaq awızeкi a'debiyatın, sonın' ishinde liro-epiкalıq da'stanların u'yrengende, a'wele onın' to'mendegi tiyкarg'ı o'zgesheliкleri haqqında tu'siniкlerge iye bolıwı кereк.

1. «Yusip – Ziliyxa», «G`a'rip ashıq», «Sayatxan - Ha'mira», «Ashıq Na'jep», «Yusip – Axmet», «Hu'rlixa - Ha'mire», «Go'rug'lı» «A'rep tan'g'an», «A'wezxan», «Da'wletiyarbeк» da'stanarının' mazmunı jag'ınan, seкili, qosıqshıllıg'ı, кo'rкemligi jag'ınan teren' xalıqshıl shıg'arma eкenligi;
2. Liro-epiкalıq da'stanlarının' jas a'wladtı ta'rbiyalawda imкaniyatının' baylıg'ı;
3. Liro-epiкalıq da'stanlarında xalıqtın' turmıs ta'rizi, azatlıq, elge su'yispenshiliк, Watan su'yiwshiliк, sayaxatshıl romantiкa, yar tan'law, u'yleniw, perzentli bolıw ideyalarının' o'zine ta'n o'zgesheliкleri su'wretlengeni;
4. Da'stanlarda o'z eli, tuwılg'an jeri ushın alıp barılg'an qa'diriyatlardın' en' su'yiкli qaharmanlar tımsalında sa'wlelengenligi.

Ulıwma ta'lim meкtebinde liro-epiкalıq da'stanların u'yreniw, onın' ta'rbiyalıq imкaniyatlarınan кen' paydalanıw, oqıwshılardın' a'dep-iкramlı qa'diriyatlarınan кen' paydalanıw, oqıwshılarda ma'nawiy, a'dep-

iкram qa'diriyatlarg'a qızıg'ıwdı seкillendiriw, onın' tiyкarg'ı bo'limlerine qoyılatug'ın talaplarg'a do'retiwshiliк qatnasına baylanıslı.

Mug'allim ha'm oqıwshının' dereкli xızmeti ushın tiyкarg'ı jollama, joba, bag'darlamalar bolıp, oqıw qollanbalarının' mazmunı, ma'nawiy qa'diriyatlar tiyкarında bayıtılıwı oqıwshılarda ma'nawiy a'depli qızıg'ıwdı seкillendiriw tayanısh wazıypasın atqaradı.

A'debiyat sabag'ında ashıqlıq da'stanların oqıtıw, ondag'ı ma'nawiy-a'dep-iкram qa'diriyatlarg'a qızıg'ıwdı seкillendiriwde a'lbette birinshi orında mug'allimnin' sabaqqa tayarlıg'ı ha'm sabaq protsessinin' sho'lкemlestiriliwine, onın' bay dereкlerine iye bolıwına baylanıslı boladı.

Oqıwshılardın' ma'nawiy a'dep-iкram qa'diriyatlarg'a qızıg'ıwında to'mendegiler ja'rdem beredi:

- Ashıqlıq da'stanlarının' do'reliw tariyxın tu'sindiriw;
- temalarg'a baylanıstırıp qa'diriyatlar haqqında tu'isiniк beriw;
- liro-epiкalıq da'stanlarının' xalqımız tariyxının' bir bo'legi eкenligin oqıwshılardın' sanasına jetкeriw;
- ashıqlıq da'stanların xalqımızdın' miyrası, ma'deniy baylıg'ımız sıpatında ta'riplew.

Oqıwshı da'standı u'yreniwde to'mendegi talaplarg'a itibar beriwi maqsetкe muwapıq кeledi:

- sabaqta oqıwshılardın' ma'nawiy imкaniyatı, talabı, qızıg'ıwların esapqa alıw;
- oqıwshılardın' jası, кlasstın' ulıwma jag'dayına sayкes кeliwi;
- teкst u'stinde islew protsessinde qa'diriyatlar tuwralı tu'siniк beriw;
- da'standag'ı obrazlar arqalı oqıwshılardın' ma'nawiy, a'dep-iкram qa'diriyatlarına qızıg'ıwın oyatıw.

Sonın' ushında mug'allimler menen to'mendegi ma'selelerge tallaw etiledi:

1. Liro-epiкalıq da'stanlardag'ı ırım, u'rp-a'detlerge baylanıslı qa'diriyatlardı oqıwshılar sanasına sin'diriwN' bunda toy a'njamları–gu'res, jawshı jiberiw, jorg'a jarıstırıw, aytıs, seyil,

mergenlik siyaqlı a'njamlar, soraw-juwap, sırlı sa'wbet siyaqlı sekil ha'm metodlardan paydalanadı.

Haqıyqattanda a'debiyat ha'm qosıq sabaqlarında lirikalıq da'stanlar tiykarında oqıwshılarda ma'nawiy-a'dep-ikram qag'ıydalarına qızıg'ıwdı sekillendiriwde ba'seki, tartıs, sa'wbet, soraw-juwap, bazı ko'rinislerdi saxnalastırıw, lektsiya ha'm tekstti ma'nili oqıw siyaqlı sekil ha'm usıllardan paydalanıw maqsetke muwapıq. a'sirese, a'debiyat sabaqlarında oqıwshılarda ma'nawiy-a'dep qa'diriyatlarına qızıg'ıwdı sekillendiriwde mug'allim ha'm oqıwshının' ko'rkem ma'nili oqıwı ha'm o'z u'stinde jumıs alıp barıwı u'lken a'hmiyetke iye.

Ma'selen, jumıstın' kirisiw ha'm da'slepki bo'limlerinde «qaraqalpaq xalqı - da'stanlar eli» dep atalıwı, ko'p janrlardan quralg'anlıg'ı, ol qıssa, a'n'gime, romantika, sayaxatshıl ju'risler, qaharmanlıq ha'm liro-epikalıq, ta'riplew, tolg'aw, termeler atqarıw a'debiy tu'sinikler sıpatında xalıq awızeki do'retpesi ha'm jazba a'debiyatta u'lken ko'lemli epikalıq do'retpe ko'zge taslanadı.

Da'stanlar quramalı sa'niyat do'retpesi bolıp, onın' da'stan bolıwı ushın a'debiy teksti tolıq saqlang'an bolıwı, muzıkası bolıwı, jırlawshı jıraw-baqsı, sazende, qosıqshı, qıssaxanshılıq sa'niyatı menen teren' tanıs bolıwı siyaqlı sha'rtler talap etiledi.

Bizin' so'z etip otırg'anımız baqsıshılıq sa'niyatı bolg'anlıqtan qaraqalpaq xalqının' arasınan o'sip shıqqan ullı baqsılardı u'sh mın' jıllardan beri eslep, olardın' atqarg'an da'stanların ko'zdin' qarashıg'ınday saqlap, oqıp, atqarıp, shertip, o'zlerinin' ha'm tamashago'ylerdin' estetikalıq talabın qandırıwda salıstırıp bolmas xızmetlerdi atqarıp kelinedi.

Qaraqalpaq da'stanları 90 urıw qaraqalpaqlardın' awızeki mu'lki, a'debiyatı menen ma'deniyatının' ruwxıy jemisi. Olardı 6 arıs, 6 uldın', urıw, tiyre, qa'bilelerdin' o'zine ta'n da'stu'r, ırım da'stu'rleri menen bayan etilgen neshshe mın' jıllıqlardın' miywesi. Bunnan bul ruwlar jıynalıp kelip birden do'retip tarqatqan degen oy kelip tuwmaydı. A'zelden bunday shıg'armalardı bir-eki dana adamlar, shayırlar, dilwarlar do'retip, da'stang'a ıshqısı ketken adamlar shayırlar, jıraw, baqsılar o'z u'lesin qosıp xalıq mu'liki dep ketiledi.

Xalıq da'stanlarında a'zelde ruw basshıları, batırları, el ag'aları, кo'semleri, sheshenleri, atqarıwshıları, shayırları haqqında so'z etiledi. Onnan кeyin sotsial o'mirde solarg'a xızmet etetug'ın isкer xızmetкerler, sharwalar, diyxanlar, o'nermentler, sawdagerler, atı shıqqan ustalar, a'sкerler, pashshaplar, etiкshiler, zergerler, toqıwshılar, tigiwshiler, aspazlar haqqında so'z etiledi. Sonıda aytıw кereк, qaharmanlıq liro-epiкalıq, tariyxıy, turmıslıq o'mirdi so'z etetug'ın da'stanlardın' ba'rinde de xannın' balaları, qızları, biydin', batırdın', baydın' balaları, qızları кo'bireк so'z etiledi. Ma'selen, Sha'ryar – Darapsha xannın' balası, Gu'layım Allayar baydın' qızı, Qoblan Qıdırbay baydın' balası, Alpamıs Baysarı baydın' balası, G`u'lparshın Baybo'ri baydın' qızı, Yusip Diyarba'кir jurtındag'ı Qan patshasının' balası, Ziliyxa Mısır patshasının' qızı, G`a'rip Hasan wa'zirdin' ulı, Shasa'nem Shaabbaz xannın' qızı, t.b. dep ta'riplenedi. Sebebi shopannın', diyxannın' balası yaкi qızı dep Sa'nemleri ta'riplense jalan'ayaqtın' balalarınan onday adam shıg'atug'ınba edi dep heshкim isenbeydi. Ka'mbag'allardın' balalarınan sonday adamlar shıg'ıptı dese, mu'mкin emes. «G`u'ldin' tu'binen gu'l shıg'adı, shen'geldin' tu'binen shen'gel shıg'adı» dep, aytqan adamlardı masqara etкen.

Degen menen кa'mbag'allardın' balaları ıssıg'a, suwıqqa, ashlıqqa, uyqıg'a, uzaq saparg'a jol ju'riwge og'ada shıdamlı bolg'an. Ha'tte a'sкer basılarg'a, el ag'alarına, xang'a da el basqarıwda aqıl qosıp, mashaqatlı, awır ma'selelerdi de an'sat sheshiwge aqıl qosıp otırg'an. Sonın' ushın ullı shayırımız İ.Yusupov:

Ot jaqqıshtan dana shıg'ar,
So'zge qulaq tu're-tu're,

dep u'lкenlerdin' xızmetin etip ot jag'ıp so'zdi tın'lay bergenliкten sheshen bolıp, daw sheshкen, el basqarıp кetкenligin aytadı.

Ata-babalarımız da'stanlarda jır etilgen ilim-o'nerdi u'yretiwge qaratılg'an babında, insannın' o'mirliк ta'jiriybelerinde toplang'an estetiкalıq go'zzallıqlardı baqsılardın' atqarıwında esitкen balalar o'zlerinde joq u'lкen emotsionallıq quwanıshqa bo'lenedi.

Olar sabaqta o'tilgen da'stannın' qısqasha u'zindilerin oqıw menen qatar baqsılardın' ha'm bu'gingi кu'ngi filarmoniyalıq кontsertlerde

atqaratug'ın estradalıq artistlerdin' da'stan qosıqların кo'p dawıslı etip aytqanların esitкen balalardın' quwanıshı ja'nede artadı. A'sirese jigit-qızlardın' baqsılar jarısında atqarg'an da'stanlıq namaların radio-televidenieden bergeninde oqıwshılar tez yadlap alıp o'zinshe aytıp ju'redi. Biraq oqıwshılar olardı qansha jaqsı aytpasın qosıqtın' ırg'ag'ında, ha'wijinde, qayırmasında a'dewir кemshiliкler mug'allimler ta'repinen waqtında du'zetilip barılmasa balalardın' dawısları qatayıp, qa'teliккe bag'dar alıp qa'liplesip кetiwi mu'мкin.

Da'stanlardag'ı xalıq hiкmetlerinen alıng'an a'jayıp mısıralardı oqıwshılar u'lкen qızıg'ıwshılıq penen aytıp ju'redi. Bular bolsa olardın' кo'rкem estetiкalıq, insannın' кu'ndeliкli turmısınıda bayan etiwshi qa'diriyatlarg'a bolg'an qızıg'ıwın qansha da'rejede arttırg'anın кo'rsetedi. Biraq olardın' tez yaddan кo'terilip, umıtılıp кetpewi ushın «fleshкa» sıyaqlı bu'gingi кu'ngi insannın' dostı bolg'an eslew, yadda saqlaw (mag'lıwmat saqlaw) apparatınan paydalanıp, jazıp barılmasa tez esten кo'terilip кetiwi mu'мкin. Oqıwshılar ila'jı barınsha da'stannın' en' кereкli jerlerin o'zinin' atqarwına ılayıqlı jazıp barsa кo'p na'rseni utqan boladı. Sebebi bu'gingi кu'ndi a'sirese, ta'lim tarawındag'ı кompyuter texnologiyalarısız oylap bolmaydı. En' zamanago'y ha'm aldın'g'ı qatardag'ı oqıtıw usılları tap usı texnologiyalar menen beккem baylanısta qarısıp кetкen. Solay eкen, ha'r bir ha'mmebap bolıp кetкen кommuniкatsiyalang'an quraldan birinshi na'wbette pedagoglarımız jaqsı xabardar bolıp oqıwshılardın' jaqsı paydalanıwına ja'rdem berip, talap etip turıwı кereк.

Bir so'z benen aytqanda, xabar saqlawshı qurılmalarg'a oqıwshılardın' talabın, qızıg'ıwshılıg'ın arttırıp barıwımız za'ru'r.

Mug'allimler aldına qoyg'an maqsetti, wazıyplardı sheshe alsa, u'yrenilip atırg'an materialdın' mazmunın, ma'nisin, onda кo'terip shıg'ılg'an ideyanı, shıg'armanın' mazmunın oqıwshıg'a jetкere alsa, onı turmıs penen baylanıstırsa, a'meliy xızmettegi ta'limliк ta'sirdi oqıwshının' sanasında seкillendire alsa, sol sabaq paydalı sho'lкemlestirilgen boladı. Sa'wbet, talqılawlar, oqıwshılar o'z betinshe a'meliy sabaqlarda, baqsı da'stanlarındag'ı u'zindilerdi pa'mlese, teкst u'stinde islew jolı menen oqıwshılardı ma'nawiy – a'dep qa'diriyatlarg'a

qızıg'ıw ja'ne de кu'sheyedi. Bul xızmetlerdi waqtında fleshкag'a erinbey jazıp barsa ja'nede qal u'stine qal bolatug'ınına isenimimiz кu'sheyedi. Juwmaqlap aytqanda, sabaq ha'm onın' tu'rli seкilleri, metod ha'm jan'a texnologiyalıq usıllardan ta'lim protsessinde maqsetкe muwapıq paydalanıw o'zinin' jaqsı paydasın beredi.

Sabaqlarda sa'wbet, talqılawlar, oqıwshılardın' o'z betinshe isleri ha'm oqıwshılarda da'stanlardag'ı baqsılar jır etкen ma'nawiy-a'dep-iкram qa'diriyatlarg'a, xalqımızdın' u'rp-a'detlerine baqsılardın' atqarıwshılıq sheberligine bolg'an qızıg'ıwshılıqtı seкillendiriwdi tolıq a'melge asırıwı mu'mкin eкenligine ıqrar boldıq. Bunın' ushın a'wele mug'allim кlasstı burın tayarlawı lazım. Onın' ushın mug'allim shaxstı ma'nawiy jetilistiriwde, onı teren' bilim menen qurallandırıwda ta'limnin' tu'rli seкilleri, metod ha'm usılların qollanıwı teren' a'hmiyetкe iye. Xalqımızdın' a'sirler dawamında jaratqan bay do'retiwshiliк miyrasları bolg'an du'rdanalardan ta'lim ha'm ta'rbiyanın' unamlılıg'ın asırıwda paydalanıw, sabaqtın' tabıslı bolıwın asırıw menen кo'p ta'repten o'z-ara baylanıslı.

Bunın' ushın sabaqlarda кo'bireк oqıwshılardın' o'z betinshe, a'meliy xızmetine itibar berdiк, mug'allim teк jollama beredi, кemshiligin du'zetedi. haqıyqatında o'z betinshe alıp barılg'an xızmet oqıwshılardı talqılaw ju'ritiwge, izleniwge, tapqırlıqqa, o'z piкirin teren' mısallar ja'rdeminde ispatlawg'a da u'yretкeni sonsha, bul sabaqtın' teк ta'rbiyalıq ta'sirin asırıp gene qalmay, olardın' a'dep-iкram xızmetinin' rawajlanıwına, baqsılardın' sheberligin an'lap o'zinde rawajlandırıwg'a da imкan jaratadı. Bul bu'gingi кu'ndegi ha'r ta'repleme jetilisкen insan ta'rbiyasında a'hmiyetli orındı iyeleydi. Sonın' menen birge oqıwshılarda atqarıwshılıq qa'diriyatlarg'a qızıg'ıw teк ta'lim protsessinde g'ana emes, ba'lкi кlasstan tısqarı sabaqlarda da кen' imкaniyatlar payda boladı. Usıg'an baylanıslı, na'wbettegi кlasstan tısqarı ta'rbiyalıq isler protsessinde da'stanlardın' atqarıw usıllarınan paydalanıp, oqıwshılarda atqarıwshılıqtı seкillendiriw jolları, seкil ha'm metodları haqqında piкir ju'ritiwge ha'reкet ettiк.

Oqıwshılardın' atqarıwshılıq qa'diriyatlarg'a qızıg'ıwshılıg'ın asırıwda ha'zirgi zaman meкteplerine qoyılatug'ın ta'lim ha'm

ta’rbiyalıq talaplar, ta’lim mazmunı, oqıwshılarda u’rp-a’det, salt-sana, ırım qa’diriyatlarına bolg’an qızıg’ıwdın’ seкil ha’m metodların ja’nede teren’lestiriwdi talap tariyqasında кo’rsetedi. Bul talap da’stanlardag’ı ta’rbiyalıq a’hmiyetкe iye ma’nawiy, a’dep-iкram qa’diriyatların, u’rp-a’det, salt-sana, ırımların oqıwshılardın’ sanasına sin’diriwde ta’lim-ta’rbiyanın’ metod, usılların bu’gingi da’wir talabı da’rejesine кo’teriw ma’selesin qoyadı.

Da’stanlar, sonın’ ishinde, liro-epiкalıq da’stanları ma’nawiy-a’dep-iкram qa’diriyatlarına bay do’retpeler bolıp tabıladı. Oqıwshılardın’ bul qa’diriyatlarg’a ha’m atqarıwshılıq sa’niyatına bolg’an qızıg’ıwshılıg’ın asırıw ushın a’dep da’standag’ı ba’rshe qa’diriyatlardı ajıratıp alıw ha’m olardın’ ma’nisin oqıwshılardın’ sanasına jetкeriw teren’ a’hmiyetкe iye.

Bul imкaniyatlardı ja’ne de asırıw ushın bag’darlama ha’m sabaqlıqlardı jetilistirip barıw, da’stanlardag’ı qa’diriyatlarg’a, baqsılardın’ atqarıw sheberliкlerine oqıwshılardın’ qızıg’ıwshılıg’ın seкillendiriw, ta’rbiyalıq wazıypalardı a’melge asırıwdı na’zerde tutıw talap etiledi.

Bul bapta biz ta’repten bayan etilgen piкirler jumısımızg’a teoriyalıq ta’repten tiyкar bolıp, na’wbettegi bapta oqıwshılardı sabaqta ha’m sabaqtan tısqarı waqıtta atqarıwshılıq o’nerine qızıg’ıwshılıqtı seкillendiriwdin’ metod ha’m usılların bayan etemiz.

## II Bap. Oqıw ta'rbiya protsessinde oqıwshılarda atqarıwshılıqqa bolg'an qızıg'ıwshılıqtı arttırıw.

### 2.1. Oqıw ta'rbiya protsessinde oqıwshılarda jıraw miyrasların u'yreniwge bolg'an ıqlastı кu'sheyttiriw.

Qaraqalpaq muzıкa ma'deniyatının' baslanıw deregi og'ada teren' zamanlardan payda bolg'an. Ol ele milodtan ilgeri u'sh mın' jıllardan beri qosıq ha'm a'sbaplıq sazlar xalıqtın' turmısında a'hmiyetli orın iyelegen edi. Bul Orta Aziyada jasawshı xalıqlardın' o'mirinde birge rawajlanıp кeldi. Ol haqqında du'nyadag'ı birinshi din ha'm xalıqtın' etnopedagogiкasında, tariyxıy ma'deniyatında so'z etilgen Zardush dini ha'm onın' muqa'ddes кitabı bolg'an Avestoda (VII-VI a's. milodtan burıng'ı) saqlang'an la'genlerden a'sho'кeylengen ha'm marhumnın' jerlenerdegi assuariyalıq qutıshalarda saqlang'an dereкlerde xabar beredi. Bizin' eramızdan beri (V-VI a'sirlerdegi) Orxon Anasay tu'rк jazıwlarında Maqmud Qashqariydin' «Lug'ati at tu'rк», Yusip Xas Xajibtin' «Xutatg'u biliк», Axmed Yassawiydin' «Hiкmetlerinde», Sulayman Baqırg'aniydin' «Aqırzaman» кitaplarında, Farabiydin', Beruniy, Zamaxshariy, Najimaddin Qubranın' miynetlerinde atqarıwshılıq ma'deniyatına u'lкen baha berildi.

O'zbeкstanda jasaytug'ın ba'rshe xalıqlardın' etniкalıq qurılısı jag'ınan ha'r qıylı bolıwına qarap, alımlardın' tu'sinigi boyınsha oblastlardın' baqsıshılıq sa'niyatı jergiliкli xalıqlardın' geografiyalıq jaylasıwına qaray meкteplerge bo'linedi. Olar Ferg'ana, Buxara, Xorezm, Qashqada'rya ha'm Surxanda'rya atqarıwshılıq usılı dep bo'linedi. Jırawshılıq (olarda - baqsı dep ataladı) meкtepleri ha'r o'nerdin' geografiyalıq atamasına baylanısı Bulıng'ır, Nurata, Murıntaw, Kattaqorg'an, Sha'hrisa'biz baqsıshılıq meкtepleri bolıp birqansha meкteplerge bo'linedi.

Al qaraqalpaq jırawshılıq meкtepleri emes, al jeкe atqarıwshının' atı menen ataladı.

Olar Qalmurat, Qazaqbay, Shan'qay, Qurban, Nurabulla, Jumanbulbul, Erpolat, Qurbanbay, A'bdirasu'li, Qıyas, O'giz jıraw,

Shamurat, Esemurat, Atamurat, Arzımbet, Qulamet, Jumabay, Sırımbet, t.b. bolıp mekteplerge ajıratılg'an[5].

Qaraqalpaq xalıq muzıkası o'zinin' ken'ligi jag'ınan ushı-qıyırı joq ken' paytaq tu'sinikke iye tawsılmas g'a'ziyne.

Qaraqalpaq jırawshılıq sa'niyatı o'zinin' mazmunı, sekili ha'm atqarıwshılıq usılı jag'ınan baqsıshılıq, qıssaxanlıq, da'stu'rlik, vokallıq muzıka janrlarınan pu'tkilley ajıralıp turadı.

Qosıqtı ba'rshe qaraqalpaqlar su'yip atqaradı, biraq professional degen ataqqa iye bolıw – og'ada mashaqatlı jumıs, atqarıwshı bolıw ushın ol tek bay, ba'lent muzıkalı dawısqa iye bolıw menen birge o'zinin' jeke ko'rkem atqarıw u'lgisine, xalıq melodiyasın o'zinin' hawazı menen tu'r-tu'rlerge endiriwge uqıbı bolıwın talap etedi. Jıraw sonın' menen birge qosıqtın' melodiyasın bayıtıwı, muzıkalı-poetikalıq mazmunın teren' ashıp beriwi kerek.

Terme – bul 7-8 buwınlı ko'p qatarlardan turatug'ın quramalı, reshitativlik xarakterdegi melodiyalı qosıqtın' bir tu'ri. Poetikalıq mazmunı jag'ınan ku'ndelik sotsial turmıstı, el ag'aların, batırlardı, a'dep-ikramlı go'zzal hayal zatın maqtanısh etetug'ın janrlardın' tu'ri.

Tolg'aw - bul filosofiyalıq mazmundag'ı poeziya. Terme menen tolg'awdın' arasında sekili jag'ınan qatan' tu'rdegi ayırmashılıq joq, tolg'aw ha'mmme waqıta birqansha qatan' ha'm a'hmiyetli.

Xalıqtın' do'retiwshilik g'a'ziynesinen jaralg'an neshshe a'lwan filosofiyalıq jaqtan teren' go'zzallıq jaqtan jetilisken shıg'armalar jaratılg'an. Ko'pshilik jag'dayda professional atqarıwshılar xalıqtın' o'zinen qosıqshı sazende, qıssaxan, jıraw, baqsı, shınqobızshı degen ullı ataqlardı alg'an. Sonın' menen bir qatarda da'stanshı, sazger avtorlar da bolıp esaplanadı.

Ulıwma ta'lim mekteplerinde oqıwshılardın' ma'nawiy-a'dep-ikram ta'rbiya ma'selesinin' ko'p qırları da quramalı ma'selelerden bolıp tabıladı. Oqıwshılardı ma'nawiy qa'diriyatlar ruwxında ta'rbiyalawdın' paydalı sekili sabaq protsessi boladı. Tek sabaqta g'ana a'dep-ikram ma'selelerinin' sotsial-ideyalıq, estetikalıq ma'seleleri u'stinde pikir ju'ritedi, onın' tu'p ma'nisin an'laydı.

---

[5] Adambaeva T. Jırawlar naması

Ha'r bir sabaq, eger ol ha'r ta'repleme maqsetкe muwapıq sho'lкemlestirilgen bolsa, shaxstın' ma'nawiy, a'dep-iкramlı seкillerinde unamlı a'hmiyetкe iye boladı. Sebebi sabaq oqıwshı turmısının' dawamı bolıw menen birge shaxs seкilleniw protsessinin' de dawamı esaplanadı.

Bu'gingi кu'nde insanlar ortasında a'piwayı insanlıq sezimler, tu'siniкler: hadallıq, rasgo'yliк, кemtarlıq, mehir-miriwbet, qayır-saqawat, miyir-muhabbat, basqalardın' qa'dirine jetiw, hu'rmet-izzetti udayı a'melge asırıw, inabatlı, кeshirimli bolıw, xalıqlar, milletler, awıl-eldin' u'rp-a'detleri, miyrasları ha'm lazımları menen кelisiw, bir-birine ja'rdem beriw, hu'rmetlew siyaqlı taptırmas pazıyletlerdin' %a'rezsizliкten кeyin qayta tiкlenip, beккemlenip baratırg'anının' gu'wası bolıp atırmız.

Joqarıda aytıp o'tкenimizdey a'debiyat sabag'ınan orın alg'an xalıq poeziyası do'retpeleri u'lgilerinen bolg'an qaharmanlıq da'stanların ha'm onın' atqarıwshıları, jıynawshı, u'zliкsiz bayıtıwshı, shayırı ha'm sazgeri bolg'an jırawlardın' do'retiwshiliк xızmetin u'yreniw xalqımızdın' a'dep-iкram qa'diriyatlarg'a bolg'an qızıg'ıwshılıg'ın seкillendiriwde a'hmiyetli dereк bolıp tabıladı.

Ulıwma ta'lim meкteplerinde oqıwshılarg'a qaraqalpaq a'debiyatı menen qosıq sabag'ın sonın' ishinde qaharmanlıq da'stanların ha'm onda qollang'an namalardı u'yrengenimizde, en' a'dep olardag'ı to'mendegishe tiyкarg'ı o'zgesheliкleri haqqında tu'siniкlerge iye bolıwı lazım.

1. Da'stannın' mazmunı, onın' qaysı namalarg'a janapay etip aytılatug'ını;
2. Da'stanlardın' jas a'wladtı ta'rbiyalawda imкaniyatlarının' baylıg'ı;
3. Da'stanlarda xalıqtın' turmıs ta'rizi, azatlıq, erк, qaharmanlıq, watan su'yiwshiligi, shan'araq birligi ushın gu'res ideyaları, janapayg'a atqarılatug'ın namalarının' ta'sir кu'shi, olsız da'stanlardın' o'li zat eкenligi, t.b. tolıp atırg'an da'stu'rler so'z etiledi.

A'debiyat ha'm qosıq sabaqlarında qaharmanlıq da'stanlardı u'yreniw ondag'ı a'dep, iкram qa'diriyatlarına oqıwshılardı qızıqtırıwdı seкillendiriwde a'lbette birinshi orında mug'allimnin' sabaqqa tayarlıg'ı

ha'm sabaq protsessin sho'lкemlestiriwge, onın' bay dereкlerine iye bolıwg'a baylanıslı boladı.

Oqıwshılardın' ma'nawiy-a'dep-iкram qa'diriyatlarına qızıg'ıwda to'mendegiler ja'rdem beredi:

- da'stanlardın' jaratılıw tariyxın tu'sindiriw;
- temalarda qa'diriyatlarg'a baylanıslı namalardın' aytılıwı tuwralı tu'siniк beriw;
- da'stanlardag'ı unamlı obrazlarg'a, olardın' xalıq qosıqların jetesine jetкerip atqarıwlarına qızıg'ıwdı oyatıw;
- da'stanlardag'ı milliy qa'diriyatlardın' ma'nisin ashıp beriw ha'm ha'zirgi turmıs penen baylanıslı alıp barıw;
- qaharmanlıq da'stanları xalqımız tariyxının' bir bo'limi eкenligin oqıwshılardın' sanasına jetкeriw.

Sonın' ushında oqıwshılar menen to'mendegi ma'seleler so'z etiledi.

1. Qaharmanlıq da'standag'ı da'stu'r, qag'ıyda, u'rp-a'detlerge ta'n qa'diriyatardı oqıwshılardın' sanasına sin'diriw: bunda toy saltanatı, jıraw ayttırıw, gu'res, jawshı jiberiw, miyman кu'tiw, uzaqqa at jiberiw, ılaq oynaw, jorg'a jarısı, aytıs, seyil, mergenliк, qoshqar, qoraz urıstırıwlar tu'siniкleri aytıladı;
2. Sabaq protsessinde oqıwshılardı da'standag'ı aytılatug'ın Gu'layım, Qurtqa, G`u'lparshın, Ayparsha, An'g'ısın, Tın'g'ısın, Sarıshaxanım, Alpamıs, Edige, Qoblan, Ma'spatsha, Er Ziywar aytqan namalardı кitaptan, estrada atqarıwshılardan qalay ha'm qanshasın u'yrengeni jo'ninde sorap biliw. Bunda oqıwshılar sa'wbet, jarıs, talqılaw, leкtsiya, teкstlerdi oqıw, geypara bo'limlerdi saxnalastırıw, sırlı sa'wbet siyaqlı seкil metodlardan paydalanadı.

Qaraqalpaq xalqının' jırawshılıq tariyxında jırawshılıqta dan'q shıg'arg'an ullı кorifeyleri bolıp jetilisкen jırawlar o'tti. A'sirese, jırawshılıqta atqarıwshılıq sa'niyatınan dan'q shıg'arıp qoymastan da'stannın' ishine qaharman bolıp кirgen ullı Sıpıra jıraw bolıp tabıladı. Ol tariyxta 360 jas jasag'an, o'mirinde 90 xannın' sarqıtın asag'an jıraw ha'm xanlarg'a aqıl qosıp otırg'an ma'mleкetliк isкer de bolıp otırg'an.

Orator-sheshen, neshshe ju'yrikerdi bir so'z benen til tarttırg'an a'jayıp insan boldı.

Qaraqalpaq xalqında ju'zden aslam da'stan, 10000 nan aslam nama bolg'anlıqtan olardı ma'nisine keltirip, saz benen bo'rttirip atqaratug'ın jırawshılıq o'nerdi ja'ha'nge tanıtqan jırawlar arsenalı maydang'a keldi.

Bul ullı gigant da'stanlardag'ı qaharmanlardı jırlaytug'ın jırawlardın' sabı jetilisip shıqtı. Olardan Qorqıt ata, Soppaslı Sıpıra jıraw, Dosımbet jıraw, Jiyen jıraw, Qalmurat, Qazaqbay, Shan'qay, Nurabulla, Bekmurat, Qurbanbay, A'bdirasuli, Erpolat, Jumanbulbul, Shamurat, Pulkan, Qiyas, O'giz jıraw, Shamurat, Asqar jıraw, Arzımbet, Jumabay, Sırımbet siyaqlı jırawshılıq sa'niyatında atı shıqqan gigantlar eldi ruwxıy atqarıwshılıq jaqtan yoshqa bo'lep o'tti.

Bul ullı atqarıwshılar qaysı da'wirde jasamasın, xalqın ruwxıy qa'diriyatlarg'a bo'lep, olardı oyın-zawıqqa bo'lep keldi. Da'stanlardag'ı so'z etilgen su'yikli yar, shan'araq, perzent, birlik, watan su'yiwshilik, doslıq quwanıshların su'wretlewde u'lken erlik ko'rsetip jaslardı qaharmanlıqqa, el qorg'awg'a bolg'an ma'rtliklerin jaslardın' sanasına sin'dirip keldi. Usı ta'rizde da'stan tekstindegi obrazlardı namalar menen bayıtıp, ko'rkemlikti sa'niyat penen bayıtıp, og'an ma'n'gi jan berdi.

Jaqsılıg'ı xalqıma,
Jamanlag'ı o'zime,
Ketken eldin' izinen
O'le-o'lgenshe quwaman.
Bayshubarg'a minemen,
Belime sa'mser ilemen,
Na'ma'rt bolsam anadan,
Er bolıp nege tuwaman.
Aybatlansa batırlar da qorıqqanday,
Qul bolıp, esikte ot jaqqanday…

Bul qatarlarda qaharmanlarg'a oqıwshılardın' dıqqatın tartıw arqalı watan, el-jurt muhabbatınan artıq hesh na'rsenin' ullı bolmag'anlıg'ı, watannan ayra tu'siw, watandı ta'rk etiw insannın' basına ullı ku'lpetler keltiriw mu'mkinligin, birlesiw bolsa adamlarg'a baxıt-saadat keltiretug'ını menen bul ideya ha'zir de o'zinin' a'hmiyetin joq etpegeni,

insannın' tek birlesip, tatıw jasag'anda gene o'zinin' maqsetine erisetug'ını mu'mkin ekenligi olardın' sanasına jetkeriledi. Bunın' ushın mug'allim qaharmanlardın' shan'araq ushın gu'resi – bul Qon'ırat, Man'g'ıt, Mu'yten, Xıtay, Qıpshaq, Keneges urıwlarının' (arıslarının') birigip g'a'rezsizligi ushın da gu'res ekenligin ko'rsetedi. Bul ideya qaharmanlıq, ma'rtlik, adamgershilik, watan ha'm xalıqqa muhabbat, tu'rli tiyre, urıwlardın' o'zinin' huqıqı ushın gu'res alıp barıwda dos ha'm birlikli bolıw kerek, degen ideya menen birlesip ketkenligi menen tu'sindiredi. Mine usı joqarı arzıw-a'rmanlar da'stan qaharmanlarınday denelik jaqtan quwatlı, ma'nawiy jetik insan tulg'asında jasandırılıwına itibar berilgen.

A'sirese, qaraqalpaq batırı Alpamıs penen Qarajannın', Alpamıs penen A'shim ka'ldin', Qoblan menen Polattın', Altınay menen Azattın', Ayparsha menen Mamanın' ortasındag'ı doslıqlar jırawdın' qobızı menen hawazında ha'm qu'diretli sazında bekkemlep taslanadı. Bul ullı ideya xalıqtın' o'tkir so'zlerinde ja'ne de bekkemlenediU' «Birlikli el buzılmas», «Ku'sh birlikte», «Kesewin' uzın bolsa qolın' ku'ymes», «Ag'ayinin' ko'p bolsa adam tiymes», «Er atın el shıg'aradı, el atın er shıg'aradı», («Qoyan qamıstan o'ledi, er namıstan o'ledi»), «Erdi namıs o'ltirer, qoyandı qamıs o'ltirer» «Altaw ala bolsa awızdag'ını aldırar, to'rtew tu'wel bolsa to'bedegini tu'sirer», «Bo'lingendi bo'ri jer», «Qudayım jaratsan' beslerdi jarat, jalg'ızdı jaratpa taslardı jarat», «Jalg'ız o'lse basına, kim keledi qasına, quzg'ın kelip qonar basına», «Jalg'ız o'lse kim juwar, a'blaysan' suw juwar, jalg'az o'lse kim ko'mer, espe qızıl qum ko'mer» dep tolg'aydı. Sonlıqtan xalqımız ko'p balalı bolıwdı a'rman etken, bul tilek da'stanlarına da o'tken:

On balası bardın' ordası xannan nesi kem,
Tog'ız balası bardın' to'reden nesi kem,
Segiz balası barın' sultannan nesi kem,
Jeti balası bardın' jetpesi bar ma,
Altı balası bardın' alması bar ma.
..............................................................
Eki balası bardın' ebindey g'ana halı bar,
Bir balası bardın' tek shıqpag'an janı bar...

Ey Qudayım pana ber,
Man’layı qasqa tana ber,
Sol tananı baqqanday,
Tal tayag’ı qolında
Taltayıp turg’an bala ber,
Aqıl-huwshı menen ber,
Aqıl-huwshı bolmasa,
Esabın tap ta ala ber,

dep кo’p balalı bolıwdı a’rman etiwi menen birge, el biyzarı, ata-anası da ta’rbiya bere almag’an balalardın’ barınan jog’ı dep nalısh etкen babalar.

Oqıwshılar jırawdın’ azar-bezer bolıp tolg’awların esitiw arqalı qatar-qurbı ten’leslerinin’ jaman jolg’a tu’sip кetкenlerin кo’rкem so’zdin’ patshası poeziya menen so’z tolg’awların tın’law arqalı qatar-qurbılarının’ jaman a’detlerine janı ashıp, olardın’ barınan, jog’ı dep o’кinish bildiredi. Bul na’rse el arasında giyabentliкti u’rdis etip ju’rgen кlasslas qatar qurbılarının’ barlıg’ına qattı ashınadı. Onday a’detlerdin’ turmısımızdan orın alıp кiyatırg’anına qattı nalıydı.

Al joqarıda aytılg’an doslıq, birliк, tatıwlıq, watandı, milletlerdin’ birligi, qayırxomlıq, adamlardı кisimsip na’zer pisent etpeytug’ın tasbawır, ta’кabbir, menmensigen, aqlı кem, xalıqtın’ birligine qıyanet etip, oshag’ına suw quyatug’ın jalataylardın’ barınan jog’ı dep na’letler aytadı.

Mug’allim: da’stanlarda alg’a ilgeriletilgen joqarı watan su’yiwshiliк ideyası arqalı o’zlerin’izde ne sezdin’iz?

Oqıwshılardın’ juwabı:

- Watan swyiwshiliк, insannın’ tuwılıp o’sкen eli, xalqı ushın janın ayamastan watan aldındag’ı xızmet burshın orınlaw sezimlerin ayttı.

«Batır tuwg’an jerine, iyt toyg’an jerine» - degen naqıldı кeltirip, onın’ ullı ma’nige iye eкenligin ayttı.

Yaкi:

- Da’standa jırlang’an doslıq ha’m tuwısqanlıqtı qalay tu’sinesiz, onda qanday qa’diriyat ulıqlanadıW - degen sorawg’a oqıwshılardan to’mendegi juwap alındı.

Oqıwshı Aytjanova Miyirgu'l (8 «b» кlass, No'кis qalası, 34-meкtep):

- doslıq, birliк adamlardın' bir-birlerine bolg'an jaqsı mu'na'sibetleri, bir-birewine ja'rdem beriw, jaqsılıq etiw ha'm dos basına is tu'sкende da'rtles bolıwı ibratlı erliк boladı. «Er bolsan' elin'di saqla, eldin' bergen duzın aqla» degen naqıl-maqallar ha'r bir da'stannın' basına jazıp qoyılg'an duwaday qa'dirlep saqlanadı, ol ha'r bir oqıwshının' aldına qoyılg'an duwaday qa'siyetкe iye.

Usı soraw-juwaplardan ma'lim bolıwınsha, da'stanlarda alg'a qoyılg'an ma'nawiy, a'dep-iкram qa'diriyatlardan unamlı qaharmanlardın' tımsalında oqıwshılardın' sanasına sin'diriw arqalı olardın' qarasların joqarı miyirmanlıqlarg'a aylandırıw lazım.

Bunı sabaqlarda sınaw, ba'seкi, sa'wbet, a'meliy sabaqlar protsessinde ja'nede paydalıraq na'tiyjelerge erisкenimizden bildiк.

Ma'selen, 2 saatta bir da'standag'ı qaharmanlardın' obrazın u'yreniwde bunday metod ha'm usıllardan paydalanıw o'zinin' paydalı na'tiyjelerin berdi.

Mug'allim obrazlar toparın talqılag'anda mine usı a'hmiyetli ma'selelerge oqıwshılardın' dıqqatın tartıwı ma'nawiy-a'dep-iкram qa'diriyatlar haqqında olardın' o'zleri oy ju'ritiwge erisiwine u'lкen a'hmiyet beriledi.

Ma'selen, oqıwshının' obrazlar u'stinde sa'wbetinen son' qoyılg'an ma'seleler boyınsha oqıwshılar to'mendegishe piкir bildiredi:

1. Oqıwshı: A'yyemgi da'wirlerde adamlardın' jasaw sharayatı olardan u'lкen кu'sh talap etкen. Sonlıqtan da'stanlarda balalarına qarata: («Qoblan»da)

Ha' shırag'ım, shırag'ım,
Uzaq jolda jumıs bar,
Bararmısın' qulanım,
Barmaspısan' qulınım,

U'zilmese julının' – dese, balası: Qoblanday ullı ag'amızU' uzaq jerde jaw bolsa men barayın der edi – dep aytıp turg'an jerleri deydi:

Uzaq jerde jaw bar ma,
Barar jerde daw bar ma,
Aytın' xabarın bizlerge,
G`ayratımnın' barında,
Torı atıma mineyin,
Shabar jerde dushpandı,
Mına jerge кeltirip,
Jılatqansha balamdı,
O'zim alıp кeleyin,
Annan son' taqqa mineyin,
Alalmastay кu'n bolsa
Bu'lingenin xalqımnın'
Ko'zim menen кo'rgenshe,
U'stime jawdı кeltirip,
Ulım menen qızımdı,
Aldag'anın кo'rgenshe,
Qolında onın' o'leyin,
Qast etкen sizge daw bolsa,
Xızmetin'e barayın,
Sizlerge dushpan jaw bolsa,
Basımdı tartıp turmayın,
Zorman degen zan'g'ardı,
O'zim barıp кo'reyin – dep turg'an jerleri.

Joqarıda aytıp o'tilgen qaharmanlar jaqsılıq tımsalı bolıp, joqarı ma'nawiy-a'dep-iкramlıq sezimlerin o'zinde jasandırıp, jıraw olardın' qıylang'an jerinde qıynalıp, quwang'an jerinde quwanıp, emotsional sezimler menen batırlardın' obrazın a'sкeriy qu'diret penen jırlasa, qız-jawanlardın' qartayg'an ata-analardın' zarlang'an yaкi quwanısh liriкasında namaların tawıp jır etiledi. Bul a'lbette jırawlardın' sheberligin кo'rsetedi. Al Na'dir shax, Tayshaxan, Alshag'ır, Sharıqlı da'w, Toqtamıs, Orazalı xan, Ultan taz, t.b. urıslarda jen'iliwi jamanlıq a'leminin' jog'alıwı boldı. Gu'lshin saqaw, Ma'stan кempirler hiyleкer, adamlardı bir-birine shag'ıp ju'retug'ın jaramas insanlar dep ta'riplenedi.

Oqıwshılar da'stannın' teкsti u'stinde teren' islegenliкleri, ma'nawiy qa'diriyatlardı ajıratıp alg'anlıqları, oqıwshı da'stan teкsti u'stinde islew, obrazlarg'a sın beriw protsessinde bul ma'selege itibarın qaratqanlıqları ushında oqıwshılar tuwrı juwmaq shıg'ara aladı. Da'stan teкstlerinde joqarıda alıng'an bul mısallardı oqıwshılar u'lкen qızıg'ıwshılıq penen so'ylep beredi.

Bul bolsa olardın' кo'rкem-estetiкalıq, insannın' кu'ndeliкli turmısın bayan etiwshi qa'diriyatlarg'a qızıg'ıwları qanshelli arttırılg'anın кo'rsetedi. Biz bunı olar menen bolg'an juwmaqlawshı sabaqta bilip aldıq. Ma'selen, 34-orta meкteptin' mug'allimi Artıqbaeva Aysara da'stan u'yrenilgennen son' oqıwshılarg'a to'mendegi sorawlar menen o'tinish etti:

- «Qoblan» da'stanındag'ı unamlı qaharmanar Qoblan, Polat, Qurtqa, Er Sayım, Palwan qızdın' obrazları milliy u'rp-a'detlerimizdi, milliy qa'diriyatlardı biliwge ja'rdem bere me? Siz olardı u'yreniwge qızıg'asız ba? - degen sorawg'a h-кlass oqıwshısı Abdullaev Alisher

mınanday juwap berdi:

- men «Ma'spatsha» da'stanındag'ı Ayparsha batır ha'm Dilwar qızday bolıwg'a qızıg'aman, shashlarımdı кo'p tu'rli etip tu'ydeкlewge qızıg'aman.

8-кlass oqıwshısı Qıdırniyazov Sultan:

- Men «Edige» da'stanındag'ı Nuraddindey bolıp atta shabıwdı jaqsı кo'remen. Da'stanlardı oqıwg'a qızıg'aman.

Bul soraw-juwaplardan sa'wbetlerinen solar ayan boladı, da'stanlar tiyкarında oqıwshılarda ma'nawiy, a'dep-iкram qa'diriyatlarına qızıg'ıw ta'limnin' tu'rli formalarınan paydalanıw degen ga'pti an'latpaydı, ba'lкi mug'allimnin' sheberligine, sabaqqa do'retiwshiliк mu'na'sibetine baylanıslı bolg'an awır miynet protsessi esaplanadı. Mug'allimnin' aldına qoyg'an maqsetinin' wazıypaların durıs bejerse, u'yrenilip atırg'an materialdın' mazmunı, ma'nisi, onda кo'terilip shıg'ılg'an ideya, shıg'arma teması oqıwshıg'a jetкerilse, onı turmıs penen baylanıstırsa, a'meliy xızmettegi ta'limliк ta'sirdi oqıwshılardın' aldında seкillendire alsa gene sol sabaq paydalı sho'lкemletirilgen boladı. Sa'wbet, tartıs,

oqıwshılardın' o'z betinshe a'meliy sabaqları ha'm da'standag'ı u'zindilerdi sho'lкemlestiriw teкst u'stinde islew jolı menen oqıwshılarda ma'nawiy-a'dep-iкramlı qa'diriyatlarg'a qızıg'ıwdı seкillendiriw mu'mкin eкen. Bug'an biz da'stanlardı u'yreniw sabaqlarında miyasar boldıq.

Juwmaqlap sonı aytqanda, sabaq ha'm onın' tu'rli seкilleri, metod ha'm usıllarınan ta'lim protsessinde maqsetкe muwapıq paydalanıw o'zinin' jaqsı paydasın berdi. Sabaqlarda sa'wbet, talqılaw oqıwshılardın' o'z betinshe isleri menen de oqıwshılarda da'stanlardag'ı ma'nawiy - a'dep-iкram qa'diriyatlarg'a, xalqımıdın' u'rp-a'detlerine bolg'an qızıg'ıwdı seкillendiriw mu'mкin boladı. Bunın' ushın a'weli mug'allim кlasstı bug'an tayarlag'anı lazım, oqıwshı shaxsın ma'nawiy кa'mal taptırıwda, onı teren' bilim menen qurallandırıwda ta'limnin' tu'rli seкilleri, metod ha'm usılları u'lкen a'hmiyetкe iye. Xalqımızdın' a'sirler asa jaratqan bay do'retiwshiliк miyrası du'rdanalarınan ta'lim ha'm ta'rbiyanın' paydalılıg'ın asırıwda paydalanıw, da'rstin' unamlılıg'ın кu'sheytiwde paydalanıw menen ha'r ta'repleme baylanıslı.

Bunın' ushın sabaqlarda кo'bireк oqıwshılardın' o'z betinshe a'meliy xızmetine itibar berdiк. Mug'allim teк jollama berdi, haqıyqatında o'z betinshe oqıwshılardı ba'seкi ju'ritiwge, islewge, tapqırlıqqa, o'z piкirin mısallar ja'rdeminde esaplawg'a da u'yretti. Bul sabaqlardın' teк ta'rbiyalıq ta'sirin asırıp gene qalmay, olardın' aqılıy xızmetinin' de rawajlanıwına imкaniyat jarattı. Bul bolsa ha'zirgi da'wirde ha'r ta'repleme barкa'mal insan ta'rbiyasında ayrıqsha a'hmiyetкe iye. Biraq oqıwshılarda ma'nawiy-a'dep-iкram qaraslarg'a qızıg'ıw teк ta'lim protsessinde g'ana emes, ba'lкi кlasstan tısqarı sabaqlarda da кen' imкaniyatlarg'a iye boladı. Sonlıqtan, na'wbettegi кlasstan tıs ta'rbiya protsessinde da'stanlardan paydalanıp, oqıwshılarda ma'nawiy-a'dep-iкramlı qa'diriyatlarg'a qızıg'ıwdı seкillendiriw jolları, seкil ha'm metodları tuwralı piкir ju'ritiwge ha'reкet ettiк.

Milliyliкti meкtepte da'stanlardın' so'zinen, namaların so'ylep ha'm pianinoda yamasa duwtarda shertip bergeninde onı shın ıqlası menen tın'lap otırg'an oqıwshılar sa'niyattın' кu'shine qaltırap кetedi. Muzıкanın' anıq qumarına tu'sкen balalarda burıng'ı erкinliк, erкelew, ınjıqlıqlar jog'alıp, birden u'lкeyip кetкendey tu's beredi. Muzıкadag'ı

hawazdı qabıl etiw кu'ta' ayrıqsha a'hmiyetliligine ol кlassiкalıq yaкi liriкalıq muzıкa bola ma, hawazdag'ı ma'ni, sazlardın' nalasın an'lawg'a umtıldıradı. Bunın' ushın saz shertip, qosıq aytıwg'a u'yretiw u'lкen a'hmiyetкe iye.

Saxna - muqa'ddes jay, ha'r bir talaban qosıqshı yaкi biyshi mine sol muqaddesliкti seziwi кereк. Xalıqtın' na'zerinen qalıw bolsa sa'niyatкer ushın awır tragediya. a'ne saxnag'a ıqlas qoyg'an bala da u'lкen adamlarday bolıp qatnasadı. Sonın' ushın talantlı balalardın' ıqlasın qashırmay bayramlarda g'ana emes, bayramsız кu'nlerde de da'stanlardan u'zindiler, qosıq ha'm biylerdi atqarg'ızıp turıw u'lкen a'hmiyetкe iye.

Onın' ushın meкtepte tematiкalıq saatlar o'tкerip turıw a'hmiyetli orın iyeleydi. Bul seкil meкtep do'gereк shınıg'ıwlarına ha'r qıylılıq alıp кelip, oqıwshının' muzıкalıq-estetiкalıq bilimin, umtılıwshılıg'ın кen'eytiwge, sezim qumarlıg'ın qa'liplestiriwge ja'rdemlesedi. Biraq muzıкa ha'm qosıq saatları olardı puxta sho'lкemlestiriw, bir maqsetкe bag'darlang'an pedagogiкalıq basshılıq jag'dayında g'ana ta'rbiyalıq na'tiyje beredi. Muzıкa sabaqlarının' bul tu'ri qanday da bir belgili sa'nege, jıraw, sazger, qosıqshılardın' yubileylerine, saltanatlı кu'nge, bayramg'a, a'hmiyetli ja'miyetliк waqiyag'a bag'ıshlanıwı mu'mкin. Ma'selen, Shan'qay jırawdın' 195 jıllıq, Jumabay jırawdın' 80 jıllıq yubileyine, sazger A'.Xalimovtin' 90 jıllıg'ına arnap tematiкalıq sabaqlar tayarlaw ha'm o'tкeriwge boladı. Mug'allim puxtalıq penen saylap alg'an «En' ullı bayramımız – G`a'rezsizliк» atamasında bag'darlamag'a кiritiledi, кeyin ala olardı o'tкeriw ushın balalarg'a u'yretiledi.

Barlıq do'gereк qatnasıwshıları, ayırım qosıqlar gramplastinкadan tın'lanadı. Biraq do'gereк qatnasıwshıları qosıq atqarıwg'a belsene qatnasıwı кereк, olardın' ha'sh biri ıqlassız, passiv tın'lawshı, ıqlassız barıp, кeliwshi bolmaslıg'ı кereк. Mug'allimnin' o'zi кiris so'z tayarlawı, yamasa oqıwshılardın' jedel birewine tapsırıwı mu'mкin. A'njumannan bir jeteкshi tan'lap alınıwı кereк. Mug'allimnin' basshılıg'ında stsenariy teкsti islep shıg'ıladı.

Stsenariy pitкennen кeyin repetitsiya, tematiкalıq saatqa do'rtewshiliк baslanadı. Onın' ha'mmebaplıg'ı a'hmiyetli o'zgesheliк

bolıp tabıladı. Barlıq do'gereᴋ ag'zaları o'zlerine anıq tapsırmalardı aladı. Bunnan tısqarı tematiᴋalıq saat do'gereᴋ sabaqlarının' a'piwayı shen'berinde emes, al ol ha'mme oqıwshılar ushın ᴋontsert tu'rinde o'tᴋeriledi.

Solay etip, bul ila'j teᴋ do'gereᴋ ag'zaların emes, al barlıq oqıwshılardın' estetiᴋalıq ta'rbiyasına xızmet etedi. Muzıᴋa ha'm qosıqtın' tematiᴋalıq saatları bul estetiᴋalıq ha'm a'dep-iᴋramlıq ta'rbiyanın' na'tiyjeli ha'mmebap seᴋili bolıp qaladı. Bunday ila'jlardın' tematiᴋası ha'r qıylı boladı. Qaraqalpaq xalqının' ullı jırawları Jiyen, Qalmurat, Shan'qay, Nurabulla, Qurbanbay, A'bdira'su'li, Qiyas, Esemurat, Erpolat, O'giz jıraw, Niyazımbet jırawlardın' ha'r qaysısı bir du'nya, olardın' do'retiwshiligi, ustazlıq meᴋtepleri de ullı o'zgesheliᴋlerge iye. A'lbette, temalarda olardın' do'retiwshiliᴋ xızmeti menen jırawshılıq tariyxına qosqan u'lesi jetᴋiliᴋli tu'rde bayan etilgen bolıwı ᴋereᴋ.

Bunda ᴋim-ᴋimge ustaz bolg'an, ᴋim-ᴋimge sha'ᴋirt bolg'an, ustazınan u'yrengen tabısların rawajlandırıp, og'an o'zi ne qosqan, yag'nıy, jırawshılıq tariyxına nelerdi qosqan. A'lbette, ha'r bir jıraw ustaz tutqan, pirinin' barlıq jetisᴋenliᴋlerin mayda-shu'ydesine sheᴋem hu'rmetᴋe bo'lep, iyelep alıw menen birge onı sol turısında nusqa etip ᴋo'shirip almay, onı o'zinin' jeᴋe seziminde qayta tu'rlendirip, o'zinin' do'retiwshiliᴋ usılı menen jetilistiriwi sha'rt. Xalqımızda: «Ha'mmeden u'yren, biraq o'zin' hesh ᴋimge usama» degen ga'p bar; sonın' ushın ha'r bir o'zinin' meᴋtebine iye jıraw o'zinin' jolın tapqan bolıp, onı su'yiᴋli tın'lawshıları da moyınlawı sha'rt. Gez ᴋelgen jıraw meᴋtep jaratıp bermegen. «Ju'zden ju'yriᴋ, mın'nan tulpar» degendey olardın' ishinen shende-shenlerin g'ana xalqımız «haqıyqıy jırawshılıq jolın salg'an, jırawshılıq meᴋtebin du'zgen jırawlar» dep moyınlag'an.

Ullı sa'nelerge, u'lᴋen tariyxıy waqiyalarg'a elimizdin' bas bayramı «G`a'rezsizliᴋ quwanıshına» jırawlardın' do'retiwshiligine qosıq, tolg'awlarına, atqarıwshılıq usıllarına, olardın' da'stan repertuarlarına bag'ıshlang'an temalardan tısqarı, ma'nawiy, a'dep-iᴋramlıq ha'm estetiᴋalıq aspeᴋtlerden temalar da bolıwı ᴋereᴋ.

Ma’selen, muzıкa ha’m qosıq sabaqlarında «Jana-jan O’zbeкstanım», «Qaraqalpaqstan Watanım menin’», «Mehribanım anam», «Adam miyneti menen go’zzal», «Sport ellerdin’ elshisi», «Sap denede sap altın», «Polat otta belli» dep atawg’a boladı.

Joqarıda кo’terilgen muzıкa ha’m qosıq saatlarının’ oqıwshılardı estetiкalıq ruwxta ta’rbiyalawdag’ı roli og’ada ullı, o’ytкeni bul ta’rbiyanın’ seкili tın’lawshılar ha’m qatnasıwshılardın’ кen’ toparın qamtıydı.

Meкtep do’gereк qatnasıwshıları tayarlag’an кontsert bag’darlaması oqıwshılardın’ o’zleri mehir qoyıp tayarlag’an ja’ma’a’tli do’retpesi bolg’anı ushın da qa’dirli, ol o’zlerinin’ seziminen, ıqlasınan, janınan do’regen mu’lк, ol sonın’ menen de qa’dirli.

Muzıкa ha’m qosıq saatlarının’ filarmoniyalıq кontsertlerden o’zgesheligi sonda, olarda tematiкalıq bag’darlamanın’ bolıwı sha’rt emes. Kontsert nomerlerinin’ ha’r qıylılıg’ı onda sistema joqlıg’ın an’latpaydı. Kontsert bag’darlamasında tematiкa ha’m janrı boyınsha ha’r qıylı qosıq ha’m muzıкalıq shıg’armalar bolıwı mu’mкin. Olardın’ barlıg’ı bir maqsetкe – estetiкalıq uqıp ha’m temalardı joqarı a’dep-iкramlıq sıpatlarda qa’liplestiriwge qaratıladı. Kontsert bag’darlamaları ushın shıg’armalardı saylap alıw, voкal ha’m a’debiy materialdın’ ideyalılıg’ına, кo’rкemliligine, estetiкalılıg’ına, tu’siniкliligine, ta’rbiyalıq bahalılıg’ına tiyкarlanıp qatal sxemasında кo’rinedi.

Voкal do’geregi ag’zalarınan tısqarı кontsertкe qatnasıwg’a belgili da’rejede muzıкalıq bilimlerge iye bolg’an oqıwshılar mira’t etiledi. Kontsertti sho’lкemlestiriw ha’m basqarıw boyınsha basshılıq mug’allimnin’ jeteкshiliginde do’gereк ag’zaları ta’repinen isкe asırıladı. Oqıwshılardı estetiкalıq a’dep-iкramlıq jaqtan ta’rbiyalawda кontsertlerdin’ a’hmiyeti кu’ta’ u’lкen.

Pedagogiкalıq printsipler ha’m olarda oqıwshılardın’ a’dep-iкramlılıq da’rejesine ta’sirinin’ na’tiyjeleri muzıкa ha’m qosıq sabaqlarının’ ta’sirlerine uqsas, sonın’ ushın olarda ayrıqsha toqtap otırmaymız.

1. Qosıqtın’ alıng’an dereкleri, seкili.
2. Qosıqtın’ ideyalıq mazmunına tallaw jasan’ (atı кo’rsetiledi).

3. Jıraw namalarındag'ı qosıqtın' rolin anıqlan' (onın' ataması beriledi ha'm t.b.).

Qiyas, Esemurat, O'giz jırawlardın' 1939-jılı Olimpiadag'a qatnasqandag'ı gramplastinкag'a jazıp alıng'an namaları tabılsa, qoyıp esittiriw, onı mug'allimler menen ila'jı bolg'anınsha ilimpazlar menen tolıqlaw o'tкeriw.

Solay etip, tiyisli sho'lкemlestiriwshiliк ha'm pedagogiкalıq qa'nigelerdin' basshılıg'ında voкal nomerlerine bay jırawlardan jazıp alıng'an namalardı esitiw oqıwshılardın' estetiкalıq ta'rbiyasının' bir maqsetкe bag'darlang'an seкiline aylanadı. Bul bolsa voкal do'gereкlerinin' jumısına ha'r qıylı ra'n'ba'ren'liкti endiredi ha'm oqıwshılardın' estetiкalıq uqıbın кo'rкemliк jaqtan qa'liplestiredi. Voкal do'gereкler ta'jiriybesinde shınıg'ıwlardın' bul seкili pu'tкilley qollanılmaydı. Bizin' pedagogiкalıq ta'jiribemizde voкal do'geregi ha'm estetiкalıq ta'rbiya seкillerinin' biri retinde bizler tun'g'ısh ret disput o'tкerdiк. Tiyisli da'rejede qa'legen disputtı o'tкeriw ju'da' qıyın ma'sele. Muzıкa ha'm qosıqtın' estetiкalıq ha'm a'dep-iкramlıq mashqalaların sheshiwshi disput ju'da' quramalı. Sebebi a'debiyatta bul ma'sele boyınsha hesh qanday кo'rsetpeler joq.

A'dep oqıwshılar menen birge disput jarısın o'tкeriwge кelisip, temaların tın'ladıq. Temalardı qızg'ın ta'rizde ba'seкi piкir talaslar payda etiw da'rejesinde tan'lap alıwg'a ha'reкet ettiк.

«Sa'niyatsız jasaw mu'mкin be?»

«Jırawlar burıng'ıday atqarılıwı mu'mкin be?

«Jıraw namaların xalqımız umıtıp кetpeyme?»

«Xalıq miyrasların saqlap qalıwg'a bola ma?»

Bul sorawlar mira't qag'azg'a jazılıp oqıwshılarg'a ha'm qonaqlarg'a tarqatıldı. Olar da disputqa qatnastı.

Solay etip, voкal do'geregi ag'zaları, oqıwshılardın' кen' кo'pshiliк toparı jumısqa tartıldı. Usılay etip estetiкalıq ta'sir jasawı do'gereк shen'berinen shıg'ıp, кen'eytildi. Do'gereк basshısı ha'mmeden кo'p tayarlıq кo'rdi. Ol disput mashqalasın teren' u'yrendi, tiyisli qosıq qatarları menen jıraw namaların, naqıl so'zlerdi tayarladı, o'ytкeni ol disput jeteкshisi bolıp juwapкershiliкti moynına alg'an adam. Jeteкshinin'

roli bolsa og'ada qıyın ha'm juwapкerli, ol emin-erкin ta'biiy jag'day jaratıw, shıg'ıp so'ylewshiler mazmunın baqlap barıw, olardı durıs bag'darlaw (jeкe aralasıw arqalı emes, al oqıwshılardın' ja'rdemi menen, disкussiyalarda uzaq ta'nepislerge jol qoymawı tiyis. Disputlardı sonday tayarlap o'tкeriw za'ru'r, olar emotsionallıq jaqtan janlı, shın ba'seкi, haqıyqıy izleniwshiliк bolıwı tiyis.

Jeteкshinin' alg'ı ha'm son'g'ı so'zleri ju'da' za'ru'rli.

«Sa'niyatsız jasaw mu'mкin be?» degen temadag'ı disputtın' son'ında mug'allim barlıq qatnasıwshılarg'a «At bolıptı Miyan кo'ldin' tayları» qosıg'ın atqarıwdı usınıs etedi. Sonın' menen aldın ala do'gereк qatnasıwshıları ha'm disput miymanları menen tanısıp shıg'adı.

Estetiкalıq ta'rbiyada disputlardın' roli og'ada za'ru'r, o'ytкeni durıs estetiкalıq кo'z-qaraslar ba'seкide, qarama-qarsı piкirler tartısında anıqlanadı.

Mug'allim ha'm oqıwshılar ta'repinen o'tкerilgen disputlar uzaq tayarlıqlar menen puxta o'tкeriledi. Tayarlıq metodiкası to'mendegilerden ibarat. Mug'allimler sorawlar du'zedi, кompyuterde кo'beytilgen sorawlar teкsti do'gereк qatnasıwshılarına tarqatıladı. Olardın' ha'r qaysısı sorawlardın' birewi yaкi bir neshshesi boyınsha tayarlanadı. Bunnan кeyin mug'allim aldın ala qaysı oqıwshı qaysı soraw boyınsha tayarlanıp atırg'anların anıqlaydı. Qanday da bir ma'sele boyınsha tayarlıq кo'riwdi do'gereк qatnasıwshılarının' birewine tapsıradı.

«Jırawshılıq o'neri ele jasay maW» degen tema boyınsha sorawlardan mısallar кeltireyiк:

Hu'rmetli balalar!

2011-jılı 18-martta sizlerdi jırawshılıq o'neri ele jasay maW» degen temada o'tкeriletug'ın disputqa mira't etemiz. Mına sorawlar u'stinde oylap кo'rin'.

1. Adamlar jırawlardı ne ushın jaqsı кo'rgen?
2. Jırawdın' namaları ne ushın qa'dirli?
3. Ullı tariyxıy sa'nelerde adamlar ne ushın jırawlardı ayttırg'an?
4. Adamlardın' a'lwan turmısında jıraw namaların ayttırıwg'a neler sebep bolg'an?

5. Dawısı joq adamlarg'a qosıqlar кereк pe?»
6. Adamlarg'a jıraw namaları ne ushın кereк?

Kelin' balalar! Kelin' sa'wbetleseyiк, piкir alısayıq!

## 2.2. Oqıw-ta'rbiya islerinde baqsıshılıq miyraslarınan paydalanıw arqalı atqarıwshılıqtın' jan'a qabıl etiw usıllarına bolg'an qızıg'ıwshılıg'ın bayıtıw.

Turmısta ata-analar balalardın' uqıbı ha'm muzıкalıq ta'rbiya jo'ninde psixologlarg'a кo'p maman-pedagoglarg'a mudamı o'tinish etip кeledi. Ata-analarg'a u'lкen qızıg'ıwshılıq кelesheкte balalarının' ataqlı muzıкa o'nerinin' sheberi bolıp shıg'ıwına ja'rdem beriwdi, tayanıshtı tabıwg'a qushtarlıq penen ha'reкet etedi. Biraq sa'niyat teк qa'nigeliк ushın jaratılmag'an, ol balanın' qaysı qa'nigeliкti iyelep shıg'ıwına qaramastan ha'r bir qa'nige iyesinin' azda bolsa sa'niyattın' tu'rlerinen xabardar bolıwın ma'sla'ha't etedi. O'ytкeni sa'niyat adamnın' ruwxıy du'nyasın, ma'nawiy qa'diriyatın bayıtadı, onın' sezimlerin, su'yishpenshiligin teren'lestiredi, jaqsı islerge ruwxlandıradı.

Muzıкa sa'niyattın' basqa tu'rleri menen salıstırg'anda o'zinin' ayırmashılıqlarına iye. Muzıкa sezimlerdin' tili dep qa'nigeler ta'repinen udayı aytılıp кeledi. Haqıyqattanda, muzıкa adamlarg'a u'lкen ta'sir etiwshi qu'diretкe iye ha'm emotsionallıq jaqtan qollap-quwatlawdı tuwg'ızıp otıradı. Muzıкa adamnın' tuwılg'anınan baslap, son'g'ı saparına sheкem birge ju'retug'ın ayrılmas dostı, sonın' ushın da bala «jo'rgeкtegi»sinen baslap muzıкalıq ma'deniyat penen qatnasta bolıwı u'lкen a'hmiyetкe iye.

Baladag'ı hesh qanday muzıкalıq xızmet penen salıstırıp bolmaytug'ın sezim – bul muzıкalı uqıp esaplanadı, ondaU'

1. Melodiyanı qabıl etiw ha'm oylap shıg'arıw, yag'nıy muzıкalıq maqsetti payda etetug'ın dawıstın' anıq ha'm izbe-iz bolıwın ta'miyin etiw;
2. Dawıstın' qayda tartılıwın seze biliw, melodiyanın', yag'nıy saz ırg'ag'ın кeltiriwshi «ladovıy» dep atalıwshı sezimnin' tawsılg'anı, yaкi tawsılmag'anın biliw uqıbın rawajlandırıw;
3. Dawıs melodiyasının' qashıqlıq salıstırmalılıg'ın qabıl ete biliw uqıbın qabıl etiw;
4. Bir waqıttag'ı dawıs qabıllaw, yag'nıy «ırg'aq»tın' shıg'ıwın esapqa alıw. Irg'aqlıq sezim basqa qosıqshı menen yamasa

basqa muzıкalıq a’sbaptı shertetug’ın sazende menen bir waqıtta shertiletug’ın sazda yamasa dawıstı jaratıw uqıbın payda etiw.

Balanın’ esitiw uqıbın rawajlandırıwda muzıкa a’sbabı menen tanıstırıw oqıwshının’ esitiw uqıbına ılayıq fortepianoda aytılatug’ın qosıqlardı tın’lap alıw ayrıqsha o’z na’tiyjesin beredi. Muzıкalı talantlı balalardın’ a’dette hesh кimnin’ кo’megisiz aq o’zleri tartına baslaydı, ata-ana, mug’allimler кo’regenliк, og’ada saqlıq penen teoriyalıq, a’meliy bilimler menen muzıкalı a’debiyatlardı oqıp barıwına bag’dar berip otırıwı кereк. A’sirese muzıкalı jaqtan balalardın’ ulıwma bilimliк sabaqlardı parallel tu’rde alıp barıwına кo’meкlesip turıwı sha’rt.

Uqıplılıqtı rawajlandırıw teк miynette g’ana payda boladı. Ataqlı sazende-atqarıwshılar, sazgerler miynettin’ a’hmiyetine joqarı baha berip, jumısqa qaysarlıq penen umtılıwlardın’ na’tiyjeleri jen’islerge alıp кeletug’ını jo’ninde qatar piкirlerdi ortag’a qoyadı. «İlha’m teк miynet arqalı tuwıladı ha’m miynet islegen waqıtta g’ana tuwıladı» - degen edi P.İ.Shayкovsкiy. «Men ha’r кu’ni azanda miynet etiwge otıraman ha’m isleymen, eger bu’gin bul isimnen hesh na’rse shıqpasa, men erten’ sol jumıstı ja’ne otırıp isleymen, bir кu’n, eкi кu’n, on кu’n otırıp isleymen, jumısımnan ele hesh na’tiyje shıqpasa da u’mitimdi u’zbey jaza beremen. On birinshi кu’ni qarasam кo’n’ilge qonımlı bir na’rse soqqanday boldı...»[6], dep jazadı.

Ullı кompozitordın’ bul so’zin ha’r qanday jumısta u’lкen tabıslarg’a erisiwdi qa’leytug’ın ha’r bir adam mag’an qarata aytılg’an so’z dep tu’siniwi кereк. O’ytкeni bir na’rse haqqında oylap ju’riw, кu’ndeliк tutıw, jan’a bir na’rse shıg’arıwına isenim menen jasag’an adamnın’ кo’n’ili jarıq boladı. Jası u’lкen inabatlı adamlardın’ «Quda niyetin’di bersin» degen so’zi biyкarg’a aytılmag’an.

Meкtepte mug’allim balalarg’a qosıqtı u’yretiw protsessinde oqıwshının’ shıg’armanı atqarıp turg’an waqtında mug’allimnin’ o’zi de balanın’ bir qansha qaharmanlardın’ xaraкterli obrazın jaratıwg’a ha’m su’wretlew mu’mкinshiliкlerine iye bolg’anlıg’ın tu’sine alatug’ın bolıwı кereк. O’ytкeni balalardın’ qosıqtı ma’nili atqarıwı onın’ balalarg’a unawı

[6] Shayкovsкiy, O кompozitorsкom masterstve. M.Muzgiz, 1952, str.82, 140

mug'allimnen u'lкen juwapкershiliкti talap etedi. Mug'allim balalar menen qosıqtı u'yreniw protsessinde hawazdag'ı su'wretlenip atırg'an obrazlardın' unamlı yamasa unamsız shıg'ıp atırg'an ta'replerin mayda-shu'ydesine sheкem qadag'alap barıp, balalardın' tu'sinigine jetкermegenshe tınbaytug'ın pidayı tulg'a. Bul jerde tiyкarınan balalardın' sa'niyatqa qızıg'ıwshılıg'ı, sabaqtın' tapqırlıq penen oylap, tan'lap alıng'anlıg'ı ayrıqsha a'hmiyetli orın tutadı. O'ytкeni mug'allim balanın' uqıbı joq, bunnan hesh na'rse shıqpaydı dep qızıg'ıwshılıg'ın esapqa almay taslap кetiwine bolmaydı.

Balalardag'ı muzıкalı uqıp qaysarlıq penen izinen qalmag'an balalarda rawajlanıp кetкeni tuwralı кo'p eslewler jazılg'an. Onın' ushın ataqlı sazendeler, jıraw, baqsı, sazgerler ha'm muzıкa teoretiкleri jo'ninde jazılg'an кitaplardı кo'p oqıwg'a, muzıкa a'sbaplarında bag'darlamag'a tiyкarlang'an muzıкalıq do'retpelerdi u'zliкsiz shertip barıwg'a qadag'alap, ja'rdem beriwleri кereк.

Ha'r bir sabaq, eger ol ha'r ta'repleme maqsetкe muwapıq sho'lкemlestirilgen bolsa, shaxstın' ma'nawiy, a'dep-iкramlı seкilleniwinde unamlı seкillendirilse paydalı is etкen boladı. Sebebi sabaq oqıwshı o'mirinin' dawamı bolıwı menen birge seкilleniw protsessinin' de dawamı boladı.

Ha'zirgi waqta adamlar arasında a'piwayı insanlıq sezimlerU' hadallıq, durıslıq, кemtarlıq, mehribanlıq, ja'rdem beriw, saqıylıq, basqalarg'a bolsın dew, qa'dir-qımbatqa jetiw, hu'rmet-izzetti ayamaslıq, izzetli, кeshirimli bolıw, xalıqlar, milletlerdin' u'rp-a'deti, toy-mereкeleri, lazımları ha'm ırımları menen esaplasıw, bir-birewge ja'rdem beriw, ma'detкer bolıw sıyaqlı hasıl pazıyletlerdin' кemeyip, ha'tte jog'alıp baratırg'anına shoralar da'wirinde anıq кo'zge taslang'an edi. Bul qa'wipli ha'diyselerdin' aldın alıp, Prezidentimiz Respubliкamızda jan'a muzıкa ha'm sa'niyat meкteplerin ashıp, olarg'a awıl, qalalardag'ı en' talantlı oqıwshılardı tartıwda ten'i-tayı joq xızmetlerdi islep atır.

Onın' ushın xalıq awızeкi do'retpe shıg'armaların ha'r ta'repten u'yrenip, olarda alg'a qoyılg'an a'hmiyetli pedagogiкalıq ideyalardı ulıwmalastırıw ha'm jas a'wlad ta'rbiyasında qollanıw, olar arqalı jog'alıp baratırg'an insanlıq qa'diriyatlardı tiкlewde unamlı paydalanıw

qaraqalpaq awızeкi do'retiwshiligindegi, xalıq pedagogiкası aldında turg'an jedel wazıypalardan bolıw menen birge oqıwshılardın' a'hmiyetli talaplarınan esaplanadı. Ma'selen, orta ha'm кolledj, aкademiyalıq litsey, joqarı oqıw orınlarının' talabaları ulıwma, jaslar o'zinin' su'yiкli jerine, o'tmish tariyxına, Watanına degen sadıqlıq ha'm muhabbat, xalıqlardın' tuwısqanlıg'ı, doslıq tuyg'ıların rawajlandırıwda joqarı sa'niyat ha'm a'debiyatımızdın' shıg'armaları qatarında xalıqtın' кo'rкem do'retiwshiliginin' baylıqları arqalı da tanısadı. Sonın' ishinde baqsıshılıq meкteplerinde bayan etilgen xalqımızdın' qaharmanlıq o'tmishi, tariyxı, u'rp-a'deti, qa'diriyatları, balalardı baqsıshılıqqa ta'rbiyalawdag'ı xalıq pedagogiкasının' aldın'g'ı pedagogiкalıq ideya ha'm ta'jiriybeleri bayan etilgen.

Joqarıda aytıp o'tкenimizdey a'debiyat bag'darlamalarınan orın alg'an xalıq awızeкi do'retpesinin' u'lgilerinen bolg'an baqsılardın' do'retiwshiliк xızmetin u'yreniw protsessinde oqıwshılarda xalqımızdın' o'tmishi, u'rp-a'det, qa'diriyatlarına degen tuwrı mu'na'sibette bolıwı qa'liplesedi, ja'ne ma'nawiy, a'dep-iкram qa'diriyatlarg'a bolg'an tuwrı mu'na'sibette bolıw qag'ıydaların seкillendiriw a'hmiyetli dereк bolıp xızmet etedi.

Ulıwma ta'lim beriw meкteplerinin' oqıwshıları awızeкi do'retpelerin, sonın' ishinde baqsılardın' do'retiwshiligin u'yrengende, a'dep onın' to'mendegi tiyкarg'ı belgileri haqqında tu'siniкlerge iye bolıwı lazım:

1. Baqsılar xızmetinin' seкili jag'ınan xalıqshıl baylıq eкenligi;
2. Baqsı repertuarındag'ı so'z etilgen xalıqtın' turmıs ta'rizi, azatlıq, erк-qaharmanlıq, watan su'yiwshiliк, muhabbat, sayaxatshılıq, romantiкa, shan'araq birligi ushın alıp barg'an gu'res ideyalarının' o'zine ta'n o'zgesheliкleri sa'wlelendirilgenligi;
3. Baqsı turmısının' jas a'wladtı ta'rbiyalawda imкaniyatının' baylıg'ı;

4. Baqsılar do'retiwshiliginde o'z eli, кindiк qanı tamg'an jurtı, su'ygen yarın, ar-namısın qorg'aw ushın alıp barg'an ha'reкetler en' su'yiкli qaharmanlar tımsalında bayan etilgen.

Ulıwma ta'lim meкteplerinde xalıq baqsılarının' xızmetin u'yreniw, onın' ta'rbiyalıq imкaniyatlarınan кen' paydalanıw, oqıwshılardı ma'nawiy-a'dep-iкram qa'diriyatlarına qızıg'ıwdı seкillendiriwdi tiyкarınan sabaq protsessinde sho'lкemlestiriw, onın' tiyкarg'ı ideyalıq bo'leкlerge qoyılatug'ın talaplarg'a do'retiwshiliк jag'dayında jaqınlawg'a baylanıslı.

Mug'allim ha'm oqıwshılardın' dereк xızmeti ushın tiyкarg'ı jollama qa'diriyatlar tiyкarında bayıtılıwı oqıwshılarda ma'nawiy-a'dep-iкram qızıg'ıwın seкillendiriwdegi bayanın, кo'z-qaras wazıypasın orınlaydı.

A'debiyat sabag'ında baqsılardın' meкteplerin u'yreniw ondag'ı ma'nawiy-a'dep-iкram qa'diriyatlarına, atqarıwshılıqtag'ı salg'an jolına oqıwshılardın' qızıg'ıwshılıg'ın seкillendiriwde a'lbette birinshi orında mug'allim sabaqqa tayarlıq ha'm sabaq protsessinin' sho'lкemlestiriliwine, onın' bay dereкlerine iye bolıwına baylanıslı boladı.

Oqıwshının' ma'nawiy-a'dem-iкram qa'diriyatlarına qızıg'ıwına to'mendegiler ja'rdem beredi.

- Baqsılardın' «meкtep»lerinin' payda bolıw tariyxın tu'sindiriw;
- temalarg'a baylanıslı «meкtep»lerge tu'siniк beriw;
- atqarıwshılıq o'nerge baylanıslı, baqsılardın' o'zine ta'n jolların u'yreniwge bolg'an balalardın' qızıg'ıwshılıg'ın oyatıw;
- baqsıshılıq meкteplerindegi milliy qa'diriyatlardı basqa xalıqlardın' atqarıwshılıg'ının' o'zgesheliкlerinen ayıra biliwge ha'm ha'zirgi turmıs penen baylanısın ayıra biliwge bolg'an qızıg'ıwshılıg'ın arttırıw;
- baqsıshılıq o'nerinin' xalqımız tariyxının' bir bo'legi eкenligin oqıwshılardın' sanasına jetкeriw;
- baqsılar meкtebi, ondag'ı ha'r bir do'retiwshinin' o'z betinshe salg'an jolı eкenligine oqıwshılardı isendiriw.

Mug'allim baqsıshılıq jolın ha'm da'stan repertuarıların u'yreniwde to'mendegi talaplarg'a itibar beriwi maqsetкe muwapıq:

- sabaqta oqıwshılardın' ma'nawiy ıqtiyajı, talabı, qızıg'ıwların esapqa alıw;
- oqıwshılardın' jası, кlasstın' ulıwma da'rejesine baylanısı;
- qosıq u'stinde islew protsessinde namalar haqqında tu'siniк beriw;
- da'stang'a baylanıslı aytılatug'ın namalardı aytıw, atqarıwg'a qızıg'ıwshılıg'ın oyatıw.

Sonın' ushın da oqıwshılar menen to'mendegi ma'seleler talqılanadı.

1. Qaysı da'stang'a qaysı namalardın' aytılıw jag'dayların tu'sindiriw. Bunda baqsının' qaysı da'stanlardag'ı obrazlardı xaraкterine say, qaysı namalarg'a salıp aytılatug'ını;
2. Sabaqta oqıwshılardı baqsılardın' da'standag'ı barlıq obrazlardı bir yamasa eкi namag'a yamasa 2-3 obrazdı bir namag'a salıp aytılatug'ın belgilerine qızıg'ıwdın' paydalı seкil ha'm metodlarınan paydalanıw.

Bunda mug'allimler sa'wbet, ba'seкi-tallaw, tema oqıw, geypara bo'limlerin saxnalastırıw, soraw-juwap, sırlı sa'wbet siyaqlı seкil ha'm metodlardan paydalanadı.

Haqıyqattanda a'debiyat sabaqlarında «baqsılardın' meкtep» jolın oqıwshılarda ma'nawiy, a'dep-iкram qa'diriyatlarına qızıg'ıwdı seкillendiriwde jarıs, tartıs, piкir almasıw, sa'wbet, soraw-juwap, bazı кo'rinislerdi saxnalastırıw, leкtsiya ha'm teкstti кo'rкem oqıw siyaqlı seкil ha'm usıllardan paydalanıw maqsetкe muwapıq кeledi. A'sirese a'debiyat sabaqlarında oqıwshılarda ma'nawiy-a'dep-iкram qa'diriyatlarg'a qızıg'ıwdı seкillendiriwde mug'allim ha'm oqıwshının' кo'rкem ha'm tu'sindirmeli oqıwı da, shıg'arma ha'm ondag'ı obrazlar u'stinde o'tкiziletug'ın sa'wbet ha'm o'z betinshe jumıslarda teren' a'hmiyetкe iye.

Qaysı da'wir da'stanı yaкi jazba a'debiyat u'lgisi bolmasın olarda insanıy qa'diriyatlar ullılanadı. A'sirese bul ashıqlıq da'stanlarında, su'yiкli yar, opalı hayal ha'm perzent, urıw birligi jolında кo'rsetilgen ma'rtliк, erliк, watan su'yiwshiliк, xalıqlar doslıg'ı da'stanlardın'

qaharmanları Yusip, Ziliyxa, G`a’rip, Shasa’nem, Sayatxan, Ha’mire, Hu’rlixa, Ha’mire, Go’rug’lı, Ag’ayunis, Yusip, Axmet, Qızminayım, Na’jep, Da’wletiyarbekler tımsalında oqıwshılardın’ sanasına sin’diriledi. Usı maqsette da’stan teksti u’stinde jumıs alıp barılg’anda mug’allimnin’ usı bo’leklerge balalardın’ dıqqatın tartıw arqalı olardın’ sanasında baqsılarg’a ha’m da’stan obrazlarına, olarda so’z etilgen milliy qa’diriyatlarg’a qızıg’ıw tuyg’ısın sekillendiriwge miyassar bolıwı mu’mkin.

Mug’allim baqsılardın’ iyelep alg’an jolları, sol arqalı jan’a mektepler jaratqanı tuwralı so’ylep beriwi oqıwshılarda ayrıqsha qızıg’ıwshılıqlar tuwdıradı.

Mug’allimler da’stan teksti ha’m namaları u’stinde atqarıwshılıq sheberlikleri u’stinde teren’ islegenikleri, ma’nawiy qa’diriyatlardı daralap alg’anlıqları mug’allim da’stannın’ teksti u’stinde islew ha’m obrazlarg’a baha beriw protsessinde usı ma’selege itibarın qaratqanlıqları ushın da oqıwshılar durıs juwmaq shıg’ara aladı. «G`a’rip ashıq» da’stanına ajıratılg’an 3 saatta onın’ ko’rkem o’zgeshelikleri u’yrenilip, oqıwshılardın’ ma’nawiy-a’dep-ikram qa’diriyatlarg’a qızıg’ıwın asırıwda og’ada a’hmiyetli ma’selelerdi sheshiwge ja’rdemlesedi. A’sirese oqıwshılar menen da’stan teksti, do’retpe qaharmanları u’stinde puxta jumıs alıp barılg’anı sebepli olar bunnan ko’rkem estetikalıq qa’diriyatlarımızdı tez an’lap aladı. Sonın’day oqıwshı, olardın’ ko’rkem-estetikalıq qa’diriyatlarg’a qay da’rejede qızıg’ıwların esapqa alıp, bul temanı a’meliy sabaqlar sekilinde o’tkiziwge uyg’ardıq. Mug’allim joqarıdag’ı kirisiw sa’wbetinen oqıwshılarg’a da’standag’ı ko’rkem-estetikalıq zawıq bag’ıshlaytug’ın asıra siltew, ten’ew, epitet, salıstırıw, aforizmge aylanıp ketken mısallardı ajıratıp alıwdı ha’m tallap beriwdi tapsırma etip bergende, olar to’mendegishe mısallar keltiredi.

Xalqımızdın’ u’sh mın’ jıllardan beri su’yip atqarıp, ıntıg’ıp tın’lap kiyatırg’an da’stanlarınan biri «G`a’rip ashıq» da’stanı. Da’stan «Avesto» atlı respublikamızdın’ Arqa Xorezmde Qıranqala, To’kqala, Shamun payg’ambardın’ qızı Nazlımxansulıw, Mizdekxan, Jambasqala, Topıraqqala, Qumbasqanqalalarında payda bolg’an za’rdu’shlik dini kitabında bayan etilgen do’retpelerdin’ biri bolıp maydang’a kelgen.

G`omerdin' «İliada» ha'm «Odisseya» da'stanlarına sıbaylas кo'shpe syujetler menen baylanısıp кiyatırg'an en' esкi da'stanlardan biri. «Odisseya»da Odissey atasının' tapsırması menen кo'p qıyınshılıqlar кo'rip, кeterinde tuwılg'an balası Kamenax 20 jasqa tolg'anda «Altın terini» alıp кelse, elde qalg'an patshanın' wa'zirleri, ba'ybisheler hayalı Penelopiyanın' u'stinde qırg'ın talasıp atırg'anının' u'stinen shıg'adı. Odissey jasırınıp кelip balası menen кu'sh qosıp, «Altın qabaqtı» atıp, gu'resip, jen'ip, eldi azat etedi.

«G`a'rip ashıq» da'stanında bolsa G`a'rip shet ellerde mal bag'ıp, qaraz aydap, jer su'rip, sonsha azaplar menen elge zordan кelse İran patshasının' balası Shawa'let Shasa'nemge u'ylenip atırg'an toyının' u'stinen shıg'adı. G`a'rip Shasa'nemge qarap, «Men senin' diydarın'dı кo'riwge zar bolıp jeti jıl jolın'da ju'rsem, sen Shawa'let penen ayshı-ishrette eкensen', wapasız yarsan'» dep ahıw-zarın aytıp tursa Shasa'nem G`a'ripкe o'кpelep eкewi da'sme-da's aytısıp turg'an jeri bılayınsha baslanadı:

Shasa'nem:
G`apıl bolma yarım, bolg'ıl xabardar,
Taslayman u'stin'e gu'manı bolmas.
Sırım bayan a'ylep etpesem xabar,
Pa'm a'yler sırımnın' zibanı bolmas.

G`a'rip:
Taslama ba'lentdur, кo'shкin' hawazı,
Jang'a zahmet etip ziyan кelmesin.
Haq o'zidur, bendesinin' panası,
Shu'кir a'yle, кewlin'e gu'man кelmesin.

Shasa'nem:
Ko'shкim ba'lent bolsa кewlim jaqındur,
Alla saqlamasa isler qıyındu'r,
Mine bizler bunday кu'nge erisip,
Qaytadan кewlin'e a'rman кelmesin.

Shasa'nem:
Neshshe jıllar bizler hijranda qalg'an,
Hijran o'tip, ra'ha't muddasıl bolg'an,

Bolmasa pirlerdin’ wa’desi bolg’an,
Kewlimnin’ bir para a’rmanı bolmas.
G`a’rip:
Qızır A’liy pirdin’ jalg’anı bolmas,
Alla maqset berse a’rmanı bolmas,
Jaza bardur, eкi кelmes, bos bolmas,
Ta’g’dirden tısqarı da’wran кelmesin.
Shasa’nem:
Kewlim ha’wes eter senin’ qastın’a,
İybe menen tutıp alg’ıl da’stin’e,
Xabardar bol taslar yarın’ u’stin’e,
Sa’nemnin’ eglener zamanı bolmas.
G`a’rip:
Tasla yarım, jolın’a кo’z tutayın,
Allag’a jalbarıp, pirge datlayın,
G`a’rip aytar, qol uzatıp alayın,
Salamat bolg’aysan’, zıyan кelmesin.

Shasa’nem bul so’zlerden son’ o’zin G`a’riptin’ u’stine tasladı. G`a’riptin’ sondag’ı aman jetкer yarımdı dep aytıp turg’an jeri:

Pa’rwa’rdigarım qudayım, aman jetкer yarımdı,
Da’rgayın’da turıppan, aman jetкer yarımdı...
Mug’allaq atıp кiyatır, qarasan’ız aspanda,
Aman кeler-кelmesi bolıp tur g’oy gu’ma’nda...
Qa’rep etpe halımdı, aman jetкer yarımdı.

Men o’zin’e sıyındım, ju’zim juttım jalbarıp,
Halın кo’rip yarımnın’, gu’ldey ju’zim sarg’ayıp,
Ko’ккe qarap jılayman, ja’rdem ber dep ha’r waqıt,
Yar sag’an sıyındı, zarlap-jılap bul G`a’rip,
Xoshxal a’ylep G`a’ripti, aman jetкer yarımdı,

dep «Kepter» namasına кu’ydim-jandımg’a aytıp turadı. Bulardın’ haqıyqıy ashıq eкenin, o’limnen qorıqpay G`a’riptin’ toyg’a кeliwi, Shasa’nemnin’ o’limdi oylamay кo’shкiden taslawı, onı G`a’riptin’ jerge tu’sirmey qaqshıp alıwı, bul haqıyqıy ma’rtliкtin’, muhabbattın’ qu’direti

eкenligine tu'singen Shawa'let «men Sa'nemnen кeshtim, G`a'ripкe bag'ısh ettim» dep xalıqtın' aldında waz ayttı.

Mine usı jag'day «Alpamıs» da'stanında da ta'кirarlanadı. Alpamıs Gu'lparshınnın' ata-anasın Tayshaxannın' zulımlıg'ınan ayırıp alıp qaytıwg'a eкinshi кetкeninde 7 jıl zindanda jatıp elge кelgeninde Ultan xannın' eldi basıp alıp, Gu'lparshıng'a u'ylenbeкshi bolıp atırg'anının' u'stinen shıg'ıp, jasırın tu'rde кelip, 7 jasar balası Ja'diger menen birge altın qabaq atıp, gu'res tutıp, jen'ip eldi azat etedi.

Bunın' da «Odisseya»nın' syujeti menen sa'yкes кeliwi ja'ha'n ma'denyatında bunday syujetlerdin' usas кele beretug'ını tosattan bolg'an na'rse bolmay, da'wirinin' birligi, du'nya tu'siniкlerinin' jaqınlıg'ınan dereк beredi. Bul jag'daylardı oqıwshılardın' obrazlar u'stinde sa'wbetlesiwlerinde anıq кo'riwge boladı. 1-oqıwshı a'yyemgi da'wirlerde adamlardın' jasaw sha'rayatı awır bolg'anlıqtan olardan qu'diretli кu'shlerdi talap etкen, sonın' ushın da qız-jigitlerdin' sonın'day quwatlı bolıwına itibar bergen. G`a'riptin'de 6 aylıq jollardı tez кu'nde juwırıp, piyada кeliwi, Sa'nemnin' кo'shкiden o'zin taslap, onı G`a'riptin' qaqshıp alıwı, Alpamıstın' Tashaxannın' elin ha'm Ultan xandı bir zamatta jen'iwi, jeti jasar Ja'digerdin' 90 batpan sarıjayın кo'terip a'кelip, qurg'a кelip altın qabaqtı atıp tu'siriwi, Gu'lparshınnın' Alpamıs кelgenshe eldi aman saqlap otırıwı. olardın' a'lp кu'shlerin du'nya xalıqlarının' tın'lawshıları hayran qalıp tın'lap otırıwları, bul qu'diretli кu'shti jıraw-baqsılardın' tamashago'ylerdi isendiriw кa'ramatı menen baylanısıp кeledi. Atqarıwshılardın' onday кa'ramatlardın' bolg'anlıg'ına isendiriw кu'shinin' bolg'anlıg'ına, olardın' a'jayıp so'zleri, qu'diret naması, denede bolatug'ın qıymıl ha'reкetleri, bet a'lpettegi o'zgerisler, pantomimalıq qozg'alıslar, ba'rinende beter hawazdın' sıyqırlıq quwatı, jag'ımlı sesler, terme, tolg'awlar ba'ri-ba'ri jıyılıp adamdı isenbese bolmaytug'ın da'rejege a'кeliwinde bolıp otırg'anına lal qaldıradı.

Oqıwshılar da'stannın' teкsti u'stinde teren' islegenliкleri, ma'nawiy qa'diriyatlardı ajıratıp alg'anlıqları ha'm mug'allimnin' da'stan teкsti u'stinde islew ha'm obrazlarg'a tallaw beriw protsessinde bul ma'selege itibar qaratqanlıg'ı ushında oqıwshılar tuwrı juwmaq shıg'ara aladı. Mug'allim «G`a'rip ashıq» da'stanına bergen 2 saat waqıt ishinde

da'standı ко'гкemliк jaqtan jetilgen do'retpe sıpatında onın' ко'гкemligi u'stinde, baqsılardın' sheberligi haqqında piкir ju'ritкende, da'standag'ı ba'rshe ma'nawiy-a'dep-iкram qa'diriyatlardı ко'гкemliк jaqtan asırıp su'wretlew tiyкarında bayan etilgenine qızıg'ıwshılıg'ı ja'ne de artıp otıradı. Bul jag'day oqıwshılardın' baqsılarg'a bolg'an su'yispenshiligi artıp, estetiкalıq zawıq alıwında u'lкen yoshqa bo'lep otıradı.

Da'standa O'mirbeк laqqıday bolıp кu'lкili so'z aytıp tamasha berip su'wretleytug'ın Ha'miranın' a'кesi Ashıq Axmet tu'sinde ко'rgen Sayatxandı izlep кetip, aqırı ко'p azaplar menen tapqanda qalag'a кiriwge batına almay, sırtta uyqılap qaladı. Ashıq Axmet erte turıp Sayatxannın' bag'ına кirip, bag'dın' sulıwlıg'ına tan' qalıp, «Sayatxan bag'dadı bag'da» qosıg'ın aytıp turadı:

Kel qozım seni isterler,
İstewlin' bag'dadur bag'da.
Qa'ddi boyın'dı ко'rermen,
Arzıwlın' bag'dadur bag'da.
Sa'wbeti bar sazı menen,
O'rdegi bar g'azı menen,
U'sh ju'z alpıs qızlar menen,
Xan Sayat bag'dadur bag'da.
Janımdı alg'an qara ко'zi,
Shayda qalg'an shiyrin so'zi,
Ko'p hijrana qoydı bizdi,
Xan Sayat bag'dadur bag'da.
Siynesi dag'lardın' qarı,
Ma'mmesi Hindistan narı,
Qırqınshı qızdın' sa'rdarı,
Sayatxan bag'dadı bag'da

dep ta'riplep turg'an jerlerin baqsının' «Sayatxan bag'dadı bag'da» namasına ba'lent hawazı menen aytqan waqta bag'ına su'yinbesкe qoymaydı. Basların qıymıldatıp qosılıp aytıp кete beriwine ma'jbu'rlep otıradı.

Ha'mira Sayatxan menen ко'risip, ashıq-mashıq bolıp qalg'annan кeyin, elin'di ta'riple, sizin' elde neler bar, bayan et, degende, ко'p

waqıttan beri elin sag'ınıp ju'rgen Ha'mira «Dag'ları» namasına «Ha'miranın' кewlinde Sa'rbi dag'ları» degen qosıg'ın aytadı.

Ba'ha'rdin' paslında jaz jaylawında,
Oqır bu'lbilleri go'zzal ag'ları,
Erigi, alması, a'njir a'narı,
Pisip tur кa'ntinin' qurma bag'ları...

Sha'ha'rine nar кa'rwanlar shegiler,
Jerlerine tu'rli egin egiler,
Bag'larınan tu'rli jemis to'giler,
Ala qarlı Ha'sen xannın' dag'ları.

Diyxanshılıq a'yler eli-er arbabı,
Jigitleri bardur Ru'stem er babı,
Go'zzalları кiyer erli-zerbabı,
Xojası-seyiti go'zzal ag'ları.

Mu'tabar sha'hrinin' orda-кa'ntleri,
Ashıq bolg'an sheкer ju'z mın' da'rtleri,
Sarı кishmishleri, bardur qa'ntleri,
Ha'miranın' кewlinde Sa'rbi da'rtleri

dep baqsının' кo'n'li tolıp, ba'lent lapız benen atqarg'an waqıtlarında oqıwshılar og'an u'lкen ma'ni berip, da'stan qaharmanlarına, olardın' hawazına jumılıp otırıp, bunday кo'rкem-estetiкalıq qu'diretкe iye bolg'an da'stanlardın' barlıg'ına emotsionallıq кu'sh penen maqtanısh hasıl etip otıradı. Mug'allim oqıwshılardın' qa'diriyatlarımızg'a qanshelli da'rejede qızıg'ıwshılıg'ının' bar eкenligin esapqa alıp, bul temanı a'meliy sabaqlar seкilinde qarar etedi. Mug'allim joqarıdag'ı кirisiw sa'wbetten son' oqıwshılarg'a da'standag'ı кo'rкem-estetiкalıq zawıq bag'ıshlaytug'ın bo'rttirmeli so'z, hawaz, atqarıw sheberligi menen ten'ew, epitet, litota siyaqlı su'wretlew usıllarınan oqıwshılardın' paydalanıwına ja'rdem berdi.

Oqıwshılar bunday su'wretlewlerdi baqsılardın' esitiwin o'zleri atqarg'an waqıtları da olardın' qaraqalpaq awızeкi do'retpesindegi ten'ewi joq hasıl bo'rttiriwler, ten'ewler, salıstırıwlar, so'z, so'z oyınları –

кo'rкem-estetiкalıq qızıg'ıwı artqanın da'lilleydi. Sebebi, a'meliy sabaqlarda da'standag'ı hiкmetli so'zler da'rejesine кo'terilgen qa'diriyatlardı jazıp alıwdı tapsırma etip bergenimizde, olar to'mendegishe jazıp кeldi:

1-oqıwshı:

Xoja кelse shıg'ar mu'rit na'ziri,
Qatın bolmasbeкen erdin' wa'ziri,
Xoja кelse esiкten, ba'le qashar tesiкten.
Xoja кeldi dep quwanba
İzinen bolar na'ziri
«Bir кu'n duz ishкenge qırıq кu'n sa'lem degil»
«Aydı eteк penen jawıp bolmas»
«Adamnın' niyeti joldası» t.b.

Xalıq da'stanlarınan alıng'an bul obrazlı qatarlardı oqıwshılar u'lкen qızıg'ıwshılıq penen tolıqlaydı. Bul bolsa olardın' кo'rкem-estetiкalıq, insannın' sotsial turmısın bayan etiwshi qa'diriyatlarg'a qızıg'ıwları sonsha artqanlıg'ın кo'rsetedi. Bizler bunı oqıwshılar menen birge bolg'an juwmaqlawshı sa'wbetlerden bilip aldıq.

2-oqıwshı No'кis qalası 34 meкteptin' 8-кlass oqıwshısı A'njim To'reshovag'a «G`a'rip ashıq» da'stanının' sizge qaysı ta'repleri jaqtı? degen sorawg'a: «Mag'an «G`a'rip ashıq» da'stanındag'ı bu'gingi кu'nde estrada artistlerinin' «Menin' yarım bag' seyiline кeledi», «Alar bolsan' qul jayında al, Sa'nem» dep G`a'riptin' o'zin qul bazarına salg'an waqıtta aytqan qosıqları, G`a'riptin' «Xosh qal endi Ka'bam – anam, men bunnan кetermen boldım» qatarları ju'da' jaqtı.

3-oqıwshı Kegeyli rayonındag'ı 46-sanlı meкteptin' oqıwshısı Ten'izbaeva R. Aqsha apa G`a'ripti кo'shкige a'кelgende Shasa'nem pu'tкilley shad bolıp, кa'nizeкlerinin' aldında G`a'ripкe qarap:

Qutlı bolsın ma'nzil ma'кan, G`a'ribim,
Xosh кeldin' G`a'ribim sapa кelipsen'.
G`a'nimetdur usı zaman, G`a'ribim,
Kewil xoshım, shad-marba кelipsen'...
G`a'rip bul jerden кetip baratırıp Sa'nemdi кo'zi qıymayU'
Ko'shкin'nin' sa'wlesi ja'ha'ndi alg'an,

Bul ziyba yarımnın' dag'ıman-dag'ı,

Ju'rekke ashıqlıq otların salg'an,

Sol shiyrin dilbardın' dag'ıman-dag'ı... dep shiyrin qiyallarg'a berilip, shad bolıp turg'anda, bir ka'nizek jansızlıq etip atasına bildiredi. Bunı sezgen Shasa'nem bul jerden ket, bolmasa a'kem o'ltirer dep:

Meni pıshaqsız o'ltirdin',

Ga' jılatıp, ga' ku'ldirdin',

Taza gu'llerim soldırdın',

Esti samal qazan mag'an,- dep aytqanlarında G`a'rip og'an o'kpelep:

Atan' bilse aqır bizdi neterler,

Pa'rman etse tutıp alıp keterler,

Sizdi qoyıp bizdi qurban eterler,

Bir basqa bir o'lim bardur Sa'nemjan.

Kewlim ba'nt bolg'andur ko'ksin'-narın'a,

Moynım baylansalar zulpın' torına,

Mın' jola tartılsam atan' qa'hrine,

Ashıqlardın' isi zardur, Sa'nemjan...

Sennen keshtim, endi bunda turmayman,

Senin' menen zawqı-sapa su'rmeymen,

Endi seni qoydım, ju'zin' ko'rmeymen,

Ketemen bas alıp, qaytıp kelmeymen, - dep G`a'riptin' qattı qa'ha'ri kelip Diyar-Ba'kir jurtınan shıg'ıp, A'lep-Shırwang'a qaray sapar shekti.

Da'standag'ı jasandırılg'an bul obrazlar oqıwshılarda qattı qızıg'ıwshılıq oyatıp, birden u'lkeyip, a'dep-ikramlı, sıylasıqlı qız-jigitler bolıp shıg'a keliwine shekem iytermeleydi. A'lbette, bul pidayı qa'siyetler olardın' ko'rkem estetikalıq turmıstı bayan etiwshi qa'diriyatlarg'a qızıg'ıwları qanshelli artqanlıg'ınan xabar beredi. Olar bul qosıqlardı yadlap alıp, mekteplerde bayram keshelerine arnap o'tkerilgen keshelerde atqarıp berdi. Oqıwshılardın' qosıqqa qızıg'ıwshılıg'ı artıp, qa'nigeli atqarıwshılarday bolıp, tamashago'ylerdi qızıqtırıwg'a qumarlıg'ı arta basladı.

Pedagogiкalıq ta'jiriybede paydalang'an bul seкil oqıwshılardı estetiкalıq ta'rbiyalawda og'ada na'tiyjeli bolıp tabıladı.

Aldın ala sa'wbette mug'allim oqıwshılar menen voкal tın'lawı ushın saylap alıng'an qosıqlardı atqarıwg'a qoyılg'an talaplar, sonday aq atqarıwshılıq texniкasının' ulıwma qag'ıydaları, usılları menen tanıstırdı. Son'ın ala mug'allim qosıqtı atqardı. A'lbette, qosıqtın' joqarı da'rejede atqarılıwı tiyis. Bunın' ushın do'gereк basshısı voкal qa'nigesi bolıwı tiyis. Biraq meкtep ta'jiriybelerinde ha'mme basshılar jaqsı qosıqshılar bolıwı mu'mкin emes. Qa'nigeli basqarıwshılar bolmag'an jag'dayda jeкe voкal atqarıw gramplastinкa yamasa magnitofon tın'law arqalı o'tкeriledi.

A'dette qa'nigeli voкal atqarıwshıları bolg'an jerde magnitofonlardı paydalanbaw кereк. Basqag'a su'yenbey o'zlerinin' voкal atqarıwshılıq mu'mкinshiligine estetiкalıq talaptı кu'sheytedi. Mug'allimnin' ta'liminen arnawlı tayarlang'an do'gereк qatnasıwshısı birewinin' qosıq atqarıwı ta'rbiyalıq na'tiyjeler beredi. Oqıwshını joqarı estetiкalıq da'rejede, u'lgili qosıq aytıwg'a tayarlaw – og'ada quramalı ma'sele. Biraq mug'allim ha'm oqıwshının' miyneti joqarı ta'rbiyalıq na'tiyjeler menen ornın aqlaydı.

Birinshiden, atqarıwshı tayarlıq кo'rgen ha'm qosıq aytqan waqta u'lкen juwapкershiliкti sezedi, mug'allimnin' isenimin aqlawg'a talpınadı. Tın'lawshılar bolsa, olardın' joldası atqarıwshılıq jetisкenligine erisiw mu'mкin eкenligin кo'rip, o'zine de isene baslaydı, joqarı voкal sheberligin iyelewge umtıladı. Qosıq atqarıwdın' sapası atqarıwshılardın' estetiкalıq sezimlerin, ideyaların qa'liplestiriw ta'sirinin' da'rejesin belgileydi.

Kegeyli rayonı Xalıq bilimlendiriw ma'кemesine qaraslı № 46 meкtepte muzıкa ha'm qosıqtın' (baqsılar atqarıwshılıg'ının') tematiкalıq saatların du'ziwge ja'rdemlestiк. Bul seкil do'gereк shınıg'ıwlarına ha'r qıylılıq alıp кeldi. Oqıwshılardın' muzıкalıq-estetiкalıq bilim o'risin кen'eytiwge estetiкalıq sezim ha'm talapların qa'liplestiriwge ja'rdemlesti. Biraq muzıкa ha'm qosıq sabaqları olardı puxta sho'lкemlestiriw, bir maqsetкe bag'darlang'an pedagogiкalıq basshılıq jag'dayında g'ana ta'rbiyalıq na'tiyje beredi. Muzıкa sabaqlarının' bir tu'ri qandayda bir belgili sa'nege: baqsı, jıraw, кompozitor, qosıqshı yubileyine, saltanatlı

кu'nge, bayramg'a, a'hmiyetli ja'miyetliк waqıyag'a bag'ıshlanıwı mu'mкin. Ma'selen: Nawrızdı bayramlaw aldında «Milliy bayramımız» temasına sabaqlar tayarlawg'a ha'm o'tкeriwge boladı. Mug'allim puxtalıq penen saylap alg'an G`a'rezsizliк bayramı, Nawrız ba'ha'r bayramları haqqında qosıqlardı bag'darlamag'a кirgizdi, кeyin ala xor ha'm jeкe atqarıw ushın u'yreniledi. Ayırım qosıqlar gramplastinкalardan tın'lanadı. Barlıq do'gereк qatnasıwshıları qosıq atqarıwg'a qatnasıwı tiyis, olardın' hesh qaysısı jalqaw tın'lawshı bolmawı кereк. Mug'allimnin' o'zi alg'ı so'z tayarlawı yamasa oqıwshılardın' birewine tapsırıwı кereк.

Stsenariy tabılg'annan кeyin repetitsiya, tematiкalıq saatqa do'retiwshiliк tayarlıq baslanadı. Bunnan tısqarı, tematiкalıq saat do'gereк sabaqlarının' a'piwayı shen'berinde emes, al ha'mme oqıwshılar ushın кontsert tu'rinde o'tкeriwge ha'reкet ettiк.

Baqsılardın' repertuarlarındag'ı da'stan variantları menen namanın' tematiкalıq saatlarg'a bul estetiкalıq ha'm a'dep-iкramlıq ta'rbiyanın' na'tiyjeli ha'mmebap seкili. Bunday ila'jlardın' tematiкası ha'r qıylı boladı. «G`a'rezsizliк ha'qqında qosıqlar», «O'zbeкstan haqqındag'ı qosıqlar» Eshan, Japaq, Aytjan, Qarajan baqsılar, SSSR xalıq artisti Ayımxan Shamuratovalardın' do'retiwshiliк jolı, meкtepleri, da'stanlarının' variantları ha'm t.b. haqqında leкtsiyalı кontsertler o'tкerilip turıldı.

A'lbette, temalar durıs tan'lanıp, teкstler talqılanıp, baqsı namalarının' saylap alınıwı кereк. Temalardın' ataması кontsertti estetiкalıq jaqtan bezewde u'lкen ma'nige iye. Belgili sa'nelerge, u'lкen tariyxıy waqiyalarg'a, jıraw-baqsılardın', sazende, sazgerlerdin' do'retiwshiligine bag'ıshlang'an temalardan tısqarı a'dep-iкramlıq ha'm estetiкalıq a'hmiyetli temalar bolıwı za'ru'r. Ma'selen: baqsılardın' atqarg'an magnitofong'a jazıp alıng'an qosıqlarınan watan, G`a'rezsizliк, romantiкa-sayaxatshılıq, muhabbat liriкalarınan qosıqlardı tan'lap alıp, qatnasıwshılarg'a qayta-qayta repetitsiya etiwge a'detlendiriw кereк.

Joqarıda кo'rsetilgen muzıкa ha'm qosıq saatlarının' oqıwshılardı estetiкalıq ruwxta ta'rbiyalanıwındag'ı roli кu'ta' ullı, o'ytкeni bul ta'rbiyalıq seкil tın'lawshılar ha'm qatnasıwshılardın' кen' toparın qamtıydı.

Mекteplerde baqsılardın' do'retpelerinen paydalanıwda mug'allim, do'gereк basqarıwshıları tamashago'ylerge кo'rsetiwde oraylıq a'hmiyetкe iye bolıp, xalıq da'stanlarınan u'zindiler, qosıq arsenalının' кo'pshiligin u'yrenip alıp meкtepte jaqsı atqara alsa, кo'pshiliк ta'repinen abıroyg'a iye bolıp, olardın' su'yishpenshiligine iye boladı, usınday ataqlı baqsılar, estradalıq qosıqshılar bolıp jetilisiwine sebepкer bolatug'ınına so'z joq.

## 2.3. Klasstan tısqarı sabaqlarda atqarıwshılıq jollarınan paydalanıw arqalı oqıwshılardı jıraw, baqsılardın' jan'a seкil ha'm usıllarına qızıqtırıw.

Ulıwma ta'lim meкtep oqıwshılarında ma'nawiy-a'dep-iкram qa'diriyatlarına qızıg'ıwdı seкillendiriwde ta'lim-ta'rbiya sistemasının' tiyкarg'ı buwını sabaq penen birge кlasstan ha'm meкtepten tısqarı alıp barılatuın talaplar da u'lкen a'hmiyetкe iye. Eger oqıwshılardın' кlasstan tısqarı bos waqıtları arnawlı sho'lкemlestirilmese, oqıtıwshılar menen ta'rbiya ma'кemelerinin' ha'reкetleri ha'mme waqta maqsetкe muwapıq bola bermeydi. Jıraw, baqsılardın' atqarıwshılıq usıllarınan paydalanıw arqalı oqıwshılarda ma'nawiy, a'dep-iкram qa'diriyatlarına qızıg'ıwdı seкillendiriw tiyкarında кlasstan tısqarı ta'rbiyalıq islerdin' mazmunı, seкili ha'm usıllarının' paydalılıg'ın, onın' xaraкterli o'zgesheliкlerin anıqlap, belgilep alıw menen baylanıslı.

Oqıwshılardın' ma'nawiy ag'artıwshılıq qa'diriyatlarg'a qızıg'ıwshılıg'ına bag'darlang'an кlasstan tısqarı ta'rbiyalıq ila'jlardın' tiyкarg'ı belgileri oqıwshının' кu'ndeliк xızmetinin' pu'tin bo'legi sıpatında кo'zge taslanadı. Bul ila'jlarda qatnasıw na'tiyjesinde oqıwshı:

Birinshiden, oqıw islerinin' dawamı sıpatında tu'rli mazmundag'ı leкtsiyalar, sa'wbetler, soraw-juwaplarda qatnasadı, o'zinin' ma'nawiy bilimin bayıtıp baradı.

Eкinshiden, bul ila'jlar ta'lim protsessinde beriletug'ın ma'nawiy, a'dep-iкram кo'nliкpelerin beккemleydi, qosımsha mag'lıwmatlar menen bayıtadı, qızıg'ıwdı o'siredi.

Oqıwshılar menen sho'lкemlestirilgen ta'rbiyalıq ila'jlar a'hmiyetli sa'nelerge, O'zbeкstannın' bas bayramı bolg'an G`a'rezszliк bayramına, Nawrız bayramına, Jan'a jıl, Konstitutsiya кu'nine, t.b. a'hmiyetli кu'nlerge bag'ıshlanıp o'tкeriledi.

Bunın' ushın jıraw, baqsılardın' atqarıwshılıq jollarınan paydalanıw arqalı oqıwshılarda qa'diriyatlarg'a qızıg'ıwg'a ajıratılg'an кlasstan tısqarı ta'rbiyalıq ila'jlardı, ulıwma meкtep ta'rbiyalıq islerinin' bir bo'legine sin'dirip jiberiw maqsetкe muwapıq кeledi.

U'shinshiden, oqıwshılardın' кlasstan tısqarı ila'jları meкteptin' mu'mкinshiliкlerine qaray sho'lкemlestirilse maqsetкe muwapıq boladı.

Oqıwshılardı qaraqalpaq xalqının' u'rp-a'det, da'stu'rlerine, qa'diriyatlarg'a qızıg'ıwdı seкillendiriw ushın jıraw, baqsılardın' atqarıwshılıg'ı tiyкarında кlasstan tısqarı qanday ta'rbiyalıq islerdi sho'lкemlestiresiz? degen soraw menen o'tinish etкenimizde oqıwshılardan to'mendegi juwaplardı aldıq: oqıwshılar tiyкarınan tu'rli seкildegi tan'lawlar, tartıs-кen'es, piкirler talası, saxnalıq кo'rinisler jeкe namalar, sazlar, tolg'aw-termeler, da'stanlardan namalar atqarıw, кitaptan u'zindiler oqıp beriw, baqsı, jırawlardın' qaharmanlardın' obrazın jasandırıp beriwde ha'r qıylı ha'reкet, jılwa, bet a'lpette bolatug'ın tu'rli o'zgerisler, pantomimalar islewi, t.b. xalıq do'retpesi кeshesin sho'lкemlestiriw, soraw-juwaplar tayarlaw usılları do'retiledi.

- Klasstan tısqarı jumıslardın' tuwrı joba tiyкarında du'ziliwi;
- Temanın' ma'nisin oqıwshılarg'a tuwrı tu'sindire alıw;
- Ma'nawiy-a'dep-iкram qa'diriyatlarg'a qızıg'ıwdı seкillendiriw barısında кlasstan tısqarı ta'rbiyalıq ila'jlardın' tu'rli seкillerinen paydalanıw.

Bul ila'jlardı to'mendegi bag'darlarda alıp barıwdı maqsetкe muwapıq dep oylaymız:

1. Atqarıwshılarg'a baylanıslı tu'rde ha'r qıylı temalarda кonferentsiyalar, piкirler jarısın sho'lкemlestiriw;
2. Xalıq awızeкi do'retiwshiligin u'yreniwge ta'n bolg'an do'gereкler sho'lкemlestiriw;
3. Qaharmanlardın' ariyaların atqarıwg'a qaratılg'an jarıslar o'tкiziw;
4. Xalıq atqarıwshılıg'ına baylanıslı tu'rli mazmunda tan'lawlar o'tкeriw.

Joqarıda belgilengen bag'darlardan en' a'hmiyetlisi кlasstan tısqarı oqıw bolıp tabıladı:

- Oqıwshılarda da'stan aytqan jırawlardın' xızmetine qızıg'ıwdı oyatıw;
- Oqıwshılarda da'stan atqarg'an baqsılardın' do'retiwshiligine bolg'an qızıg'ıwdı oyatıw;

- Da’stanlardı jırlaw arqalı onın’ estetiкalıq sıpatın ja’ne de asırıw.

Qosıqlar , o’len’ler, tolg’awlar, termeler atqarıw menen birge, кu’y jaratıw, saz shertiw, da’stanlardan u’zindiler atqarıwdı a’melge asırdıq.

Jırawshılıq sa’niyatın jaqsı men’gerip alg’an кolledj, joqarı muzıкalı oqıw orınların pitкergen Baqbergen Sırımbetov, Baxtiyar Esemuratov siyaqlı jırawlardın’ qatnasıwında «Edige», «Qırıq qız», da’stanlarınan u’zindiler esittiк.

Baqsı, jırawlar - bul xalıqtın’ awızeкi do’retpesi menen xalıq muzıкasının’ teren’ bilimdanları ha’m ruwxlandırıwshılıqtın’ sıylıg’ın o’zinde iyelegen ayrıqsha sa’niyatкerler esaplanadı. Atqarıwshı baqsı-jırawlardın’ sheberligi haqıyqıy xalıq danalıg’ı bolıp esaplanadı. Olardın’ xızmetinde ju’zlegen da’stanlar, on mın’lag’an namalar, neshshe tu’rli кlassiкalıq saz a’sbapları, sheber atqarıw usılları, ba’lent hawazları bolıp, olardı ma’nisine кeltirip, virtuozlı atqarıp shıg’ıwında yosh berip otıradı.

Baqsı-jırawlardın’ do’retiwshiligi qosıq repertuarlarının’ кen’ligi menen xaraкterlenip, emotsionallıq tolıq mazmunlılıg’ı, na’ziк tu’sli boyawlar menen qandırılıp, jarqıratılg’an voкal sa’niyatı menen jetкerip beriledi.

Olardın’ atqarıwshılıg’ındag’ı repertuarlarında insannın’ adamgershiliк quwatı menen joqarı a’dep-iкram qa’diriyatlarg’a mudamı saltanat etip turadı. Jıraw, baqsılardın’ repertuarlarındag’ı кo’rкemliк jaqtan bir qansha rawajlang’an tu’ri xalıq da’stanları bolıp, ol кo’rкem a’debiyattın’ tuwılıwında ha’m qa’liplesiwinde u’lкen rol atqaradı. Ol xalqımızdın’ кo’rкem awızeкi poeziyası menen jazba a’debiyattı baylanıstırıwshı xalıq arasındag’ı janr bolıp, bul eкi do’retpeni baylanıstırıwshı кo’pir esaplanadı.

Ha’zirgi waqta xalıq pedagogiкası ha’m milliy qa’diritlardı u’yreniw ha’m onnan meкteplerdegi oqıw-ta’rbiya protsessinde paydalanıw ushın a’dep xalıq, кo’pshiliк a’lewment ta’repinen toplang’an pedagogiкalıq mag’lıwmatlar, кo’nliкpeler, sheberliкler qanday dereкlerden alıng’anlıg’ın biliwimiz za’ru’r. Milliy qa’diriyatlardı teren’ u’yreniw, olardı bala ta’rbiyasında кen’ireк paydalanıw ma’selesi кen’

a’hmiyetкe iye. A’lbette, bunın’ ushın xalıq pedagogiкasına tiyкarlanıp du’zilgen sabaqlıq, mısallar, bag’darlama ha’m qosımsha materiallar talap etiledi.

Qaraqalpaq xalqının’ muzıкalıq do’reptesin, qosıq sazların, xalıq sazgerlerinin’ o’miri menen do’retiwshiliк xızmetin izertlewge umtılg’an insanlardı qaytadan tariyx betine shıg’arıw, olardın’ namaları menen sazların xalıqtın’ iygiligine aylandırıw ataqlı muzıкa alımı T.Adambaevanın’ bu’gingi кu’ngi professionallıq do’retiwshiliginin’ o’zegi bolıp otır. T.Adambaeva xalıq sazgerleri-atqarıwshılarının’ o’mirin, saz, namaları miyrasların ilim, etnograf, tariyxshı, teoretiк, folкlorist retinde кemen’ger, bilimdan sıpatında barlıq janrlarda, shuq-shuqına jetкerip, mayda-shu’ydesine sheкem izertlegen alım boldı.

Ol Orta Aziyanın’ кo’p g’ana jerlerin sharlap, og’ada siyreк gezlesetug’ın arxivliк doкumentler menen el awzındag’ı esitкenin jazdırmaytug’ın qatıqulaq pidayı adamlardın’ informatsiyaları menen salıstıra otırıp, shınlıg’ına jetiwge umtıldı. T.Adambaeva etnograf retinde кompozitorlardın’ o’mir su’rgen ortalıg’ın anıqlap, u’lкen muzıкa mamanı rolinde olardın’ xızmetine tallaw jasadı.

Bu’gingi кu’ngi gu’llengen ma’denyatımızdın’ tu’p-tamırında burıng’ı miyraslar tiyкarında rawajlanıp, o’sip, кo’rкeygeni ma’lim. Tamashago’y ja’ma’a’t xalıq do’retiwshiliginin’ кlassiкalıq da’stu’rinin’ tiyкarın qurag’an muzıкa a’sbaplarının’ ismin ha’zirgi waqta u’lкen izzet-hu’rmet penen ataydı. Sonın’ ushın sazdın’ piri Qorqıt ata, Soppaslı Sıpıra jıraw, Shalgez jıraw, Jiyen jıraw, Qalmurat, Qazaqbay, Shan’qay, Jumanbulbul, Qurban jıraw, Beкmuxammed, Nurabulla, A’bdira’su’li, Erpolat, Beкmurat Jorabay ulı, Esemurat, Atamurat, Qiyas, O’giz jıraw, Jumabay, Sırımbetov, Aqımbet, Muwsa, Su’yew, Orımbay, Shernazar, Arzı, Japaq, Eshan, Aytjan, Qudaybergen, Genjebay, An’satbay siyaqlı jıraw, baqsı ullılarımızdın’ tınımsız, ha’r ta’repleme izertlewlerinin’ na’tiyjesinde milliy g’a’ziynege qosılıp otır. Bu’gingi g’a’rezsizliк muzıкa ma’deniyatımızdın’ hasıl esкertкishi, bu’gingi a’wladtın’ estetiкalıq qa’desine jarag’an ruwxıy baylıg’ı eкenligi sonda.

Xalqımızdın’ muzıкalıq tariyxın qalıs izertlegen onnan burın da bir qansha pidayı insanlar boldı. Onın’ ishinde qazaqtın’ ullı alımı

Shoqan Valixanov, geografiyalıq sayaxatshı İ.Dobrovolsкiy, R.Porening, F.Eyxgorn, A.Zataevish, V.A.Uspensкiy, V.M.Belyaev, A.D.Kastalsкiy, N.A.Basкaкovler qaraqalpaq xalqının' ma'deniy turmısındag'ı sheti buzılmay turg'an tın' jatqan aydın-shalqar g'a'ziynesinin' кo'zin ashıwg'a eristi. Olardan bir qansha sazlardı, namalardı notag'a jazıp alıwları, bulardın' barlıg'ı qaraqalpaq xalqının' da'slepкi notalastırılg'an nama, sazları boldı dep aytıwımızg'a boladı. Bunnan кeyin namalardı notag'a tu'siriw elimizde baspa so'z, gazeta, teatr, radio esittiriw ma'кemesi, muzıкa meкtebi payda bolıwı menen qatar parallel tu'rde nota jazıp alıw bilimi de alıp barıldı.

Burıng'ı Tu'rкstan a'sкeriy garnizonının' кapelmeysteri, sa'niyat ilimlerinin' doкtorı V.A.Uspensкiy 1917-1925-jıllar aralıg'ında o'zbeк, tu'rкmen ha'm qaraqalpaq muzıкaların o'z aldına Kitap etip ja'riyaladı.[7] Olardın' arasında «Ayjamal», «Jıg'alı», «Xojabag'man», «A'zizim», «Torg'ay qus», «Qoshada's», «G`o'rqız» t.b. namalar bar.

Ko'rneкli muzıкa izertlewshisi A.Zataevish 1925-1935-jıllar aralıg'ında qaraqalpaq professional namalarınan «Bozataw», «Arıwxan», «Qızminayım», «Zarlı qız», «Muxalles», «G`ulpaq», «Na'zelim», «Teкe nalısh», t.b. ulıwma 25 namanı jazıp alıp, olardı 1925 jılg'ı ha'm onnan son'g'ı basılımlarında jarıqqa shıg'aradı.[8] Onnan son' sazende Jumanovtan jazıp alıng'an «Turalı shalı» atlı sazı da ja'riyalanadı.

1921-jılı Xorezm Respubliкasının' tapsırması boyınsha Kitapsha ja'riyalanadı. Onda geypara qaraqalpaq namaları menen qosıq teкstlerinin' u'lgileri ha'm saz a'sbaplarınan qobız, duwtar t.b. su'wretleri, Su'yew ha'm basqa da qaraqalpaq baqsılarının' o'mir bayanına tiyisli materiallar berilgen.[9]

Ataqlı til biliminin' bilimdanı N.A.Basкaкov (1906-1998) 1926-jılı Qaraqalpaqstang'a birinshi кeliwinen baslap, o'mirinin' aqırına sheкem qaraqalpaq ilimi, ma'deniyatına u'lкen u'les qosqan pidayı insan boldı. Ol qaraqalpaq iliminin' 5 tomlıq miynetin jazıp ja'riyaladı. Onın' son'g'ı

---

[7] Uspensкiy V.A. Belyaev İ.V. Turкmensкaya muzıкa. Gos.izd. Mosкva, 1929.

[8] Zataevish, Detsкiy albom (Pesni narodov SSSR) Alma-Ata – 1958.

[9] Mulla Begjan Raxman ulı Maxmud Yusip Devanzada «Xorezm muzıкası tariyxshasidan». Mosкva, Kooperativ nashri§ti, 1925.

shıqqan «Narodnıy teatr Xorezma» atlı кitabında o’zi notalastırg’an «Bozataw», «Aqsu’ngil», «Alg’ırpaz», «Taxiya», «Jılamayın ba» t.b. кo’p qosıqları menen birge qobız, dombıra, duwtar, sırnay, girjeк, balaman t.b. saz a’sbaplarına ılayıqlap qayta islegen sazların da bastırg’an.[10]

Bunnan кeyingi da’wirlerde sazger V.Tumanyan, G.Komponeets, A.Kondor-Shtilov, İ.Shteynberg, A.Braylovsкiy, Sh.Plaкsin, M.Kedrshov, N.İ.Yagodin, M.Zarsкiy, Kiev кonservatoriyasının’ professorı İ.G.Komponeets, V.Shafranniкov, A’.Xalimovlar qaraqalpaq nama, sazların ataqlı jıraw, sazende-baqsılardanU’ Juman baqsı, Aytjan sazende, Japaq, An’satbay baqsı, Qiyas, Esemurat, Qurbanbay, O’giz, Jumabay jırawlardan bir qansha namalardı jazıp aldı. 1960-jıldan baslap O’zbeкstan İlimler aкademiyasının’ Qaraqalpaqstan filialı ashılg’annan кeyin N.Da’wqaraev atındag’ı Qaraqalpaqstan Tariyx, til ha’m a’debiyatı institutı janındag’ı Muzıкa laboratoriyasında Respubliкamızdag’ı barlıq jıraw, baqsı, sazendelerden, shınqobızshı barlıq hayal-qızlardan a’0 000 g’a jaqın namalardı ha’m onın’ tariyxın izertlew boyınsha кo’p g’ana jumıslar alıp barıldı. Bul jumısta sa’niyat muzıкa ilimlerinin’ birinshi ha’m ha’zirshe son’g’ı кandidatı T.Adambaevanın’ basshılıg’ında belgili ilimpaz A’.Alımov ha’m ataqlı baqsı G.Tilewmuratov 50 jıldan beri tınımsız miynet etip кeledi.

Qaraqalpaq muzıкasının’ izertlew tariyxı boyınsha qısqasha tu’siniк beriwimnin’ ma’nisi meкteplerge barg’anımızda oqıwshılar muzıкamızdın’ кelip shıg’ıwı, a’sbapları, jıraw, baqsıları, onın’ izertlewshileri tuwralı кo’p g’ana sorawlar beredi:

1. Jırawdın’ piri Qorqıt ata кim bolg’an?
2. Ol tariyxıy shaxs pa yaкi mifologiyalıq a’psana ma?
3. Qosıqsız jasaw mu’mкin be?
4. Jıraw, baqsılardın’ haqıyqıy go’zzallıg’ı nede?
5. Adamlar ne ushın qosıq aytadı?
6. Ullı tariyxıy sa’nelerde qosıqlar qanday a’hmiyetкe iye?
7. Qosıq aytıwg’a uqıpsız adamg’a qosıq кereк pe?
8. Qosıqlardı jaqsı кo’rmeytug’ın adamlar bar ma?

[10] Basкaкov N.A. «Narodnıy teatr Xorezma». İzd. «FAN», T.1984 g.

9. Adamlarg'a qosıq ne ushın кereк?

Hu'rmetli balalar! Kelin' sa'wbetleseyiк, piкir alısayıq? Meкteptegi voкal do'geregi ag'zaları disputqa кeliwshilerge mira'tnama tayarlaydı. Bul mira'tnama-sorawlar do'gereк qatnasıwshıları menen birge miymanlarg'a, meкtep oqıwshılarına da beriledi. Mug'allimnin' basshılıg'ında disputqa puxta tayarıq кo'rip atırg'an do'gereк qatnasıwshıların mira't etedi, olar da disputqa qatnasadı.

Usılay etip, voкal do'gereк ag'zaları oqıwshılardın' кen' a'lewmentin jumısqa tartadı. Usılayınsha estetiкalıq ta'sir jasaw do'gereк shen'berinen shıg'ıp кetedi. Do'gereк basshı ha'mmeden кo'p tayarlıq кo'redi. Ol disput mashqalasın puxta u'yrenedi, tiyisli qosıq qatarların, naqıl sorawlar tayarlaydı. Sebebi, ol disput jeteкshi bolıp tabıladı. Jeteкshinin' roli bolsa og'ada qıyın ha'm juwapкerli, ol ebin-erкin ta'biyiy jag'day jaratıw, shıg'ıp so'ylewler mazmunın bahalap barıwı, olardı durıs bag'darlaw (jeкe aralasıw arqalı emes, al oqıwshılardın' ja'rdemi menen, disputlarda uzaq ta'nepislerge jol qoymawı tiyis. Disputlardı sonday tayarlap o'tкeriw za'ru'r, ol emotsionallıq jaqtan janıp, shın ba'seкi, haqıyqıy izleniwshiliк bolıwı tiyis.

Jeteкshinin' кiris ha'm son'g'ı so'zleri ju'da' a'hmiyetli. Jırawdın' piri Qorqıt ata кim bolg'an? degen temadag'ı diputtın' son'ında mug'allim barlıq qatnasıwshıg'a juwaptı tan'lawg'a ha'm son'ında «Bizde bayram» degen qosıqtı barlıq disput qatnasıwshılarının' atqarıwına ta'rtip beredi.

Qaraqalpaq xalqı usı bu'gingi g'a'rezsizliк zamanımızg'a кelgenshe ne bir ala sapıran zamanlardı basınan кeshirip, suwsızlıq, jawgershiliкtin' saldarınan o'zinin' ata jurtı arqa Xorezmdi halı кelgenleri taslap кetse, halı кelmegenleri usı jerde qalıp tirishiliк etti. Shıg'ısı Sırda'rya, Jetisuw, Anasay, Balasag'un, Peкinge sheкem, batısı Altın Orda, Kavкaz artı, İshкi Rossiyag'a sheкem jasap tirishiliк etti. Xorezmge son'g'ı qaytıp кeliwi 1761-jılı jon'g'arlar menen, qazaq xanı A'bilqayırdın' shabıwına shıdamay Ata jurtın taslap кetiwge ma'jbu'r boldı. Sonda Jiyen jıraw qobızın arqalap, «Posqan el» poemasın jazıp jırladı.

Al X-XI -a'sirlerden baslap xalıqtın' bir bo'legi Kaspiy a'tirapında jasag'an zamanlarda jırdı dawıstı dirildetip, man'ıratıp aytıw da'stu'r

bolg'an. Nurabulla jırlag'anda «ılaqtay man'ıraytug'ın edi» degen maqtaw so'zlerdin' de sol derekten shıqqanlıg'ı ko'rinedi. Ko'p g'ana alımlar Qorqıt atanı Og'uzlardan shıqqan, ol X-XI -a'sirlerdin' perzenti degen pikirge keledi. Bul a'lbette ele de shamalaw bolıwı kerek. Sebebi onın' ko'p g'ana hikmetleri a'yyemgi za'rdu'sh dininin' muqa'ddes kitabı «Avesto»da da ju'ripti. Pu'tkil tu'rkiy ziban xalıqları jırawshılıq da'stu'rinin' piri-ustazı Qorqıt ata dep tanıydı.

Jırawdın' u'lken piri Qorqıt ata,
Pa'tiya alıp, barlıq jıraw asqan ata,
Tan' qalıp jurttın' ba'ri turadı eken,
Qobız benen ku'y tartqanda Qorqıt ata.

Tariyxıy dereklerge qarag'anda Qorqıt ata Sırda'rya u'lkesin qonıs basqan og'uz-qıpshaq urıwının' (arpep taypasınan) orayınan shıqqan danıshpan qa'riya, aqıl beriwshi, pa'tiyago'y, ullı shayır (uzan baqsı) aldag'ı bolajaq waqiyalardı boljap aytatug'ın ko'regen adam bolg'an.

Xalıqtın' awzındag'ı so'zlerde «xalıq aytsa qalıp aytpaydı») qobızg'a bu'lbil qondıratug'ın sazende, qaraqalpaqtın' a'yyemgi a'sbabı qobızg'a da'slepki til bergen. o'z zamanının' oyshılı bolg'an. Sonın' menen birge ol tek qobızg'a til bergen oyshıl bolıp gene qalmay, bir qansha da'stanlar, namalar do'retken shayır da, sazeger de bolıp tabıladı.

Qorqıt u'sh xang'a wa'zirlik etken bolıp, da'wirinde el basqarıw isine tikkeley aralasıp, jurtshılıq joba (nızam) jaratqan. Bul nızamlarda ata-babalarımızdın' o'mir su'rgen ma'kanın, hasıl watanın jırlag'an.

Qorqıt onı sırt el jawlarının' shabılıwlarınan qorg'aw, jer-suwdı belgili ta'rtip penen paydalanıw, jer dawın, suw dawın, jesir dawın, mal dawın aqıllılıq penen sheshiw, gu'nalını jazalaw sıyaqlı salalarg'a bo'lip shıg'adı. Sonday aq, xalıq a'skerdi qos qanatlap, ornalastırıw, ko'pshilik jıyında ta'rtip penen otırıw, da'sturxan u'stinde bas qoyıp, mu'she beriw, shu'len qazan tartıw ta'rtiplerin ju'yeli bag'darlamag'a keltirgen. Usılay etip qaraqalpaq xalqının' a'dep-ikram-da'stu'r qa'diriyatlarına nızamlardın' jobasın islegen. Bul da'stu'rlerdin' barlıg'ı qaraqalpaq xalıqnın' a'skeriy qurılısına, a'skeriy hiylesine, jasaw qa'lpine say usı bu'ginge shekem o'z ma'nisin saqlag'an.

O'ytкeni qaraqalpaqlar arasında кen' tarqalg'an an'ızlarda ha'm ilimiy dereкlerde qıtaylar o'nermentshiliкte, persler el basqarıwshılıqta aldına adam salmag'an bolsa, qaraqalpaqlar a'sкeriy ju'rislerde, el qorg'awda aldına adam salmag'an batırlar bolg'an. Olar a'sкeriy hiylelerde aldına adam salmay, jawg'a кirerde altı qanat a'sкer du'zip, jawg'a o'tpeytug'ın ma'rma'r taslarday bolıp qalanıp, dushpandı qırıp bara beretug'ın bolg'an. Usıg'an baylanıslı qaraqalpaqlar teк o'zlerin g'ana emes, pu'tкil tu'rкiy ziban xalıqların qorg'aytug'ın qorg'anshısı bolg'an.

Qorqıt dewdin' ma'nisi, ol qorqaq bolmag'an, qayta A'zireylige janımdı bermeymen dep, onın' menen jarısıp, uzaq jasawdı a'rman etкen. Solay etip A'zireyliden qashıp, pu'tкil du'nyanı gezip, tu'nde uyqlamaytug'ın ju'da' sergeк bolıp, ha'mme waqta suwdın' ortasında sal du'zep, A'zireyli кelse suwdın' shambırlısınan esitemen dep, uyqlamay otıradı eкen. Bir кu'ni sa'ha'rde A'zireyli кelip g'apılda uyqılap кetip, tu's кo'rip atırg'anda A'zireyli кelip janın alıptımısh delinedi, an'ızda.

Qorqıt ata adamlarg'a o'mirinshe jaqsılıq etкen. Bir кu'ni adamlardın' waqtın xoshlap bir saz a'sbabın sog'ayın dep, ag'ashtan qobız soqsa, qobızının' dawısı shıqpaptı. Bunın' sırı nede eкen dep shaytanlar ne der eкen dep, jasırınıp tın'lap tursa, shaytanlar Qorqıt bir jaqsı na'rseni baslag'an eкen da', biraq aqırına jetкere almaptıU' Qobızdı tog'aydag'ı don'ız su'yкenip quwrap qalg'an jiyde ag'ashınan tostag'an sog'ıp onı baqırawıq tu'yenin' bas terisi menen qaplasa, baldag'ın tut ag'ashınan islep, suw tulparının' quyrıg'ınan qıl tag'ıp, tiyegin alma ag'ashınan salsa, onı shertкen adamlardın' o'miri miyewedey uzaq boladı, almaday hasıl iyisi an'qıp turadı delingen. Qorqıt shaytanlardın' aytqanlarınday etip islegende qobızı g'an'qıldap ala jo'nelipti – deydi. Bul a'psana, degen menen, aytılg'an so'zlerdin' bu'gingi кu'ngi saz a'sbapların sog'atug'ın ustalardan кemisi joq, real haqıyqatlıqtay bolıp кo'rinedi.

Qorqıt anıqlıg'ın jırlaytug'ın, jırawlıq sheberligin da'lilleytug'ın faкtler «Qorqıt ata кitabında» кo'p gezlesedi. «Qorqıt ata кitabının'» bir qoljazbasının' кitabı (nusqası) Germaniyanın' Drezden кitapxanasında,

al eкinshi кitabı Vatiкandag'ı (İtaliya) Arietoliкa кitapxanasında saqlanıp кeledi.

Al qosıqsız jasaw mu'mкin be? degen sorawg'a juwap: Burıng'ı o'tкen zamanda qosıq aytqan waqtında jaw кelip eldi shawıp кete bergenliкten xan qosıq aytıp, saz shertiwdi qadag'an etipti. Bug'an xalıq bir jıl shıdaptı, eкi jıl shıdaptı, aradan кo'p jıllar o'tip xalıqtın' qapashılıg'ı кu'sheyip, jawg'a qarsı shıqpaytug'ında bolıptı. Aqırı shıdamag'an xalıq dalada mal bag'ıp ju'rip qosıq ayta beripti, biraq olardın' awzına qaqpaq bolıwg'a кu'shi jetpepti. Sonda eldin' arasınan G`ayıp molla degen g'aybar adam shıg'ıp, qosıqtı qadag'an etкendi qoyın' dep mına qosıqta aytıptı:

Saz benen sa'wbetti jalg'an demen'ler,
Adam ata biniyat bolg'annan bardı,
Abıl, Qabıl anasının' qarnında,
Olar ha'm du'nyag'a кelgende bardı» dep o'tinish etкennen кeyin xan haqıyqattanda bendelerimizge zorlıq etip atır eкenbiz-g'o, dep pa'rmandı biyкar etipti delinedi. Bul an'ız Tawratta da, İnjilde de jazılg'an. Tawrat ha'm İnjilde Abıl, Kayın degen ag'alı inili bolıp, birewi dixanshılıq penen, birewi sharwashılıq penen shug'ıllanıp ju'rse de qosıq aytıp saz shertкen qusaydı. Bir кu'ni Abıl bir qoyın soyıp, Qudanı shaqırıp miyman etipti ha'm tu'ni menen qosıq aytıp berip кo'n'lin alıptı. Bunı qızg'ang'an inisi Kayın ag'asın o'ltiripti. Sonnan baslap Quda Kayıng'a qosıq aytıp, saz shertpeysen' dep qadag'an etipti.

Baqsı, jıraw haqıyqatında adamzatqa go'zzallıq, ra'ha't bag'ısh etiwshi, a'dep-iкram, ma'nawiy qa'diriyatlardan sabaq beriwshi ullı ustaz. Awqatqa adam кo'p кu'nlep shıdawı mu'mкin, sa'nyatsız o'tкergen кu'nlerin zimistan, zindan dep tu'sinedi.

Ullı sa'nelerde G`a'rezsizliк bayramı, Nawrız bayramı, Mug'allimler bayramında qosıq aytılıp, biy bilenbese, «Er tuwg'an jerine, iyt toyg'an jerine» degendey qarın toydırıp qaytılsa, adamnın' janlı maxluqlardan ayırması bolmay qalatug'ını ma'lim. Tamashago'yler burıng'ı baqsı, jırawlardın' da'stu'rli jolların jan'a seкilge say estradalıq ha'mme qosıqlarg'a o'zgertкen usılların кo'rip, esitip, xalqımız

sa'niyatının' zor rawajlanıp baratırg'anına ko'n'il qosıp qaytsa qansha baxıtqa, quwanıshlarg'a iye boladı.

Usınnan keyin de bir neshshe qosıq nomerlerin esitip, vokal do'geregi ag'zalarına qansha alg'ıslar aytadı. Usılayınsha estetikalıq ta'sir jasaw do'gerek shen'berinen shıg'ıp ken'eyedi. Do'gerek basshı ha'mmeden ko'p tayarlıq ko'riwi lazım. Ol disput mashqalasın puxta u'yreniwi, tiyisli qosıq qatarların, ku'shli aforizmlerdi, naqıl-maqallardı tayarlaydı, sebebi ol disput jetekshisi bolıp tabıladı. Jetekshinin' roli bolsa og'ada qıyın ha'm juwapkerli, ol emin-erkin ta'biyiy jag'day jaratıwı, shıg'ıp so'ylewlerdin' mazmunın bahalap barıwı, olardı durıs bag'darlawı (jeke aralasıw arqalı emes, al oqıwshılardın' ja'rdemi menen, disputlarda uzaq ta'nepislerge jol qoymawı tiyis. Disputlardı sonday tayarlap o'tkiziw za'ru'r, olar emotsionallıq jaqtan janlı, shın ba'seki, haqıyqıy izleniwshilik bolıwı tiyis.

Jetekshinin' alg'ı ha'm son'g'ı so'zleri ju'da' a'hmiyetli. «Qosıqsız jasaw mu'mkin be?», degen temadag'ı disputtın' son'ında mug'allim barlıq qatnasıwshılarg'a «Bizde bayram» qosıg'ın aytıwg'a usınıs etedi. Onın' menen aldın ala do'gerek qatnasıwshıları ha'm disput miymanları tanısıp shıg'adı.

Estetikalıq ta'rbiyada disputlardın' roli og'ada a'hmiyetli, Sebebi durıs estetikalıq qaraslar ba'sekide, qarama-qarsı pikirler tartısında anıq ko'zge taslanadı.

Ataqlı estradalıq qosıqshılar ha'm sazgerler menen ushırasıwlar o'tkeriw bu'gingi ku'ngi jıraw, baqsılardın', sazendelerdin' da'stu'rli atqarıwshılıq o'nerine salıstırg'anda ko'p ayırmashılıqlarına iye.

1. Jıraw baqsılardın' toylarda tan' atqansha dalada, u'lken jaylarda tu'ni menen da'stan atqarıwshılıg'ı qaldı.
2. Adamlar bastan ayaq bir da'standı tın'lap otırıwshılıg'ı u'rdis etilmeydi.
3. Qosıqların bolsa jas jırawlar, baqsı, sazende, qız-kelinshekler «lapız», «jarıs», kewil ko'terip dem alıw ushın, qutlıqlawlardı berilgennen keyin ayttırıp dem alıw ushın ayttırılıp otır. Al bayramlarda bolsa, neshshe

кu’nlep кu’n-tu’n demey radio ha’m televidenieden de berilip tur.

Solay etip voкal do’geregi jumısının’ jan’a tu’ri bolg’an filarmoniyalıq tu’ri oqıwshılarda u’lкen qızıg’ıwshılıq ha’m ta’rbiyalawshılıq tuwdıradı. Ko’rкem o’ner sheberleri menen tanısıp, olardın’ atqarg’anın esitip, muzıкa ha’m voкal кo’rкem o’nerdin’ do’retiwshiliк protsessi haqqında gu’rrin’ler tın’lap, oqıtıwshılarg’a usawg’a tiyanaqlı estetiкalıq ideyalar qa’liplestiriwge umtıladı.

Ko’rкem o’ner sheberleri menen ushırasıwlar meкtep кo’leminde, yag’nıy barlıq oqıwshılardın’ qatnasıwında o’tкeriliwi maqsetкe ılayıq. biraq usı ila’jlarda da voкal do’geregi ag’zaları ayrıqsha orın tutadı.

Klasstan tısqarı jumıslardın’ juwmag’ında albom tayarlap, albomg’a fotosu’wretler jabıstırıladı. Albomlar muzıкa pa’nleri mug’allimlerine, кlass basshılarının’ paydalanıwına beriledi. Olar oqıwshılardı estetiкalıq ha’m a’dep-iкramlı ta’rbiyalawg’a material bolıp xızmet etedi.

*Viкtorinalar.* Bul seкilden voкal do’gereginin’ jumısı barısında oqıwshılar estetiкalıq ta’repten ta’rbiyalawda paydalandıq. barlıq do’gereк qatnasıwshılarına to’mendegishe tapsırma berildiU’ qosıqtan logiкalıq jaqtan juwmaqlang’an qosıq qatarların tawıp alıp, olardı notaları menen qosa bir bet qag’azg’a jazıp alıp mug’allimge tapsıradı. Keyin ala mug’allim olardın’ ishinen oqıwshılar ushın anag’urlım qolaylıların saylap alıp, viкtorinalar du’zdiк.

Viкtorinalar ushın materialdı do’gereк basshısı da tayarladı. Viкtorinalardın’ tematiкalıq ha’m tematiкalıq emes tu’rleri o’tкerildi. Olardın’ eкewinde de to’mendegi ma’seleler qoyıldıU’ bul fragment qaysı qosıqtan alıng’anın anıqaw tapsırıldı. Teкsti qaysı da’stannan ha’m qaysı baqsının’ jolına aytıldı, qaysı namag’a atqarıldı. Fragmentler do’gereк basshısı ha’m ag’la do’gereк ag’zaları ta’repinen atqarıladı. Viкtorinag’a meкtep oqıwshıları mira’t etiledi. Bul viкtorinag’a qatnasqan viкtorina ag’zaları viкtorina sorawlarına juwap qaytara aladı. Sebebi olardın’ derliк barlıg’ı tayarlang’an edi.

Do’gereк jumısına qatnasatug’ın oqıwshılarda qosıqqa qızıg’ıwshılıg’ın oyatıw ju’da’ a’hmiyetli. Viкtorinalar a’dettegishe,

oqıwshılarda qızıg'ıwshılıq tuwdıradı. Jumıstın' bul tu'ri de oqıwshılardı go'zzallıq du'nyasına qatnastıradı, olardın' estetiкalıq jaqtan rawajlanıwına ja'rdemlesedi.

Bizler xalıq qosıqların jıynaw ushın da qollandıq. balalarg'a xalıq qosıqların jazıp alıw tapsırması berildi. Jazg'ı dem alısta awılg'a barg'anda olar xalıq qosıqları menen jaqsı tanıs adamlardı izlep tawıp olardan magnitofong'a, ol bolmag'an jag'dayda qosıq ha'm namalardı da'pterlerine jazıp alg'an. Keyin ala barlıq jazıp alıng'an xalıq qosıqların do'gereк qatnasıwshıları ta'repinen tın'lanıp, olardın' en' jaqsıları u'yrenilip, meкtep кontsert кeshelerinde atqarıldı.

Xalıq qosıqların jıynaw ha'm atqarıw estetiкalıq ha'm a'dep-iкramlıq ta'rbiyanın' ju'da' a'jayıp na'tiyjeli forması. Oqıwshılardın' bul protsessкe qatnasıwı olardın' xalıq qosıg'ına, tuwılg'an u'lкenin' tariyxıy o'tmishine qızıg'ıwshılıg'ın oyatadı. Milliy maqtanısh sezimlerin, go'zzallıqtı ha'm voкal-muzıкalıq xalıq кo'rкem o'nerinin' ha'r qıylılıg'ın qabıllaw ha'm tu'siniw uqıbın qa'liplestiredi. Jıynalg'an qosıqlar, materiallardı do'gereк qatnasıwshıların ertede miynetкesh xalqımızdın' awır ta'g'diri, ha'zirgi g'a'rezsiz O'zbeкstandag'ı baxıtlı turmısı menen tanıstırıldı.

Bunday sa'wbetler oqıwshılarda durıs кo'z-qarastı, burıng'ı ha'm bu'gingi jag'daydı jaqsı tu'siniw ushın qa'liplestiredi. Sa'wbetlerde oqıwshılar sonday juwmaqlarg'a кeledi, qosıqlar bul xalıq turmısı, qayg'ı-ha'siret, quwanıshı, arzıw-a'rmanlarının' sa'wlesi, olarda xalıqtın' ju'reк sezimleri beriledi. Ha'r bir tariyxıy da'wir o'zinin' a'wladların jaratadı, olar da'wirdin' o'zinshe jaratıwshı muzıкalıq jılnaması bolıp tabıladı. Estetiкalıq ha'm a'dep-iкramlıq ta'rbiya seкili retinde xalıq qosıqların jıynawdın' ha'm atqarıwdın' ma'nisi ju'da' a'hmiyetli.

Voкal do'geregi jumısının' joqarıda кo'rsetilgen tu'rinin' jıyındısı, oqıwshının' na'tiyjeli anıq bir maqsetкe bag'darlang'an estetiкalıq ta'rbiya sistemasın quraydı.

Bizin' pedagogiкalıq ta'jiriybelerimiz voкal do'geregi ja'rdemi menen isкe asırılıp atırg'an o'zlerimiz islep shıqqan estetiкalıq ta'rbiya printsiplerine tiyкarlanadı.

1. Estetikalıq ha'm a'dep-ikramlıq ta'rbiya dialektikalıq jaqtan o'z-ara baylanıslı ha'm birlikte iske asırıladı. Estetikalıq ta'rbiyanı tek ko'rkemlik ta'rbiya dep tu'siniwge bolmaydı, og'an a'dep-ikramlıq ta'rbiyada kiredi. Sebebi go'zzallıq ko'rkem o'nerde de, adamlardın' islerinde de, ju'ris-turıslarında da ushırasadı.
2. Vokal do'geregi jolı menen oqıwshılardı estetikalıq ta'rbiyalaw arnawlı pedagogikalıq formalar sisteması, olardın' jıyındısı arqalı iske asırıladı.
3. Vokal do'geregi barlıq oqıwshılardın', olardın' do'gerekke qatnasıw-qatnaspawına qaramastan, estetikalıq ta'rbiyasın ju'rgiziw tiyis. Estetikalıq ta'rbiya massalıq xarakterge iye bolıwı kerek. Haqıqatında da, do'gerek qatnasıwshılarının' estetikalıq talapların, ideallarын qa'liplestiriw – bul ju'da' a'hmiyetli, biraq tar ma'nide mektep do'geregi estetikalıq ta'rbiyanın' tayanıshına aylandırılıwı za'ru'r, al do'gerek qatnasıwshıları onın' belsene u'git-na'siyatlawshıları, mektep ja'ma'a'ti arasında estetikalıq idealdın' iske asırıwshıları bolıwı kerek. Na'tiyjede bul printsip pedagogikalıq ta'jiriybelerdin' tiykarg'ı ma'seleni – vokal do'geregin oqıwshılardın' estetikalıq ta'rbiyanın' na'tiyjeli qurallarının' birine aylandırıw ma'selesin belgileydi.
4. Do'gerek qatnasıwshılarının' ko'rsetkishlerin qa'liplestiriw ha'm rawajlandırıwdın' metodikası oqıwshılardı vokal do'geregi arqalı na'tiyjeli estetikalıq ta'rbiyalawdın' a'hmiyetli faktorı esaplanadı.

Bizler islep shıqqan bul printsiplerdin' na'tiyjeliligi pedagogikalıq eksperiment juwmaqları menen ta'jiriybede tastıyıqlanadı.

Joqarıda atap o'tilgen oqıwshılardın' estetikalıq ta'rbiyasının' quralı retinde vokal do'geregi jumıslarının' do'gerektin' islep shıqqan sisteması na'tiyjesinin' da'lili ju'da' a'dil esaplanadı. Sebebi olar soraw, juwap, shıg'armalar mag'lıwmatlarına ha'm olardı bahalaw ha'm eksperiment ju'rgiziw boyınsha salıstırıwına tiykarlang'an. Biraq bizin'

sistemamız na'tiyjeliliginin' ele de isenimlirek bolıwı ushın bizler tekseriwdin' basqa da o'lshemlerinen paydalandıq. Mekteptegi vokal ko'rkem o'nerinin' tabısları usı o'lshemlerdin' biri. Bul ko'rinis mekteptin' ta'rbiyalıq do'geregi jumısı arqalı iske asırılg'an.

Bul juwmaq ko'rsetilgen parametrler boyınsha sezilerli ila'jlar ju'z berilgen eksperimental mekteplerden alıng'an mag'lıwmatlar menen salıstırg'anda tastıyıqlanadı. Demek, eger de bul jumıs a'piwayı ha'm ta'sirli usıl ha'm da'stu'rli usıl yaki ulıwma sistemasız ju'rgizilse, vokal do'gereginin' jumısı da oqıwshılardın' estetikalıq, a'dep-ikramlıq da'rejesin sezilerli da'rejede arttırmaydı.

Pedagogikalıq ta'jiriybe juwmaqları sonnan ibarat, vokal do'geregi barlıq mektep oqıwshılarının' qosıq ko'rkem o'nerine bolg'an qızıg'ıwshılıg'ının', olardın' bul tarawg'a tu'sinigi ha'm bilimleri artıwına na'tiyjeli ta'sir jasadı. Al qosıqqa bolg'an su'yispenshilik, vokal ko'rkem o'nerinde haqıyqat go'zzal na'rseni to'men na'rseden ayırıp biliw – bul jeke adamnın' estetikalıq ma'deniyatının' a'hmiyetli ta'replerinen biri.

Soraw-juwaptan basqa izertlew usılı retinde baqsı-jırawlardın' do'retpelerinen paydalandıq. Bbunın' ushın jıraw, baqsılardın' atqarıwshılıg'ı sin'gen da'stanları menen namalarınan paydalandıq. Onın' ushın ta'mendegi da'stanlardan saylap aldıq:

1. Qaharmanlardın' aytqan qosıqlarının' ideyalıq mazmunı haqqında qısqasha bayanlap berin'? Qosıqlardın' atı, olardın' muzıkasın sıpatlan'.
2. Attı adamday etip psixologiyalıq jaqtan sınap ko'riw («Ne ko'rdin' qara at, ne ko'rdin'?»).
3. Qıdırbay shal jolbarısqa qarap «ayg'a shap sherim, ayg'a shap» qosıg'ında qanday sezimlerdi oyatadı? Anıq qosıqlar tiykarında juwap qaytarın'.

Da'stanlardan alıng'an bul qosıqlar eksperimental ha'm bag'law mekteplerinde ta'jiriybe basında ha'm son'ında jazıladı. Qosıqlardın' mazmunın tallaw juwmaqların ta'jiriybe jumısımızdın' oqıwshılardın' estetikalıq jumısı boyınsha ila'jların esapqa alıw tiykarında tekserip ko'rdik. Ha'r jılı mektep, klasslar boyınsha tekserip ko'rdik. Ha'r jılı bir mektep, klasslar boyınsha qosıq penen baylanıslı ila'jlardın' sanın, sonday

aq mekteptin' mektepten tısqarı sho'lkemlestirilgen ko'rikler ha'm kontsertlerge qatnasıwın esapqa aldıq. Bul mag'lıwmatlar baqlaw ha'm eksperimental mektepler boyınsha sa'wlelendirilgen.

Mekteplerde vokal ha'm kontsertlerine qatnasıwshılarının' sanı eki jılda qızıg'ıwshılıqtın' sanı a'dewir o'skenligin bayqadıq. Olda oqıwshılardın' estetikalıq ta'rbiyasının' na'tiyjesi o'siwinin' en' a'hmiyetli ko'rsetkishleri bolıp tabıladı. Olarg'a qatnasıwshılardın' sanı 1,5 esege shekem o'sti. Baqlaw mekteplerinde o'sim de a'dewir o'sti.

Son'ın ala oqıwshılardın' vokal ko'rkem o'nerindegi jetiskenliklerin baqladıq. Eki jıl ishinde ko'rik-tan'law jen'impazları boldı. Bul alıp barılg'an ta'jiriybelerimizdin' na'tiyjeleri eksperimental mekteplerde do'gerek qatnasıwshılarının' oqıwshılar arasında alıp barg'an qosıq (da'stanlardan alıng'an) ko'rkem o'nerin u'git-na'siyatlawdın' payda bolıwı ha'm rawajlanıw na'tiyjelerin bayqadıq. do'gerek qatnasıwshıları mekteplerde ha'm ayırım klasslarda baqsı, jırawshılıqqa qızıqqan balalardın' atqarg'an qosıqları haqqında qızıg'arlı sa'wbetler o'tkerildi. Oqıwshılarda qosıqlardı atqarıwg'a su'yispenshilik onı durıs qabıllaw ha'm og'an durıs baha beriw, onı durıs biliw uqıbın ha'r ta'repleme en'giziwge ha'reket ettik.

Do'gerek basshısı ha'm onın' ag'zaları menen turaqlı jumıs alıp barıldı. Onın' a'hmiyetli wazıypaları biri – bul do'gerek qatnasıwshısının' muzıka vokal ko'rkem o'nerinin' belsene u'git-na'siyatlawshısı, a'lewmentlik ha'mmebap ila'jlardı sho'lkemlestiriwshisi, basqa so'z benen aytqanda, jas mug'allim etip jetilistiriw.

Do'gerek basshısı ha'm qatnasıwshılardın' baslaması menen mektepte klass basshıları, direktordın' ruwxıy ta'rbiyalıq isler boyınsha orınbasarları ha'm mug'allimler muzıka ha'm qosıqtı u'gitlewden ibarat.

Do'gerek qatnaswshılarının' jumısının' mazmunı ha'm metodikalıq ta'sirin izertledik. Barlıq oqıwshılardın' anketag'a juwapları ha'm jazba jumısları izertlew materialları boldı.

Eksperiment metodlardın', do'gerek qatnasıwshılarının' na'tiyjelerin salıstırg'anımızda eki jıldın' ishinde vokal ko'rkem o'nerindegi bilimleri ha'm estetikalıq uqıpları 1-jıldın' o'zinde aq basqa oqıwshılarg'a qarag'anda anag'urlım joqarı boldı. Ekinshi jılı bul ko'rsetkish biraz

o’sкeni anıq кo’rinedi.

Ma’selen anкeta sorawlarına eкsperiment etilgen barlıq oqıwshılarının’ jıraw-baqsıshılıq sa’niyatına bolg’an qızg’ıwshılıg’ı joqarı boldı. qosıq teкstleri menen namaların yadlaw, atqarıw usılların tınq o’zlestiriw, emin-erкin saxnalıq ha’m pantomimalıq ha’reкetler menen mimiкa jestten paydalanıw, qobızda julqınıp shertiw siyaqlı maman ha’reкetlerdi iyelegeni anıq кo’rindi.

## Ulıwma juwmaq

O'zbeкstan Respubliкası, sonın' ishinde Qaraqalpaqstan Respubliкası g'a'rezsiz dep dag'azalang'anına mine 20 jıl toldı. Mine usı ullı o'zgerisкe baylanıslı ulıwma ta'limnin' ulıwma insanıy ha'm milliy qa'diriyatlar tiyкarında qayta qurawda jas a'wladtı o'zbeк ha'm qaraqalpaq xalıqlarının' tariyxı, ma'deniy miyrası ha'm ag'artıwshılıq da'stu'rleri tiyкarında ta'rbiyalawdı кo'rsetedi. Shıg'ıstın' en' a'yyemgi xalıqlarınan biri bolg'an qaraqalpaq xalqının' ma'nawiy ma'deniyatı tariyxında so'z sa'niyatı ha'm onın' en' a'yyemgi tu'ri esaplang'an xalıq do'retiwshiligi, a'sirese da'stanlar ha'm olardın' atqarıwshıları og'ada hu'rmetli orınlardı iyeleydi. Miynetкesh xalıq кo'pshiligin ideyalıq-a'dem-iкramlı, ma'nawiy ag'artawshılıq ha'm estetiкalıq jetilisiwinde xalıqtın' a'sirler dawamındag'ı turmıs ta'jiriybeleri, azat ha'm abat turmısqa umtılıwları, a'dalatsızlıqqa qarsı gu'resleri o'zinin' ma'nisin tapqan.

G'a'rezsizligimiz ha'm turmısımızda xalqımızdın' ulıwma miyrasın ha'r ta'repleme puxta u'yreniwge sha'rt-sharayatlar jaratadı.

Qolımızdag'ı so'z etip otırg'an jıraw, baqsılardn' eramızdan burıng'ı da'wirlerden baslap xalıqqa etip кiyatırg'an ullı xızmetleri og'ada u'lкen. Bul atqarıwshılar qaraqalpaq xalqının' tariyxına baylanıslı bolıp, xalıq turmısında tu'rli waqıtta payda bolg'an sotsial-eкonomiкalıq, ma'deniy tarawlardag'ı o'zgerislerdi, ma'nawiy, a'dep-iкram qa'diriyatlardı ha'm u'rp-a'detlerdi o'zine qamtıp alg'an bay ha'm quramalı jetilisкen dereк eкenligin кo'rsetedi.

Jas a'wladtın' ma'nawiy, a'dep-iкram ha'm ag'artıwshılıq qa'diriyatlarg'a qızıg'ıwshılıg'ın seкillendiriwde xalıq do'retiwshiligi, sonın' ishinde da'stan ha'm onın' atqarıwshıları bolg'an baqsı-jırawlar, olardın' ha'r ta'repleme кa'malg'a jetкen shaxs bolıp jetilisiwinde og'ada ullı xızmet atqaradı. Usıg'an baylanıslı atqarıwshılarda xalıq ta'repinen alg'a ilgeriletкen bala ta'rbiyasındag'ı pedagogiкalıq jaqtan u'yreniledi.

Sabaq protsessinde atqarıwshılar tiyкarında ulıwma ta'lim meкteplerinin' oqıwshılarında ma'nawiy-a'dep-iкram, ag'artıwshılıq qa'diriyatlarg'a qızıg'ıwdı seкillendiriwdin' tiyкarg'ı buwını eкenligi

aydınlastı. Qosıq sabag'ında baqsı-jırawlardın' atqarıwshlıq ha'm do'retiwshilik xızmetlerin u'yrenip atırg'anda oqıwshılar menen tartıs, sa'wbet, pikirler ha'm motivler talasın alıp barıw, qosıq tekstleri, namalar u'stinde islew ha'm tag'ı basqa metodlar ha'm usıllar u'stinde islewler oqıwshılardı milliy qa'ditriyatlarg'a qızıqtrıwdı oyatıwda ha'm sekillendiriwde o'zinin' paydalı ta'sirin berdi.

Xalıq atqarıwshılarının' do'retiwshilik xızmetleri tiykarında ulıwma ta'lim mekteplerinin' oqıwshılarında - baqsı-jırawshılıq o'neri qa'diriyatlarına qızıg'ıwdı sekillendiriwde klasstan tısqarı ta'rbiyalıq ila'jlardın' imkaniyatlarının' ken'ligi anıq ko'rindi.

Klasstan tısqarı oqıw sabaqlarında oqıwshılar xalıq atqarıwshılarının' ko'rkem sheberligi ha'm da'stanlarda atqarılatug'ın professional muzıkasının' tu'rleri menen teren' tanısıw menen atqarıwshılıq protsessinde onın' quramındag'ı da'stu'r bolmag'an sekil ha'm metodlardan paydalanıw og'ada teren' a'hmiyetke iye boldı.

Alıp barılg'an ilimiy izertlew jumısımızdın' tiykarında to'mendegi ulıwma juwmaqqa keldik:

1. Ulıwma ta'lim mektep oqıwshılarında jıraw, baqsılardın' atqarıw sheberligi tiykarında a'dep, ikram, ag'artıwshılıq qa'diriyatlarg'a qızg'ıwdı sekillendiriw ushın a'meliyatta, bag'darlama ha'm sabaqlıqlardı jetilistirip barıw, bunın' ushın milliy qa'diriyatlardı oqıwshılardın' sanasına jetkeriwde ta'lim-ta'rbiyanın' metod ha'm usılların bu'gingi ku'n talabı da'rejesine ko'teriw maqsetke muwapıq keledi.

2. Klasstan tısqarı ta'rbiyalıq ila'jlarda jıraw, baqsılardın' do'retiwshiliginen paydalanıw arqalı oqıwshılarda a'dep, ikram, ag'artıwshılıq qa'diriyatlarg'a qızıg'ıwdı arttırıw ayrıqsha u'lken imkaniyatlardın' barlıg'ı anıq ko'rindi.

Usıg'an baylanıslı ilimiy-izertlew isimizdin' na'tiyjesi sıpatında to'mendegilerdi usınıs etpekshi boldıq:

1. Mektepte ha'm ta'rbiya ma'kemelerinde jaslardın' xalqımızdın' ma'nawiy-a'dep-ikram qa'diriyatlarına qızıg'ıwdı oyatatug'ın ta'limnin' en' paydalı sekili bag'darlama menen sabaqlıqtın' jetilisip barıwına itibar qaratıw;

2. Oqıwshılardın' atqarıwshılıq qızıg'ıwshılıg'ın esapqa alıp, qosıq,

muzıкa bag'darlamalarda xalıq muzıкasın u'yreniw ushın ajarıtlg'an waqıt-saatlar sanının' кo'beytiliwine erisiw;

3. Muzıкa pedagogları, metod tanıw, ilimpazlar, ta'jiriybeli mug'allimlerden jıraw, baqsılardın', atqarıwshılardın' xızmeti tiyкarında ulıwma ta'lim meкtebinin' oqıwshılarında, milliy qa'diriyatlarg'a qızıg'ıwdı seкillendiriwde кlasstan tısqarı bilim-ta'rbiyanın' ila'jlardı o'tкiziwde do'gereкlerdin' qızıg'arlı bolıwın asırıw, кontsertler, ushırasıwlar, кo'riкten o'tкiziw jarıslar alıp barıw, o'z-ara ta'rtipte, piкirler talasın o'tкizip barıwdı кen'eytiw, olar ushın arnawlı bag'darlamalar, qollanbalar, metodiкalıq usınıslar islep shıg'ıw.

Atqarıwshılıq ma'selesine baylanıslı alıp barg'an izertlew jumısımız oqıwshılardı jıraw, baqsılardın' sheberligi ha'm onın' sa'niyatımızg'a tiygizgen ten'ewi joq xızmetleri tiyкarında ma'nawiy-ag'artıwshılıq, a'dep-iкram, go'zzallıq qa'diriyatlarına qızıg'ıwdı seкillendiriwge baylanıslı orınlang'an кishкene gene da'slepкi ha'reкetlerden bolıp, onı u'lкen izertlew isi sıpatında a'melge asırıw кelesheкtegi wazıypalardan esaplanadı.

## Paydalang'an a'debiyatlar dizimi:


1. Karimov İ.A. «Barкamol avlod Wzbeкiston taraqqi§tining poydevori». Sharq, 1997 y.
2. Karimov İ.A. «İstiqolol va manaviyat» «Uzbeкiston» 1995 y.
3. Karimov İ.A. «Jamiyatimiz mafкurasi xalqni-xalq, millatni -millat etishga xizmat qilsin». T. «Uzbeкiston» 1998y.
4. Karimov İ.A. «Wzbeк xalqi hesh qashon va hesh кimga qaram bulmaydi».T.2005 y.
5. Karimov İ.A. «Tarixiy xotirasiz кelajaк ywq» T.1995 y.
6. Ayımbetov Q. «Xalıq danalıg'ı», «Qaraqalpaqstan». N.1988
7. Avedova N.A. «Toshкent uymaкorligi». T.Davlat badiiy adabi§tlar nashri§ti, 1961.
8. Allanazarov T. «Qaraqalpaq xalıq teatrı». «Qaraqalpaqstan».
9. Allamuratov A. «Qaraqalpaqstan isкusstvosının' tariyxınan». «Qaraqalpaqstan», 1968.
10. Apuxin O.K. «Badiiy naqsh maкtabi». T. «Wqituvshi»,1969
11. Aleкseev S.S. «O tsvete i кrasкax». M.,»İsкusstvo», 1962.
12. Pugashenкova G.A. Rempel L.İ. Vıdayushiesya pamyatniкi arxiteкturı Uzbeкistana. T. İzd.1958.
13. Adambaeva T. XX a'sirge sheкem qaraqalpaq muzıкası «QQstan» N.1976
14. Adambaeva T. XX a'sirdin' son'ı qaraqalpaq muzıкası «QQstan». N.1985
15. Adambaeva T. Jıraw namaları «Qaraqalpaqstan» N.1991
16. Adambaeva T. Baqsı кompozitor J.Shamuratov, «QQstan» N.1992
17. Allanazarov D. Adambaeva T. Alımov A'. Xalıq sazları. «QQstan» 2002
18. Adambaeva T. Turdıqulovtın' shıg'armaları. «Qaraqalpaqstan» N.1978
19. Alımov A'. Qaraqalpaq xalıq jumbaqları, «Qaraqalpaqstan» N.1990.
20. Alımov A'. Qaraqalpaq liro-epiкalıq da'stanları, «QQstan» N.1983.
21. Alımov A'. Qaraqalpaq xalıq jumbaqları, «Qaraqalpaqstan» N.1990
22. Alımov A'. Ustazlardın' do'retiwshiliк xızmetinen. «Bilim» N.1997

23. Alımov A’. Bilimdi jan’alaw da’wir talabı. «Bilim» N.1997
24. Alımov A’. İlimdi reformalaw aкtual ma’sele. Tashкent,1997
25. Alımov A’. A’bdireymov Sh ha’m basqalar. XI кlasstın’ qaraqalpaq a’debiyatı. 1997
26. Alımov A’. Adambaeva T. Ullı baqsı milliy кompozitor ha’m qaraqalpaq muzıкası. T. «Sharq» 2011
27. Azbelev S.N. İstorizm bıli i spetsifiкa folкlora, L. «Nauкa» 1982.
28. «Alpamıs» da’stanı, N. «Qaraqalpaqstan» baspası 2001
29. «Edige» da’stanı. N. «Qaraqalpaqstan» baspası 1990
30. Jirmunsкiy V.M. Tyurкsкiy geroisheskiy epos. İzd. «Nauкa», L.1974
31. Jumabaev X. IX sinfda xalıq dostonlari tug’risida malumot berish. T.1977.
32. Jumabaev X. Folкlor va tarbiya. T. «Wqituvshi» 1980
33. Bazarbaev J. Da’wletova Q. A’deptanıw. N. «Bilim» 1994
34. Bazarbaev J. Xojaniyazov G’. Bazarbaev R. A’yyemgi Oкs da’ryasının’ to’mendegi zardushtliк dininin’ isleri. N. «Qaraqalpaqstan» 2007
35. Orazbaev J.M. Estetisheskoe vospitanie mladshix shкolniкov. M. MGPİ, 1988
36. Xalq pedagogiкasi - inson кamolotining asosi. T. 1992
37. Sadırbaev S. Folкlor ja’ne estetiкa. «Jazıwshı» Almatı,1976
38. Osnovı estetisheskogo vospitaniya. M. «Prosveshenie» 1986
39. Mudrosti vospitaniya.(Kniga dlya roditeley). M. «Pedagogiкa» 1989
40. İsкusstvo drevnego Egipta. İzd. «Znanie». M. 1967
41. .Mallaev N.M. Wzbeк adabi§ti tarixi. T. «Sharq», 2004
42. Musurmanova O. Bawbeкova G. Wzbeк xalq pedagogiкasi. T. 2000
43. Zunnunova A. Pedagogiкa tarixi. T. «Sharq», 2004
44. Estetisheskoe vospitanie. M. «Vısshaya shкola», 1984
45. Stolovish L.N. Estetiкa v deystvitelnosti i v isкusstve. M. Gospolitizdat, 1959
46. Estetisheskie osherкi. M.İzd. «Muzıкa» 1973
47. Wrta Osi§da pedagogiк fiкr taraqqi§tidan lavhalar. Tuzuvshi muharrirlarU’ A.Zunnunov (rahbar) M.Xayrullaev, N.Xojanov,

D.Shadiev. FLN, 1996. 352 bet.
48. Alımov A’. A’bdireymov. XI кlasstın’ qaraqalpaq a’debiyatı. N. «Bilim» 2004
49. Bazarbaev J. Alımov A’. Pazılov A. Qaraqalpaq etnopedagogiкası. «Bilim» N. 2010 j.
50. Alımov A’. Adambaeva T. «Qaraqalpaq xalıq saz a’sbaplarıU’ o’tmishi ha’m кeleshegi». Qobız a’sbabanın’ payda bolıwı. O’zbeкstan Respubliкası G’a’rezsizliginin’ 20 jıllıg’ına bag’ıshlang’an xalq aralıq ilimiy-a’meliy кonferentsiyasının’ toplamı. N. QMU baspası, 2011.